देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

रवि

23 अगस्त, 2026

पटना

साओन, शुक्ल पक्ष, एकादशी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 341 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00


विशाल बुद्धिक कार्य-प्रणाली सेहो विशाल होइत अछि।

-आचार्य रामचंद्र शुक्ल

## लज्जित भेल मानवता!

# डीएमसीएच मे रोगी कें घिसिया कए वार्ड लए गेल गार्ड

- तीन दिन सं इलाजक प्रतीक्षा मे छल युवक, अधीक्षक कहलनि-घिसियाबैबला पर होयत कारबाइ

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा मेडिकल कॉलेज एंड हॉस्पिटल यानी डीएमसीएचक इमरजेंसी विभाग मे शुक्रदिन एकटा लावारिस रोगी कें इलाज लेल लए जायबाक समय फर्श पर घिसियेबाक वीडियो सामने आएल अछि। गंभीर अवस्था मे इलाज लेल आनल गेल एहि रोगी कें ट्रॉली सं लए जायबाक बदला एकटा सुरक्षाकर्मी फर्श पर घिसियाबैत एक स्थान सं दोसर स्थान धरि लए गेल। एहि मामिलाक वीडियो शनि कें सोशल मीडिया पर वायरल भेल। *समदिया मिथिला* एहि वायरल वीडियोक पुष्टि नहि करैत अछि।

प्रत्यक्षदर्शीक अनुसार, रोगी कें ऑर्थोपेडिक इमरजेंसी सं ट्रायज एरिया दिस लए जायबाक लेल कहल गेल छल। मुदा ओकरा ओतय पहुंचाबय लेल ट्रॉली मंगेबाक बदला एकटा सुरक्षाकर्मी रोगीक हाथ पकड़ि फर्श पर घिसियाबैत ट्रायज एरिया धरि लए गेल। कहल जाइत अछि जे इमरजेंसी विभाग मे कतेको ट्रॉली उपलब्ध छल, तैयो रोगीक लेल ट्रॉलीक उपयोग नहि कएल गेल। घटनास्थल पर उपस्थित रोगी आ हुनकर परिजन ई दृश्य देखि स्तब्ध रहि गेलाह। अस्पताल मे इलाज लेल अबैत रोगी कें नीक आ सम्मानजनक स्वास्थ्य सुविधा देबाक दावा कएल जाइत अछि, मुदा एहि घटना सं



अस्पतालक व्यवस्थाक वास्तविक स्थिति पर सवाल ठाढ़ भए गेल अछि।

### तीन दिन सं इमरजेंसी मे पड़ल छल रोगी

जानकारीक अनुसार, उक्त युवक कें करीब तीन दिन पहिने पुलिस द्वारा डीएमसीएच केर इमरजेंसी विभाग मे आनल गेल छल। युवक अपन घर झंझारपुर बतौने अछि। मुदा ओ अपना सं जुड़ल आओर जानकारी देबाक स्थिति मे नहि अछि। कहल जाइत अछि जे तीन दिन सं अस्पताल परिसर मे रहबाक बादो ओकरा विधिवत भर्ती नहि कएल गेल छल। स्थानीय लोक आ ओतय उपस्थित किछु रोगीक परिजनक अनुसार, पांच-पांच टाकाक पर्ची कटा कए ओकर इलाज कराओल गेल। एहि घटना पर रोगीक परिजन सवाल उठौलनि जे तीन दिन सं अस्पताल मे उपस्थित एहि युवकक नियमित देखभाल आ इलाजक जिम्मेदारी केकर छल आ एतेक समय धरि ओकरा भर्ती किएक नहि कएल गेल।

### रोगी संग एहन व्यवहार उचित नहि : अधीक्षक

मामिला मे डीएमसीएच केर अधीक्षक डॉ. जगदीश चंद्रा कहलनि जे इमरजेंसी विभाग मे रोगीक सुविधा लेल हेल्थ मैनेजरक तैनाती कएल गेल अछि। रोगी कें एक स्थान सं दोसर स्थान धरि लए जायबाक लेल पर्याप्त ट्रॉलीक व्यवस्था अछि। एहन परिस्थिति मे रोगी संग एहि तरहक व्यवहार उचित नहि अछि। ओ कहलनि जे हेल्थ मैनेजर कें रोगी कें तत्काल भर्ती करबाक आ ओकर समुचित इलाज सुनिश्चित करबाक निर्देश देल जा रहल अछि।

# 8.7 करोड़ युवा लग ने पढ़ाइ ने नोकरी : नीति आयोग

## नीति आयोगक सुझाव : स्थानीय मांगक लेल एहन युवा सभ लेल चलाओल जाय प्रशिक्षण कार्यक्रम

**नई दिल्ली, एजेंसी**

नीति आयोगक नव रिपोर्ट मे भारतक युवाक स्थिति सं जुड़ल चिंताजनक तथ्य सामने आएल अछि। रिपोर्टक अनुसार, देश मे 15 सं 29 वर्षक आयुवर्गक करीब 8.7 करोड़ युवा ने पढ़ाई करैत छथि, ने कोनो नौकरी मे छथि आ ने कोनो प्रकारक प्रशिक्षण लए रहल छथि। एहन युवा कें नीट (नॉट ए एडुकेशन, इम्पलॉयमेंट एंड ट्रेनिंग) श्रेणी मे राखल गेल अछि।



नीति आयोग युवा कें स्वरोजगार सं जोड़बाक संग स्थानीय मांगक अनुरूप प्रशिक्षण कार्यक्रम चलेबाक आवश्यकता पर जोर देने अछि। आयोग स्पष्ट केने अछि जे ई आंकड़ा 2021 मे कराओल गेल राष्ट्रीय नमूना सर्वेक्षण (एनएसएस) केर तथ्य पर आधारित अछि। कौशल विकास योजनाक प्रभाव बेसी सं बेसी सुनिश्चित करबाक लेल नीति आयोग भारतक कार्यबल आ शिक्षार्थी सभ कें पांच प्रमुख श्रेणी मे बांटि कए अध्ययन केने अछि। एहि मे स्कूली शिक्षा, उच्च शिक्षा, औपचारिक आ अनौपचारिक कार्य, नीट श्रेणीक युवा, महिला तथा कमाइ संग पढ़ाई करयबला लोक शामिल छथि।

रिपोर्ट मे कहल गेल अछि जे नीट श्रेणी मे पड़ल युवा आमतौर पर आयक कमी आ पहिने भेल शिक्षा पर खर्चक आर्थिक बोझ सं दबाव मे रहैत छथि। एहि कारण छात्र सभ अपन वर्तमान आर्थिक स्थिति मे महग कौशल प्रशिक्षण पाठ्यक्रमक खर्च उठेबाक स्थिति मे नहि रहैत छथि। नीति आयोगक अनुसार, कमजोर आर्थिक स्थिति बला नीट युवा आ महिला कें किफायती अथवा अनुदानित प्रशिक्षणक संग वित्तीय सहायता सेहो उपलब्ध करेनाइ आवश्यक अछि। रिपोर्ट मे सभ श्रेणीक लोक लेल सीखबाक संग कमेबाक अवसर उपलब्ध करेनाइ अत्यंत महत्वपूर्ण आवश्यकता बताओल गेल अछि।

### डिग्रीक बादो रोजगारक संकट

रिपोर्ट मे भारत मे स्नातक युवाक रोजगार स्थिति पर सेहो चिंता व्यक्त कएल गेल अछि। आयोगक अनुसार, मात्र 8.25 प्रतिशत स्नातक अपन शैक्षणिक योग्यता अनुरूप नौकरी करैत छथि। कम आयबला परिवारक छात्र पहिनहि कॉलेज शुल्क आ ट्यूशनक खर्च सं परेशान रहैत छथि। एहन स्थिति मे पारंपरिक डिग्रीक संग अलग सं शुल्क दए कौशल विकास प्रशिक्षण लेब हुनका लेल आर्थिक रूप सं कठिन भए जाइत अछि।

एहि कारण कतेको स्नातक युवा पढ़ाई पूरा केलाक बाद परिवार कें आर्थिक सहयोग देबाक लेल कम वेतनबला नोकरी सेहो स्वीकार करय लेल बाध्य भए जाइत छथि। किछु युवा रोजगार प्राप्त करबाक लेल लगातार संघर्ष करैत छथि आ अंततः नीट श्रेणी मे शामिल भए जाइत छथि।

### विकसित भारत 2047 केर लक्ष्य

नीति आयोगक कहब अछि जे ह्यविकसित भारत 2047ह्व केर लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल देशक नागरिक कें निरंतर सीखबाक, कमाइबाक आ आगू बढ़बाक योग्य बनौनाइ आवश्यक अछि। एहि दिशा मे कौशल विकासक भूमिका अत्यंत महत्वपूर्ण अछि।

### एक नजरि

#### मंत्री नीतीश मिश्र सं भिड़लाह पटनाक किसान



**पटना :** प्रस्तावित पाटलिपुत्र टाउनशिप योजना कें लए कए शनिदिन ऊर्जा भवन मे आयोजित बैठक मे किसान सभ हंगामा कएलनि। पुनपुन, फतुहा सहित विभिन्न क्षेत्र सं आएल किसान सभ योजनाक विरोध करैत एकरा वापस लेबाक मांग कएलनि। किसान सभ मंच पर चढ़ि नगर विकास एवं आवास मंत्री नीतीश मिश्रक समक्ष नारेबाजी सेहो कएलनि। किसानक कहब छल जे हुनका सभ सं विचार-विमर्श नहि कएल जा रहल अछि आ जमीन गेला सं आजीविका पर संकट पड़त। किसान सभ 25 अगस्त कें मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक आवास धरि मार्च निकालबाक घोषणा कएलनि। मंत्री कहलनि जे किसानक इच्छाक विरुद्ध जमीन नहि लेल जाएत आ सभक आपत्ति सुनल जाएत।

# छठियार कार्यक्रम मे घुसल बेकाबू बस, 5 गोटेक मृत्यु

## दुर्घटना मे आधा दर्जन सं बेसी लोक घायल भेल

**बेतिया, समदिया**

बेतिया जिलाक लौरिया थाना क्षेत्र सं एकटा हृदयविदारक सड़क दुर्घटनाक खबरि सामने आयल अछि। बेतिया-लौरिया मुख्य मार्ग पर पराउ टोला बनकटवा लग देर राति भीषण दुर्घटना भेल। हाई स्पीड बस आ ट्रकक बीच टक्कर सं बचबाक प्रयास मे बस अनियंत्रित भए सड़कक कात चलि रहल आर्केस्ट्रा कार्यक्रम मे घुसि गेल। दुर्घटना मे पांच लोकक घटनास्थले पर मृत्यु भए गेल। दुर्घटना मे आधा दर्जन सं बेसी लोक घायल भेल छथि। सभ सं पीड़ादायक बात ई अछि जे मृतक मे देवेंद्र दुबे सेहो शामिल छथि, जिनकर बच्चाक छठियारक कार्यक्रम चलि रहल छल। दुर्घटनाक बाद घटनास्थल पर अफरा-तफरी मचि गेल आ स्थानीय लोक मे भारी आक्रोश पसरि गेल।



### छठियारक खुशी शोक मे बदलल

लौरिया थाना क्षेत्रक बनकटवा निवासी शत्रुघ्न दुबेक घर मे बच्चाक छठियारक कार्यक्रम चलि रहल छल। एहि अवसर पर सड़कक कात आर्केस्ट्राक आयोजन कएल गेल छल, जतय पैघ संख्या मे लोक उपस्थित छलाह। जानकारीक अनुसार, गोरखपुर दिस सं एकटा यात्री बस बगहा-लौरिया मुख्य मार्ग होइत बेतिया दिस आबि रहल छल। दोसर दिस बेतिया दिस सं एकटा तेज रफ्तार ट्रक आबि रहल छल। पराउ टोला बनकटवा लग दुनू वाहन एक-दोसर सं बचबाक प्रयास मे अनियंत्रित भए गेल। एहि क्रम मे बस सड़कक कात चलि रहल आर्केस्ट्रा कार्यक्रम मे घुसि गेल। बसक चपेट मे आबि कतेको लोक घायल भए गेलाह।

### छठियारक दिन पिताक मृत्यु

मृतक बहादुर महतोक भाइ आ प्रत्यक्षदर्शी जयप्रकाश महतो कहलनि जे बसक चपेट मे आबि पांच लोकक घटनास्थले पर मृत्यु भए गेल, जखन कि आधा दर्जन सं बेसी लोक घायल छथि। मृतक सभक पहिचान लौरिया थाना क्षेत्रक बनकटवा निवासी बहादुर महतो, संजय कुमार, भोला दुबे, देवेंद्र दुबे आ छांगुर रामक रूप मे भेल अछि। सभ सं दुखद बात ई अछि जे मृतक मे देवेंद्र दुबे सेहो छथि, जिनकर बच्चाक छठियारक कार्यक्रमक अवसर परे ई दुर्घटना भेल।

### दुर्घटनाक बाद लोक मे आक्रोश

दुर्घटनाक बाद स्थानीय लोकक आक्रोश भड़कि उठल। लोक बस आ ट्रक मे तोड़फोड़ शुरू कए देलनि। स्थिति कें देखैत नरकटियागंजक एसडीपीओ जयप्रकाश सिंह तुरंत घटनास्थल पर पहुंचलाह आ लोक कें समझा-बुझा कए शांत करौलनि। एसडीपीओ कहलनि जे पुलिस सभ मृतकक शव कें कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल बेतिया जीएमसीएच पठा देने अछि।

### नीतीश केलनि ई-रिक्शाक सवारी



पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार शनि कें नालंदा जिलाक हरनौत प्रखंडक सिरसी गाम पहुंचलाह। एतय ओ जदयूक दिवंगत नेता अनिल कुमार कें श्रद्धांजलि देलनि। सड़क छोट हेबाक कारणें हुनका लगभग 400 मीटरक यात्रा ई–रिक्शा सं करय पड़लनि।






# काशी आ पटनाक सभ घाट डूबल, बनारस मे छत पर भए रहल अंतिम संस्कार

## पटनाक दियारा क्षेत्र भेल जलमग्न, मकइ आ तरकारीक फसिल भेल बर्बाद

- गंडकक कटावक कारणें बगहा शहर पर मंडरा रहल अछि खतरा
- मुंगेर मे चंडिका स्थानक गर्भगृह धरि पहुंचल गंगाक पानि

**पटना, समदिया**

लगातार भए रहल बरखा सं गंगा, गंडक सहित विभिन्न नदी खतरा निशान सं ऊपर बहि रहल अछि। वाराणसीक सभ 84 घाट जलमग्न भए गेल अछि। मणिकर्णिका घाट पर छत पर अंतिम संस्कार कएल जा रहल अछि,



जखन कि दशाश्वमेध घाट पर गंगाक आरती सेहो छत पर कराओल जा रहल अछि। वाराणसी मे गंगाक जलस्तर लगातार बढ़ि रहल अछि। शनिदिन नदीक पानि 68.74 मीटर धरि पहुंचि गेल। केंद्रीय जल आयोगक अनुसार जलस्तर प्रति घंटा 20 मिलीमीटरक रफ्तार सं बढ़ि रहल अछि। खतरा रेखा 71.26 मीटर अछि।

पटना मे सेहो गंगाक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। महावीर घाट लग उफनैत गंगाक पानि सड़क पर आबि गेल अछि। पछिला 24 घंटाक आंकड़ाक अनुसार गांधी घाट पर गंगाक जलस्तर खतरा रेखा सं 20 सेंटीमीटर ऊपर अछि। मुंगेर मे गंगाक पानि चंडिका स्थानक गर्भगृह धरि पहुंचि गेल अछि। शक्तिपीठ जलमग्न भए गेल अछि। बक्सर मे गंगा चेतावनी स्तरक लग पहुंचि गेल अछि आ घाट-विवाह मंडप डूबि गेल अछि। खगड़िया मे गंगाक बढ़ैत जलस्तर सं परबत्ता प्रखंडक तेमथा करारी पंचायत मे बाढ़िक पानि प्रवेश कए गेल अछि। डांड़ धरि पानिक बीच बच्चा सभ माथ पर बस्ता राखि विद्यालय जाय लेल विवश छथि। मौसिम विभाग शनिदिन 28 जिला मे वर्षाक लेल चेतावनी जारी केने अछि।

### पटना मे पीएचडी धारक सभ केलनि प्रदर्शन, बैरिकेड पर चढ़ि कए लगेलनि नारा

**पटना :** 19 दिन सं आमरण अनशन कए रहल पीएचडी धारक सभ शनिदिन लोकभवन मार्च लेल निकललाह। वीर कुंवर सिंह पार्क लग आर ब्लॉक चौराहा पर प्रदर्शनकारी जुटि सरकारक विरुद्ध नारेबाजी कएलनि। प्रशासन प्रदर्शनकारी कें रोकबाक लेल भारी संख्या मे पुलिस तैनात कएलक आ दू-स्तरीय बैरिकेडिंग कएल गेल। प्रदर्शनकारी बैरिकेड पर चढ़ि गेलाह आ ओकरा तोड़ि आगू बढ़बाक प्रयास कएलनि, जाहि सं तनावक स्थिति उत्पन्न भए गेल। प्रदर्शनकारी प्रोफेसरक नियुक्ति मे यूजीसीक नियम लागू करबाक, आयु सीमा मे वृद्धि आ नव नियमक विरोध कए रहल छथि। 19 दिन सं अनशनरत कुमुद पटेल व्हीलचेयर पर प्रदर्शन मे पहुंचलाह आ कहलनि जे सरकार चाहैत अछि।

# पटना यूनिवर्सिटी मे पेपर लीकक विरुद्ध एआईएसएफक प्रदर्शन

## पीजी फीस बढ़ेबाक, एमएफएक पढ़ाइ शुरू नहि होयबाक विरोध

**पटना, समदिया**

पटना यूनिवर्सिटी मे एलएलबी प्रवेश परीक्षा मे पेपर लीक, पीजी फीस मे व्यापक बढ़ोतरी आ एखन धरि एमएफएक पढ़ाइ शुरू नहि होबाक विरोध मे छात्र सड़क पर उतरि गेलाह।

एकर विरोध मे ऑल इंडिया स्टूडेंट्स फेडरेशन (एआईएसएफ) प्रतिरोध मार्च निकाललक। छात्र दरभंगा हाउस सं मार्च निकालैत पटना यूनिवर्सिटी पहुंचलाह। एहि दौरान पीयू वीसी मुदार्बाद, पीयू वीसी शर्म करु जेहन नारा लगाओल गेल।

### पीयू वीसी कार्यालयक बाहर बैसि कए प्रदर्शन

सभ छात्र वीसी कार्यालयक बाहर बैसि कए प्रदर्शन कए रहल छथि। एखन चेंबर मे वीसी मौजूद नहि छथि। एहि कारण छात्र हुनका घटनास्थल पर बजएबाक मांग



कए रहल छथि। कार्यालय दिसक दरवाजा बंद कए देल गेल अछि, जाहि सं छात्र आरो आक्रोशित भए गेलाह। 20 दिन पहिने पटना यूनिवर्सिटीक तीन वर्षीय एलएलबी प्रवेश परीक्षाक दौरान शनिदिन प्रश्नपत्र लीक होबाक सूचना सं हड़कंप मचि गेल छल। परीक्षा भोर 10:30 बजे शुरू भेल छल। करीब 12 बजे सोशल मीडिया पर प्रश्नपत्र वायरल होबाक खबरि पसरल छल।

जानकारीक अनुसार, पटना कॉलेज परीक्षा केंद्र पर एकटा छात्र मोबाइल फोन लए परीक्षा कक्ष मे पहुंचल छल आ ओ प्रश्नपत्रक तस्वीर खींचि कए बाहर पठा देने छल। मुदा सभ परीक्षा केंद्र पर पहिने सं जैमर लगाओल गेल छल। एहि कारण वायरल प्रश्नपत्रक कोनो लाभ नहि भेटि सकल आ बाहर सं उत्तर परीक्षा कक्ष धरि नहि पहुंचि सकल।

# अपराध नियंत्रण लेल शहर मे बनत 25 नव टीओपी

## 68 पुलिस अधिकारी आ 128 जवान संभारता मोर्चा

**पटना, समदिया**

विधि-व्यवस्था कें मजबूत करबाक आ आपराधिक घटना पर तुरत कारबाइ लेल पुलिस प्रशासन पैघ खाका तैयार केने अछि। केंद्रीय एसपी ममता कल्याणी शहरक प्रमुख थाना क्षेत्र मे 25 नव टाउन आउट पोस्ट (टीओपी) खोलबाक प्रस्ताव पुलिस मुख्यालय कें पठौने छथि। मुख्यालय दिस सं अनुमति भेटिते एहि सभ संवेदनशील आ प्रमुख स्थान पर पुलिस अधिकारी आ जवानक नियमित तैनाती कएल जाएत। एहि माध्यम सं गश्ती व्यवस्था मजबूत करबाक संगहि आपात स्थिति मे पुलिसक त्वरित प्रतिक्रिया व्यवस्था कें जमीन पर उतारल जाएत। सभ 25 टीओपीक 24 घंटा संचालन आ प्रभावी गश्ती लेल 68 पुलिस अधिकारी, जाहि मे एसआई आ एएसआई शामिल छथि, तैनात करबाक प्रस्ताव अछि। एकरा संगहि 128 सं बेसी सशस्त्र जवान आ सिपाही सेहो तैनात रहताह। नव टीओपी शुरू भेला सं कोनो आपात स्थिति मे पुलिसक



प्रतिक्रिया समय घटत आ स्थानीय स्तर पर विवाद आ अपराध पर तुरत नियंत्रण पाओल जा सकत। पुलिस प्रशासनक माननाइ अछि जे प्रमुख आ संवेदनशील स्थान पर पुलिसक मौजूदगी बढ़ला सं अपराध नियंत्रण मे सहायता भेटत आ आम लोक मे सुरक्षाक भावना मजबूत होयत।

शहरक भीड़भाड़ बला आ सुरक्षाक दृष्टि सं संवेदनशील क्षेत्र कें ध्यान मे राखि थाना अनुसार नव टीओपी प्रस्तावित कएल गेल अछि। कदमकुआं थाना क्षेत्र मे बाकरगंज, दिनकर गोलंबर आ राजेंद्र नगर मे टीओपी बनएबाक प्रस्ताव अछि। पीरबहोर आ गांधी मैदान थाना क्षेत्र मे गोविंद मित्र रोड आ सालिमपुर अहरा मे नव टीओपी बनत। शास्त्रीनगर आ एसकेपुरी थाना क्षेत्र मे शिवपुरी, एजी कॉलोनी आ एएन कॉलेज मे टीओपी प्रस्तावित अछि।

कोतवाली आ बुद्धा कॉलोनी थाना क्षेत्र मे कमला नेहरू नगर, श्रीकृष्णानगर आ चीना कोठी मे नव टीओपी खोलल जाएत। दीघा थाना क्षेत्र मे जेपी सेतु, अटल पथक नीचां आ रूपसपुर नहर लग टीओपी बनएबाक प्रस्ताव अछि। पाटलिपुत्र आ राजीवनगर थाना क्षेत्र मे इंद्रपुरी आ मजिस्ट्रेट कॉलोनी मे टीओपी प्रस्तावित कएल गेल अछि।

# बिहार रेजीमेंट केंद्र मे शहीद कें देल गेल श्रद्धांजलि

## 120 इन्फेंट्री बटालियनक 77म स्थापना दिवस, नीक काज लेल भेटल सम्मान



**पटना, समदिया**

दानापुर स्थित बिहार रेजीमेंट केंद्र मे शनिदिन 120 इन्फेंट्री बटालियन (टीए)क 77म स्थापना दिवस मनाओल गेल। एहि अवसर पर देशक सेवा मे शहीद भेल बटालियनक वीर जवान कें श्रद्धांजलि देल गेल। एहि दौरान देशभक्तिक धुन गूंजैत रहल। 120 इन्फेंट्री बटालियन (टीए)क स्थापना 22 अगस्त 1949 कें कटक मे कर्नल जेआर शाहक कमान मे भेल छल। स्थापनाक बाद सं बटालियन युद्ध आ शांतिकाल मे देशक सुरक्षा आ सेवा मे योगदान दैत आएल अछि। नीक काज लेल बटालियन कें चीफ ऑफ आर्मी स्टाफ दिस सं प्रशंसा पत्र आ ओडिशा सरकार दिस सं कोणार्क चक्र सहित कतेको सम्मान भेटि चुकल अछि।

### सैन्य अधिकारी आ जवान उपस्थित छलाह

स्थापना दिवसक अवसर पर वीर स्मृति स्थल पर विशेष श्रद्धांजलि समारोह आयोजित कएल गेल। बिहार रेजीमेंट केंद्रक समादेष्टा ब्रिगेडियर राकेश कुमार बोरा कर्नल ऑफ बिहार रेजीमेंटक दिस सं शहीद सैनिक कें श्रद्धांजलि देलनि। समारोह मे मेजर जयवीर यादव, सूबेदार मेजर (मानद लेफ्टिनेंट) प्रकाश चंद्र अरिसल सहित कतेको सैन्य अधिकारी आ जवान उपस्थित छलाह।

सभ वीर शहीद कें नमन कए हुनक बलिदान कें याद कएलनि। एहि दौरान सेना बैंड वंदे मातरम आ रेजीमेंटल गीतक प्रस्तुति देलक।

# दानापुर मे गंगा खतरा निशान सं 5 इंच ऊपर, दियाराक दर्जनो गाम जलमग्न

## स्कूल बंद आ आवागमन बाधित, मकई-तरकारीक फसिल डूबल

**पटना, समदिया**

गंगा नदीक लगातार बढ़ैत जलस्तर दानापुरक दियारा क्षेत्रक लोकक कठिनाइ बढ़ा देने अछि। पछिला 24 घंटा सं नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भए रहल अछि। शनि दिन दानापुर मे गंगाक पानि खतरा चिन्ह सं करीब 5 इंच ऊपर पहुंचि गेल। एकर बाद दियारा क्षेत्रक नीचला आ तटवर्ती इलाका मे बाढ़िक पानि पसरए लागल अछि।गंगहरा, हेतनपुर, पतलापुर, कासीमचक, पुरानी पानापुर, मानस आ अकिलपुर पंचायतक दर्जनो गाम बाढ़िक चपेट मे अछि। कतेको घर मे पानि घुसि गेल अछि। खेत मे पानि भरला सं सैकड़ो बीघा मे लागल मकई आ हरियर तरकारी फसल डूबि गेल अछि। फसल बर्बाद होबाक आशंका सं किसान परेशान छथि।

### सड़क पर 2 आ खेत मे 3 फुट धरि पानि

ग्रामीणक अनुसार, कतेको इलाका मे सड़क पर डेढ़ सं 2 फुट आ खेत मे 2 सं 3 फुट धरि पानि जमा भए गेल अछि। पानिक



कारण गाम सभक संपर्क प्रभावित होमय लागल अछि। कतेको परिवार पानि सं घेरल होबाक कारण सुरक्षित स्थान पर नहि जा पा रहल छथि। किछु परिवार कें घरक आसपास मचान बना कए राति बिताबए पड़ि रहल अछि।

### आधा दर्जन स्कूल मे घुसल बाढ़िक पानि

बाढ़िक असर दियारा क्षेत्रक शैक्षणिक व्यवस्था पर सेहो पड़ल अछि। करीब आधा दर्जन स्कूल मे बाढ़िक पानि घुसि गेल अछि। एहि कारण पढ़ाइ-लिखाइ प्रभावित भए गेल अछि। सड़क पर पानि भरलाक कारण शिक्षक सभ कें सेहो स्कूल पहुंचबा मे परेशानी भए रहल अछि। शिक्षक सभ समस्या कें लए प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी कें लिखित आवेदन देबाक बात कहलनि अछि।

### ग्रामीण कहलनि- एखन धरि राहति-बचाव शुरू नहि भेल

बाढ़ि प्रभावित ग्रामीणक कहनाइ अछि जे पानि लगातार बढ़ि रहल अछि, मुदा एखन धरि प्रशासन दिस सं राहति आ बचावक काज शुरू नहि कएल गेल अछि। पूर्व जिला पार्षद ओम प्रकाश यादव आ जेडीयू नेता संजय सिंह मुख्यमंत्री, आपदा प्रबंधन मंत्री आ संबंधित अधिकारी सं दियारा क्षेत्र मे तत्काल राहति आ बचाव काज शुरू करएबाक मांग कएलनि अछि।

### इलाहाबाद, बनारस आ बक्सर मे सेहो बढ़ि रहल जलस्तर

बाढ़ि नियंत्रण केंद्रक अनुसार, शनिदिन भोर देवनानाला मे गंगाक जलस्तर 167.20 फुट दर्ज कएल गेल। कनीय अभियंता कहलनि जे गंगाक जलस्तर मे धीरे-धीरे वृद्धि जारी अछि।

इलाहाबाद, बनारस आ बक्सर मे सेहो गंगाक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। एहन स्थिति मे दानापुर मे आबै बला समय मे पानि आरो बढ़बाक आशंका अछि। इंद्रपुरी मे सोन नदीक जलस्तर फिलहाल स्थिर बताओल गेल अछि।

### प्रशासन कहलक- तैयारी जारी नावक आदेश नहि भेटल

दानापुरक सीओ कहलनि, संभावित बाढ़िक स्थिति कें देखैत प्रशासन दिस सं तैयारी कएल जा रहल अछि। प्रशासन पूरा तरहे सजग अछि।

मुदा जिला प्रशासन दिस सं एखन धरि सरकारी स्तर पर नाव परिचालनक आदेश प्राप्त नहि भेल अछि।

# 2030 धरि बिहार मे 13 एयरपोर्टक लक्ष्य बीरपुर सं सोनपुर धरि बदलत हवाई संपर्क

## सरकार पहिल चरण मे 6 एयरपोर्ट विकसित करबा दिस काज कए रहल अछि

**पटना, समदिया**

सड़क संपर्कक बाद आब बिहारक छोट शहर सभ कें हवाई सेवा सं जोड़बाक तैयारी तेज भए गेल अछि। राज्य सरकारक योजनाक अनुसार वर्ष 2030 धरि बिहार मे 13 एयरपोर्ट कें कार्यशील करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। केंद्र सरकारक उड़ान योजना आ एयरपोर्ट अथॉरिटी ऑफ इंडियाक सहयोग सं एहि हवाई अड्डा सभ कें विकसित कएल जाएत। नेपाल आ चीन सीमाक लग हवाई सुविधा विकसित करबाक दिस सरकारक विशेष ध्यान अछि।

एहि एयरपोर्ट सभक संचालन शुरू भेलाक बाद दिल्ली, मुंबई, कोलकाता सहित देशक प्रमुख महानगर लेल छोट शहर सं सीधा विमान सेवा भेटबाक उम्मीद अछि। एकरा संगहि पटना आ दरभंगा एयरपोर्ट पर यात्रिक दबाव सेहो कम होयत। फिलहाल बिहार मे पटना, गया, दरभंगा आ पूर्णिया सं हवाई सेवा उपलब्ध अछि।



सरकार पहिल चरण मे 6 एयरपोर्ट विकसित करबाक दिस काज कए रहल अछि। एकर बाद गोपालगंज, किशनगंज आ सोनपुर मे एयरपोर्ट विकसित करबाक योजना अछि। बिहार सरकार आ एयरपोर्ट अथॉरिटी ऑफ इंडियाक बीच 2025 मे राज्यक विभिन्न हिस्सा मे हवाई संपर्क बढ़एबाक लेल समझौता भेल छल।

उड़ान योजनाक अंतर्गत बीरपुर, सहरसा, मुंगेर, वाल्मीकिनगर आ मुजफ्फरपुर मे एयरपोर्ट तथा मधुबनी मे हेलीपोर्ट विकसित करबाक योजना अछि।

सुपौल जिलाक बीरपुर एयरपोर्टक विकास लेल 83.83 एकड़ अतिरिक्त जमीन अधिग्रहण कएल जाएत। नेपाल सीमा सं मात्र 5 किलोमीटर दूर होबाक कारण ई एयरपोर्ट रणनीतिक रूप सं सेहो महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। करीब 64.80 करोड़ रुपैयाक लागत सं एयरपोर्ट कें विकसित करबाक योजना अछि। वर्तमान मे एतय रनवे करीब 1200 मीटर लंबा अछि, जे बढ़ा कए 3000 मीटर कएल जाएत। एकरा सं पैघ विमानक संचालनक संभावना बढ़त। एयरपोर्टक रणनीतिक महत्व कें देखैत एतय लड़ाकू विमानक संचालनक क्षमता विकसित करबाक योजना सेहो बताओल गेल अछि।

सहरसा एयरपोर्ट कें करीब 35.14 करोड़ रुपैयाक लागत सं विकसित करबाक योजना अछि। एतय नव टर्मिनल भवन बनाओल जाएत। वर्तमान हवाई पट्टी करीब 1 किलोमीटर लंबा अछि आ एतय छोट विमानक संचालनक योजना अछि। एयरपोर्ट विकसित भेला सं कोसी क्षेत्रक लोक लेल दिल्ली, कोलकाता आ मुंबई जेहन महानगरक यात्रा आसान होबाक उम्मीद अछि।

मुंगेरक सफियाबादक लग ग्रीनफील्ड एयरपोर्ट विकसित करबाक योजना अछि। एहि लेल 1720.11 एकड़ जमीनक अधिग्रहण कएल जाएत। जमीन अधिग्रहण पर करीब 773.46 करोड़ रुपैया खर्च होबाक अनुमान अछि। वर्तमान मे एतय हवाई पट्टी करीब 758 मीटर लंबा अछि। एकरा 70 मीटर चौड़ा आ 1200 मीटर लंबा विकसित कएल जाएत। शुरूआत मे एतय 19 सीट बला विमानक संचालनक योजना अछि। नेपाल सीमाक लग वाल्मीकिनगर मे करीब 36.64 करोड़ रुपैयाक लागत सं एयरपोर्ट विकसित कएल जाएत। एकर संचालन शुरू भेला सं वाल्मीकिनगर टाइगर रिजर्व आबए बला पर्यटक कें पैघ सुविधा भेटबाक उम्मीद अछि। एकरा सं पश्चिमी चंपारण मे पर्यटन गतिविधि कें सेहो बढ़ावा भेटि सकैत अछि। मधुबनी मे एयरपोर्टक बदला हेलीपोर्ट विकसित कएल जाएत। एकरा सं क्षेत्र मे हवाई संपर्कक एकटा नव विकल्प उपलब्ध होयत।

मुजफ्फरपुरक पताही स्थित पुरान एयरपोर्ट कें सेहो विकसित कएल जाएत। पहिल चरण मे करीब 23.47 करोड़ रुपैयाक लागत सं टर्मिनल भवन, एयर ट्रैफिक कंट्रोल यानी एटीसी आ फायर स्टेशनक निर्माण कराओल जाएत।

# पटना मे 3 साल सं एके डेस्क पर जमल नगर निकाय कर्मीक होयत बदली

**पटना, समदिया**

नगर निकाय मे दीर्घ समय सं एके डेस्क अथवा प्रभार संभारि रहल कर्मी सभ पर आब स्थानांतरणक कारबाइ होयत। बिहार सरकारक नगर विकास एवं आवास विभाग नगर निगम, नगर परिषद आ नगर पंचायत मे 3 वर्ष सं बेसी समय सं एके काज अथवा प्रभार मे कार्यरत कर्मी सभक दायित्व मे बदलाव करबाक निर्देश देलक अछि। नगर विकास एवं आवास विभागक विशेष सचिव शाहिद परवेज बिहार नगरपालिका अधिनियम, 2007क धारा 67 अंतर्गत सभ नगर निगमक नगर आयुक्त तथा नगर परिषद आ नगर पंचायतक कार्यपालक पदाधिकारी कें ई निर्देश जारी कएलनि। विभाग कहलनि अछि जे दीर्घ समय सं एके प्रकारक काज करैत रहल कर्मीक काज मे आवर्तन जरूरी अछि, जाहि सं प्रशासनिक व्यवस्था मे निष्पक्षता, पारदर्शिता आ जवाबदेही बनल रहय।

विभागीय पत्र मे कहल गेल अछि जे कोनो कर्मचारीक दीर्घ समय धरि एके डेस्क अथवा सेवाकाल मे एके प्रकारक काज मे बनल रहनाइ प्रशासनिक दृष्टि सं उचित नहि अछि। विभाग एकरा भ्रष्टाचारक प्रमुख कारण मे सं एक बनबाक आशंका सेहो व्यक्त कएलक अछि। एहि कारण कर्मीक काज आ प्रभार मे बदलाव कें सुशासन लेल जरूरी बताओल गेल अछि। निर्देशक अनुसार नगर निकाय मे 3 वर्ष सं बेसी समय सं एके डेस्क अथवा प्रभार पर कार्यरत कर्मीक पहचान कए हुनकर आवर्तन कएल जाएत। संबंधित कर्मी सभ कें दोसर काज अथवा प्रभार मे स्थानांतरित करबाक कारबाइ करबाक कहल गेल अछि। नगर विकास एवं आवास विभाग सभ नगर निकाय कें कारबाइ पूरा कए एक सप्ताहक भीतर विभाग कें रिपोर्ट उपलब्ध करएबाक निर्देश देलक अछि। आदेश जारी भेलाक बाद नगर निगम, नगर परिषद आ नगर पंचायत मे दीर्घ समय सं एके डेस्क अथवा प्रभार संभारि रहल कर्मी सभक बीच हलचल बढ़ि गेल अछि।

# प्रीपेड उपभोक्ता लेल किस्त मे भुगतानक समय सीमा तय

**पटना।** पोस्टपेड सं प्रीपेड मीटर मे जाए बला उपभोक्ता सभ कें बकाया बिजली बिल किस्त मे चुकएबाक अवसर भेटत। बिहार राज्य विद्युत विनियामक आयोग बकाया बिजली बिल कें किस्त मे चुकएबाक लेल समयसीमा तय कए देलक अछि। 10 हजार रुपैया धरि बकाया चुकएबाक लेल 12 मासक विकल्प भेटत। 10 हजार सं बेसी मुदा 15 हजार सं कम बकाया रहला पर 18 मासक समय भेटत। 15 हजार सं बेसी बकाया रहला पर 24 मासक किस्त मे भुगतान करए पड़त। आयोगक अध्यक्ष अमीर भोरानी, कानूनी सदस्य पीएस यादव आ तकनीकी सदस्य मनोज कुमारक पीठ साउथ आ नॉर्थ बिहार पावर डिस्ट्रीब्यूशन कंपनीक याचिका पर ई फैसला सुनौलनि। ई फैसला तत्काल प्रभाव सं पूरा राज्य मे लागू कएल गेल अछि। आयोग पावर डिस्ट्रीब्यूशन कंपनी सभ कें तत्काल एकर अनुपालन करबाक निर्देश देलक अछि। आयोग कहलक अछि जे नव व्यवस्था कें बिलिंग आ स्मार्ट प्रीपेड मीटर प्रणालीक संग तत्काल जोड़ल जाए। एकरा संगहि पूरा प्रक्रिया पारदर्शी राखल जाए, जाहि सं उपभोक्ता कें बकाया वसूलीक पूरा जानकारी भेटि सकय आ ओ अपन स्तर पर एकर सत्यापन कए सकथि।

# झंझारपुरक मे एनएच-27 कात नगर परिषद क्षेत्र मे बनत आधुनिक बस पड़ाव

**स्थानीय व्यवसायी आ सैकड़ो युवाक लेल रोजगारक नव अवसर खुजत**

» बस पड़ाव मे दोकान, होटल आ अन्य व्यावसायिकगतिविधि खुजत

झंझारपुर, समदिया






झंझारपुर नगरवासी लेल एकटा पैघ आ हर्षक समाचार अछि। दीर्घ समय सं झंझारपुर मे बस पड़ावबनेबाक जे मांग छल, आब ओ सपना शीघ्र साकार होबय जा रहल अछि। झंझारपुरक विधायक सह नगरविकास आ आवास विभागक मंत्री नीतीश मिश्रक प्रयास सं झंझारपुर नगर परिषद कें एकटा भव्य आ आधुनिक बस पड़ावक सौगात भेटय जा रहल अछि। जानकारीक अनुसार, ई आधुनिक बस पड़ाव राष्ट्रीय राजमार्ग (एनएच-27) कात नगर परिषदक क्षेत्र मे बनेबाक प्रस्ताव अछि। एनएच कात निर्माण होयबाक कारण ई बस पड़ाव यात्रिक लेल बेसी उपयोगी आ सुविधाजनक होयत। नगर विकास आ आवास विभागकदिस सं बनाबय जाए रहल ई बस पड़ाव झंझारपुरक रूप-रेखा कें बदलि देत। कहल जा रहल अछि जे एहि लेल भूमि अधिग्रहणक काज शीघ्र शुरू होयबाक अछि, जाहि सं एहि महत्वपूर्ण परियोजनाक काज कें गति भेटत। एनएच-27 सं सीधा जुड़ाव रहबाक कारण दूर-दराजक बस सभक आवागमन मे सुविधा होयत आ नगर मे जामक समस्या सं सेहो निजात भेटत। ई बस पड़ाव मात्र बस ठहरबाक स्थान नहि, बल्किझंझारपुरक विकासक नव केंद्र बनत। परियोजना शुरू भेलाक बाद झंझारपुर मे विकासक संग रोजगारक नव अवसर सेहो पैदा होयत। एनएच कात बस पड़ाव बनला सं यात्रिक कें नीक, सुरक्षित आ सुविधाजनक यातायातक सुविधा भेटत। दरभंगा, मधुबनी, पटना आ सीतामढ़ी दिस जाएबला यात्रिक कें आब नगरक भीतर जाम मे फंसबाक समस्या नहि रहत। बस पड़ावक आसपास दोकान, होटल, भोजनालय आ अन्यव्यावसायिक गतिविधि बढ़त, जाहि सं स्थानीय व्यवसायी सभ कें प्रत्यक्ष लाभ भेटत। निर्माण काज सं लए कए बस पड़ावक संचालन धरि सैकड़ो युवाक लेल प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष रोजगारक नव अवसर खुलत। स्थानीय लोकनि नगर विकास मंत्री नीतीश मिश्रक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे हुनकर प्रयास सं झंझारपुर कें एक-एक कए विकासक पैघ परियोजना भेटि रहल अछि। एनएच-27 कात बस पड़ावक निर्माण सं झंझारपुर अनुमंडल मात्र नहि, बल्कि संपूर्ण क्षेत्रक विकास कें गति भेटत। ई बस पड़ाव मिथिला क्षेत्र लेल एकटा आदर्श बस पड़ावक रूप मे विकसित भए सकैत अछि।

# केंद्रीय विद्यालय लेल जिलाधिकारी कें सौंपल गेल ज्ञापन




मधुबनी, समदिया

लदनियां प्रखंडक लोकनि परसाही गाम मे केंद्रीय विद्यालय लेल प्रस्तावित जमीन पर विद्यालय खोलबाक मांग केने छथि। सभ शर्त पूरा करयबला आ अनापत्ति प्रमाण-पत्र प्राप्त जमीन पर लोकहित मे विद्यालय खोलबाक मांग कें लए कए जिलाधिकारी कें ज्ञापन सौंपल गेल अछि। ज्ञापन मे कहल गेल अछि जे प्रशासन द्वारा अंचलाधिकारीक अनापत्ति प्रतिवेदन कें ई कहैत खारिज कए देल गेल जे परसाही गामक प्रस्तावित भूखंड वन विभागक अछि। मुदा सूचना अधिकारक माध्यम सं प्राप्त जानकारीकअनुसार उक्त जमीन वन विभागक नहि अछि। परसाही गामक प्रस्तावित भूखंड केंद्रीय विद्यालय संगठन द्वारा निर्धारित मापदंडक अनुरूप अछि। ज्ञापन देनिहार लोकनिक कहब अछि जे राजनीतिक कारण सं प्रस्तावित केंद्रीय विद्यालय कें परसाहीक बदला झंझारपुर अनुमंडल मे स्थानांतरित कए देल गेल अछि।लदनियांक लोकनि प्रशासनक एहि कारबाइ कें पक्षपातपूर्ण बतौने छथि। ओ लोकनि कहलनि जे परसाही मेकेंद्रीय विद्यालयक स्थापना भेला सं सभ समाजक लोक मे शिक्षाक प्रति रुचि बढ़त। लोक मे शिक्षा आ अपन अधिकारक प्रति जागरूकता सेहो आबत। ज्ञापन सौंपनिहार लोकनि मे सुभाष राय, मनोज वर्मा, प्रमोद कुमार यादव, सुशील सिंह, दिलीप कुमार, रामकुमार ठाकुर, सिद्धिनाथ सिंह, रंजीत यादव, राहुल राय, विलक्षण सिंह सहित अन्य लोक शामिल छलाह।

# बेंगलुरु मे सांसद देशक नामी सूचना प्रौद्योगिकी उद्यमी सभक संग कएलनि बैसार

**दरभंगा मे नव उद्यम शुरू करबाक देलनि आमंत्रण**

दरभंगा, समदिया




दरभंगा मे सूचना प्रौद्योगिकी क्षेत्रक विस्तारक माध्यम सं स्थानीय युवाक लेल तकनीक, रोजगार आ नव उद्यमक अवसर बढ़ेबाक दिशा मे ठोस पहल कएल जा रहल अछि। दरभंगा मे दस करोड़ टाकाक लागत सं सूचना प्रौद्योगिकी पार्कक निर्माण एकर स्पष्ट उदाहरण अछि। देशक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक डिजिटल इंडिया, स्टार्टअप इंडिया आ मेक इन इंडिया जकां दूरदर्शी सोच सं मिथिलाक युवाक कें जोड़बाक लेलस्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर शनिदिन बेंगलुरु स्थित सॉफ्टवेयर टेक्नोलॉजी पार्क्स ऑफ इंडियाक कार्यालय मे देशक नामी सूचना प्रौद्योगिकी आ नवाचार क्षेत्र सं जुड़ल उद्यमी आ प्रतिनिधि सभक संग महत्वपूर्ण बैसार कएलनि। सूचना प्रौद्योगिकी कंपनी आ नवाचार आधारित उद्यम कें दरभंगा एसटीपीआई सं जोड़बाक, ओतय अपन शाखा अथवा कार्यालय स्थापितकरबाक तथा मिथिलाक युवाक लेल रोजगार आ तकनीकी अवसर सृजित करबाक उद्देश्य सं आयोजितएहि बैसार मे एसटीपीआई बेंगलुरुक निदेशक महादेश वी, वैज्ञानिक-एफ त्रिवेणी एन.डी., अपर निदेशक अमित अरोड़ा, उपनिदेशक कुप्पुराज तथा एसटीपीआई दरभंगाक तकनीकी अधिकारी गौतम कुमारउपस्थित छलाह। बैसार मे सांसद डॉ. ठाकुर बेंगलुरु सं आएल सभ उद्यमी कें दरभंगा मे नव उद्यम शुरू करबाक आ अपन कंपनीक शाखा स्थापित करबाक लेल आमंत्रित कएलनि। ओ कहलनि जे बेंगलुरुकतकनीकी क्षमता दरभंगा सहित मिथिला क्षेत्रक युवाक लेल रोजगारक नव अवसर सृजन करबाक दिशा मेवरदान साबित भए सकैत अछि। सांसद डॉ. ठाकुर सूचना प्रौद्योगिकी उद्यमी सभक संग एहि विषय परचर्चा करैत कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक दूरदर्शी नेतृत्व मे भारत आइ विश्वक अग्रणी अर्थव्यवस्था सभ मे अपन मजबूत पहचान बना रहल अछि। डिजिटल इंडिया, स्टार्टअप इंडिया आ मेक इन इंडिया जकां दूरदर्शी पहल देशक युवा आ उद्यमी सभ कें नव अवसर उपलब्ध करौने अछि। ओ कहलनि जे बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे बिहार सरकार राज्य मे उद्योग, निवेश, रोजगार आ तकनीकी विकास लेल निरंतर काज कए रहल अछि। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे दरभंगा सेहो सूचना प्रौद्योगिकी आ नवउद्यमक क्षेत्र मे नव पहचान बनेबाक दिशा मे आगू बढ़ि रहल अछि। सूचना प्रौद्योगिकी कंपनी सभक संग कएल गेल ई बैसार दूरगामी आ प्रभावकारी परिणाम देबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल साबित होयत।

# नव निर्मित कला मंचक मंत्री आ विधान पार्षद कएलनि उद्घाटन

जयनगर, समदिया



जयनगर अनुमंडल मुख्यालय स्थित प्लस टू उच्च विद्यालयक खेल मैदान परिसर मे मुख्यमंत्री क्षेत्र विकास योजनाक अंतर्गत नव निर्मित कला मंचक उद्घाटन आ पुस्तकालय भवन निर्माण लेल शिलान्यास समारोह आयोजित कएल गेल। बिहार सरकारक श्रम संसाधन एवं प्रवासी कल्याण तथा युवारोजगार कौशल विकास मंत्री अरुण शंकर प्रसाद आ दरभंगा स्नातक क्षेत्रक विधान पार्षद सर्वेश कुमार जनप्रतिनिधि, अतिथि आ कार्यकर्ता सभक संग संयुक्त रूप सं फीता काटि कला मंचक उद्घाटन आ पुस्तकालय भवन निर्माण कार्यक शिलान्यास कएलनि। समारोह मे मंत्री अरुण शंकर प्रसाद, विधान पार्षदसर्वेश कुमार सहित अन्य अतिथि आ जनप्रतिनिधि सभक स्वागत करैत हुनका सभ कें सम्मानित कएल गेल। एहि अवसर पर आयोजित समारोह कें संबोधित करैत मंत्री आ विधान पार्षद कहलनि जे क्षेत्र मे कतेको विकास कार्य पूरा कएल जा चुकल अछि आ कतेको विकास योजना पर काज जारी अछि। ओ कहलनि जे क्षेत्रक विकासक गति आगू सेहो निरंतर जारी रहत। कार्यक्रमक बाद मंत्री अरुण शंकर प्रसादजयनगर शहरी क्षेत्र स्थित बिलट मंडल पोखर मे चलि रहल सौंदर्यीकरण आ निर्माण कार्यक निरीक्षणकए जायजा लेलनि। तकर बाद ओ नव निर्मित नागा बाबा महावीर मंदिर मे दर्शन-पूजन कए आमलोकक सुख, समृद्धि आ खुशहालीक कामना कएलनि। मंत्री बाजार भ्रमणक क्रम मे आम लोक सं भेंट कए हुनका सभक समस्या सेहो सुनलनि। तकर बाद निरीक्षण भवन मे कार्यकर्ता आ आम लोक सं भेंट कएलनि। लोक सभ अपन-अपन समस्या सं मंत्री कें अवगत करौलनि, जाहि पर ओ समस्या सभकसमाधान आ हरसंभव सहयोगक आश्वासन देलनि। ओतहि विधान पार्षद सर्वेश कुमार आर्यकुमार पुस्तकालयक निरीक्षण कए ओतुक्का व्यवस्था सभक जायजा लेलनि। ओ पुस्तकालयक टोलीक संग बैसार कए पुस्तकालयक विकास आ आवश्यक कार्य कें आगू बढ़ेबाक आश्वासन देलनि।

# हाई कोर्टक आदेशक बाद खेसरा 84 सं अतिक्रमण हटेबाक नगर आयुक्त सं मांग

मधुबनी, समदिया

नगर निगममधुबनी क्षेत्रक वार्ड संख्या 23/24 मे मोमिन टोल, मदरसा चौक सं तिलक चौक (जिला केंद्रीय पुस्तकालय) धरि सार्वजनिक सड़कक खेसरा संख्या 84 पर कएल गेल अतिक्रमण हटेबाक लेलदायर जनहित याचिका मे पैघ मोड़ आयल अछि। एहि मामिलाक आवेदक सूचना अधिकार कार्यकर्ता सहसामाजिक कार्यकर्ता वीरेंद्र कुमार निधि पटना उच्च न्यायालयक 14 अगस्त 2026क आदेश (नागरिक पुनर्विचारसंख्या300/2025)क
अनुपालन मे 20 अगस्त 2026 कें नगर आयुक्तक समक्ष समुचित अभ्यावेदन प्रस्तुत केने छथि। बताबी जे एहि मामिला मे पहिने सीडब्ल्यूजेसी संख्या 14350/2025 मे 1 नवंबर 2025 कें न्यायालय आवेदक कें बिहार सार्वजनिक भूमि अतिक्रमण अधिनियम, 1956क अंतर्गत सक्षम प्राधिकारीक समक्ष जाएबाक निर्देश देने छल। आवेदक नागरिक पुनर्विचार संख्या 300/2025 दायर कए कहलनि जे संबंधित भूमि नगर निगम क्षेत्र मे अछि आ बिहार नगरपालिका अधिनियम, 2007क संशोधित धारा 435 (2021क संशोधन)क अंतर्गत अतिक्रमण हटेबाक अधिकार नगर आयुक्तक अछि। एहि पर कार्यवाहक मुख्य न्यायाधीश सुधीर सिंह आ न्यायमूर्ति राजेश कुमार वर्माक खंडपीठ 14 अगस्त 2026 कें अपन आदेश मे संशोधन करैत कहलनि जे आवेदक नगर आयुक्तक समक्ष अभ्यावेदन देथि आ नगर आयुक्त बिहार नगरपालिका अधिनियमक धारा 435 सहित लागू प्रावधानक अंतर्गत विधि-सम्मत कारबाइकरथि। न्यायालय स्पष्ट कएलक जे अतिक्रमणक गुण-दोष पर कोनो राय नहि देल गेल अछि आ सक्षमनगर प्राधिकारी स्वतंत्र रूप सं निर्णय लेथि। आवेदक सूचना अधिकार कार्यकर्ता सह सामाजिक कार्यकर्ता वीरेंद्र कुमार निधि अपन अभ्यावेदन मे कहलनि जे नगर विकास विभागक पत्रांक 05/1633, दिनांक 8 अप्रैल 2021 मे पहिनहि स्पष्ट कएल गेल अछि जे नगर क्षेत्रक भूमि सं अतिक्रमण हटेबाक दायित्व नगर निकायक अछि। आवेदकक कहब अछि जे आब संशोधित धारा 435, विभागीय पत्र दिनांक 8 अप्रैल 2021 आ उच्चन्यायालयक 14 अगस्त 2026कआदेशक आलोक मे मामिला कें अन्य कोनो अधिकारीक लग पठेबाक आधार नहि बचल अछि। अतिक्रमणहटेबाक दायित्व नगर आयुक्तक अछि।

# पड़वा बेल्ही मे बासभूमि, श्मशानघाट, सामूहिक शौचालय आ खेल मैदानक उठल मांग

**महादलित परिवारक बैसार आयोजित, भाकपा-माले घेरा डालू, डेरा डालू आंदोलनक चेतावनी**

जयनगर, समदिया



भूमि अधिकार अभियानक अंतर्गत जयनगर प्रखंडक पड़वा बेल्ही पंचायत अंतर्गत रमणा-लिखियाही स्थित मुसहर टोल, आमक बगइचा मे महादलित परिवारक बैसार बिनिता देवी सदायक अध्यक्षता मे आयोजित भेल। बैसार मे मुसहर आ मोची समुदायक दर्जनों परिवार अपन बाल-बच्चा सभक संग शामिल भेलाह। बैसार मे बासभूमि उपलब्ध कराबय, सामूहिक शौचालय आ श्मशानघाटक निर्माण कराबय तथा बच्चा आ नवयुवक लेल खेल मैदान उपलब्ध कराबयक मांग प्रमुखता सं उठाओल गेल। एहि मांग सभ कें लए कए भाकपा-मालेक नेतृत्व मे चरणबद्ध आंदोलन चलाबयक निर्णय लेल गेल। बैसार कें संबोधित करैत भाकपा- माले जयनगरक प्रखंड सचिव भूषण सिंह कहलनि जे आजादीक कतेको दशक बीति गेलाक बादो महादलित परिवार बुनियादी सुविधा आ सम्मानजनक जीवन जीबाक अधिकार सं वंचित छथि। मुसहर आमोची समुदायक कतेको परिवारक लग रहबाक लेल अपन बासभूमि तक नहि अछि। शौचालय, शवक आखरी संस्कार लेल श्मशानघाट तथा बच्चा आ युवा सभ लेल खेल मैदान जकां आवश्यक सुविधा सेहोउपलब्ध नहि अछि। ओ कहलनि जे बासभूमिक अभाव मे गरीब परिवार कें भारी कठिनाइक सामना करय पड़ि रहल अछि। कतेको परिवार खुले मे शौच करय लेल विवश छथि, जाहि कारण आसपासक भूस्वामी सभक संग आए दिन विवादक स्थिति उत्पन्न होइत रहैत अछि। तहिना कोनो परिवार मे मृत्यु भेलाक बाद शवक आखरी संस्कार लेल उपयुक्त आ निर्धारित स्थान नहि रहबाक कारण सेहो परेशानी आ विवादक सामना करय पड़ैत अछि। ई स्थिति गरीब आ महादलित परिवार लेल अत्यंत पीड़ादायक आ अपमानजनक अछि। भूषण सिंह कहलनि जे अभियान बसेरा योजनाक अंतर्गत दर्जनों महादलित परिवारबासभूमि लेल सहयोग पोर्टल पर आवेदन देने छथि, मुदा एखन धरि हुनका सभ कें बासभूमि उपलब्ध नहिकराओल गेल अछि। जयनगरक अंचलाधिकारीक उदासीनताक कारण गरीब आ भूमिहीन परिवार मे भारी आक्रोश अछि। प्रशासन कें एहि आवेदन सभ पर तत्काल कारबाइ करैत पात्र परिवार कें बासभूमि उपलब्ध कराबयक प्रक्रिया पूरा करबाक चाही। ओ कहलनि जे बासभूमि, सामूहिक शौचालय, श्मशानघाट आ खेल मैदान सहित सभ मांग कें लए कए संघर्ष कें तेज कएल जाएत। जं एहि मांग सभक शीघ्र समाधान नहि कएल गेल तं महादलित भूमिहीन परिवारक संग भाकपा-माले जयनगर अंचल कार्यालयक समक्ष अनिश्चितकालीन घेरा डालू, डेरा डालू आंदोलन शुरू करय लेल बाध्य होयत।

# संत शिरोमणि श्री गुरु रविदास जीक 650म जयंती पर कलश वितरण समारोह आयोजित

झंझारपुर, समदिया

जिला भाजपा कार्यालय, झंझारपुर मे शनिदिन संत शिरोमणि श्री गुरु रविदास जी महाराजक 650मजयंतीक अवसर पर भव्य कलश वितरण समारोह आयोजित कएल गेल। एहि अवसर पर पूर्व विधानपार्षद विनोद कुमार सिंह उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक शुरुआत संत रविदास जीक चित्र पर माल्यार्पण आ पुष्प अर्पित कए कएल गेल। समारोह मे पूर्व विधान पार्षद विनोद कुमार सिंह कें भाजपा जिलाध्यक्ष बच्चाबाबू कामत मिथिलाक परंपराक अनुसार पाग आ शॉल पहिरा कए सम्मानित कएलनि। ओतहि कार्यक्रम मे उपस्थित सभ भाजपा कार्यकर्ता आ नेता सभ कें सेहो गमछा दए सम्मानित कएलनि। एहि अवसर पर अपन संबोधन मे पूर्व विधान पार्षद विनोद कुमार सिंह संत शिरोमणि गुरु रविदास जी महाराजक जीवन पर विस्तार सं प्रकाश देलनि आ हुनकर व्यक्तित्व आ कृतित्व पर चर्चा कएलनि। ओ कहलनि जे संत शिरोमणि गुरु रविदास जी महाराज जात-पात, ऊंच-नीच आ भेदभाव सं ऊपर उठि समाज कें समता, समानता आ मानवताक संदेश देलनि। ओ कहलनि जे संत रविदास जी कहलनि- मन चंगा तं कठौती मेगंगा। अर्थात जं मन पवित्र अछि तं सभ ठाम तीर्थ अछि। हुनकर संपूर्ण जीवन गरीब, वंचित आ शोषितवर्गक उत्थान लेल समर्पित रहल। विनोद कुमार सिंह कहलनि जे संत रविदास जीक विचार आइयो प्रासंगिक अछि। केंद्रक मोदी सरकार आ प्रदेशक एनडीए सरकार हुनका द्वारा देखाओल मार्ग पर चलैतसमाजक आखरी पांति मे ठाढ़ व्यक्ति सभक उत्थान लेल काज कए रहल अछि। संत रविदास जीक जयंती पर हुनकर गाम सं आनल गेल पवित्र माटिक कलश घर-घर धरि पहुंचेनाइ हमरा सभ लेलसौभाग्यक बात अछि। कार्यक्रम मे कार्यकर्ता सभक बीच श्रद्धा भाव सं कलश वितरण कएल गेल। एहि अवसर पर उक्त नेतासभक अतिरिक्त भाजपा नेता रामसुंदर यादव, नंदकुमार महतो, दीपक कुमार झा, विजय शंकर प्रसाद, रसिकलाल चौपाल, राजेश प्रसाद, कामनी पोद्दार, संदीप दास, राजा बाबू, पंकज चौधरी, दिनेश गुप्ता, आशीष सिंह, जयशंकर यादव, नर्मदेश्वर पासवान, हरगोविंद सिंह, बजरंगी दास, प्रदीप ठाकुर, संजय कुमार राय, कौशल कुमार, कृष्ण कुमार सिंह यादव सहित पैघ संख्या मे भाजपा कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# 25 अगस्त कें जिलाक 54 शैक्षणिक संस्थान मे आयोजित होयत पहिल विद्यार्थी सहयोग शिविर

मधुबनी, समदिया

राज्य सरकारक निर्देश अनुसार विद्यार्थी सभक शैक्षणिक समस्या आ शिकायतक प्रभावी समाधान तथाशिक्षा व्यवस्थाक सुधार संबंधी सुझाव प्राप्त करबाक उद्देश्य सं मधुबनी जिला मे पहिल विद्यार्थी सहयोग शिविरक आयोजन 25 अगस्त 2026 कें कएल जाएत। जिलाक विभिन्न प्रखंड मे स्थित कुल 54सरकारी शैक्षणिक संस्थान आ छात्रावास मे आयोजित होमयवला एहि शिविरक सभ आवश्यक तैयारी पूरा कएल जा रहल अछि। विद्यार्थी सभक हित मे राज्य सरकार द्वारा कएल गेल एहि महत्वपूर्ण पहल अंतर्गत प्रत्येक मासक चतुर्थ मंगलदिन विद्यार्थी सहयोग शिविर आयोजित कएल जाएत। जं चतुर्थ मंगलदिन अवकाश रहत तं शिविरक आयोजन अगिला कार्य दिवस मे कएल जाएत। सात निश्चय-3अंतर्गत सभक सम्मान, जीवन आसानक लक्ष्य कें ध्यान मे रखैत ई पहल विद्यार्थी सभक समस्या कएशीघ्र आ प्रभावी ढंग सं समाधान करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि। विद्यार्थी सहयोग शिविरकमाध्यम सं विद्यार्थी अपन शैक्षणिक समस्या आ शिकायत दर्ज करा सकताह। एहि मे समय पर कक्षासंचालन नहि होनाइ, शिक्षकक समय पर कक्षा मे नहि पहुंचनाइ अथवा अनुपस्थित रहनाइ, समय परपरीक्षा आयोजित नहि होनाइ, परीक्षाफलक समय पर प्रकाशन नहि होनाइ, अनधिकृत शुल्कक वसूली, बिजली, बैसबाक व्यवस्था, प्रयोगशाला, पेयजल, शौचालय, साफ-सफाई, कोचिंग सं संबंधित समस्या सहित अन्य प्रकारक शिकायत शामिल भए सकैत अछि। एकर अतिरिक्त विद्यार्थी शिक्षा व्यवस्थाक सुधार लेलअपन महत्वपूर्ण सुझाव सेहो दए सकताह। विद्यार्थी सभ अपन शिकायत आ सुझाव विद्यार्थी सहयोगपोर्टलक माध्यम सं सेहो दर्ज करा सकताह। संबंधित शैक्षणिक संस्थान आ छात्रावासक वास्तविक विद्यार्थी सभ कें मात्र एहि पोर्टल पर निबंधन करबाक अनुमति रहत। जिला मे आयोजित होमयवला पहिल विद्यार्थी सहयोग शिविरक संचालन 25 अगस्त 2026 कें पूर्वाह्न 10:30 बजे सं कएल जाएत। शिविरक सफल संचालन आ निगरानी लेल प्रत्येक केंद्र पर एक प्रशासनिक पदाधिकारी आ एक पुलिस पदाधिकारीक प्रतिनियुक्ति कएल गेल अछि। संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देल गेल अछि जे शिविरक समय पर संचालन सुनिश्चित करबाक संग प्राप्त सभ परिवाद कें ओही दिन विद्यार्थी सहयोग शिविर पोर्टल पर अपलोड कराबथि। जिला शिक्षा पदाधिकारी, मधुबनी कें प्रशासी विभागक जिला स्तरीय पदाधिकारीक रूप मे नामित कएल गेल अछि। ओ संपूर्ण जिला मे आयोजितहोमयवला विद्यार्थी सहयोग शिविरक निरीक्षण आ निगरानी सुनिश्चित करताह तथा शिविर आयोजनक दिन सांझ मे समेकित प्रतिवेदन प्रशासी विभाग कें उपलब्ध कराओत।

# शनिदिन अर्द्धदिवसीय विद्यालय रहबाक कारण बच्चा रचनात्मक गतिविधि मे लेलनि भाग

बिस्फी, समदिया




बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक सरकारी विद्यालय सभ मे शनिदिन अर्द्धदिवसीय विद्यालयक संचालन कएल गेल।शनिदिन पूर्ण रूप सं बस्ता-विहीन दिवस रहल। बच्चा सभ बिना बस्ता आ किताबक विद्यालय पहुंचलाहआ पूरा उत्साहक संग खेलकूद, गीत-संगीत, नृत्य, नुक्कड़ नाटक सहित विभिन्न रचनात्मक गतिविधि मे भाग लेलनि। विद्यालय मे पढ़ाइक पारंपरिक वातावरण सं अलग बच्चा सभ कें सीखबाक आ अपन प्रतिभा देखेबाक अवसर भेटि रहल अछि। शनिदिन विद्यालय सभ मे सुरक्षित शनि, बाल संसद, मीना मंच आ इको क्लबक गतिविधिक संग परियोजना कार्यक प्रस्तुतीकरण सेहो कएल गेल। बच्चा सभ समूह मेविभिन्न गतिविधि मे भाग लेलनि। एहि सं विद्यालय परिसर मे दिन भरि उत्साह आ उमंगक वातावरणबनल रहल। बच्चा सभ खेलकूद आ सांस्कृतिक गतिविधिक माध्यम सं मनोरंजनक संग-संग कतेकोउपयोगी बात सेहो सीखलनि। एहि क्रम मे प्रखंड क्षेत्रक मध्य विद्यालय परसौनी मे बस्ता-विहीन दिवसकें लए कए बच्चा सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। कतेको बच्चा बिना बस्ता आ किताबक विद्यालय पहुंचल छलाह। बच्चा सभ एहि दिन कें पढ़ाइक अनुभवक एकटा नव रूपक रूप मे लेलनि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक राजेश कुमार झा कहलनि जे एहि तरहक गतिविधि सं बच्चा सभ मे विषय कें बुझबाक संग अपन बात रखबाक आत्मविश्वास सेहो विकसित होइत अछि।

# अंतिम सोमवारी कें बाबा मटेश्वर धाम मे कड़गर रहत सुरक्षा व्यवस्था : एसपी

सिमरी बख्तियारपुर, सहरसा, समदिया

## एसपी-डीडीसी मंदिर परिसरक केलनि निरीक्षण



» अधिकारी सभ कें समय पर ड्यूटी पर पहुंचबाक निर्देश

साओनक अंतिम सोमवारी कें बाबा मटेश्वर धाम मे श्रद्धालुक संभावित भारी भीड़ कें देखैत जिला आ स्थानीय प्रशासन तैयारी तेज कए देने अछि। श्रद्धालुक भीड़ नियंत्रित करबाक, सुरक्षा व्यवस्था कायमरखबाक आ सुचारु रूप सं पूजा-अर्चना कराबय लेल प्रशासन पूर्ण रूप सं सतर्क अछि। एहि क्रम मेशनिदिन सांझ एसपी विक्रम सिहाग आ डीडीसी गौरव कुमार बाबा मटेश्वर धाम पहुंचि तैयारी आ सुरक्षा व्यवस्थाक जायजा लेलनि। मंदिर परिसर पहुंचलाक बाद अधिकारी सभ विभिन्न विभागक पदाधिकारी, प्रशासनिक अधिकारी आ न्यास समितिक सदस्य सभक संग बैसार कएलनि। बैसार मे अंतिम सोमवारी कें उमड़यवला संभावित भीड़, श्रद्धालुक आवाजाही, पुलिस बलक तैनाती, यातायात व्यवस्था, बैरिकेडिंग, प्रकाश व्यवस्था आ अन्य आवश्यक सुविधा पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। एसपी विक्रम सिहाग सभपदाधिकारी आ पुलिसकर्मी कें अंतिम सोमवारीक दिन निर्धारित ड्यूटी स्थल पर समय सं पहुंचि तैनातरहबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे भीड़ कें देखैत सुरक्षा व्यवस्था मे कोनो प्रकारक लापरवाही नहिहोबाक चाही। सभ अधिकारी आपसी समन्वय बनौने काज करथि आ कोनो स्थिति सं निपटबाक लेलतैयार रहथि। ओ श्रद्धालुक सुविधा आ सुरक्षा कें प्रशासनक प्राथमिकता बतौलनि। बैठकक दौरान न्यास समितिक उपाध्यक्ष मुन्ना भगत मंदिर परिसर आ मेला क्षेत्र सं जुड़ल विभिन्न समस्या सं एसपी कें अवगत करौलनि। एसपी संबंधित अधिकारी सभ कें समस्या सभक शीघ्र समाधान करबाक निर्देश देलनि। बैठकक बाद एसपी, डीडीसी, न्यास समितिक अध्यक्ष सह एसडीएम आलोक राय सहित अन्य अधिकारी सभ मंदिर परिसरक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान प्रवेश-निकास मार्ग, बैरिकेडिंग, प्रकाश व्यवस्था सहितअन्य व्यवस्था सभक जानकारी लेल गेल आ आवश्यक सुधारक निर्देश देल गेल। प्रशासन स्पष्ट कएलकजे श्रद्धालु सभ कें सुरक्षित आ सुविधाजनक ढंग सं दर्शन कराबय लेल सभ आवश्यक व्यवस्था समय पर पूरा कएल जाएत।

# मुरारी प्रसाद गुप्ताक निधन पर शोकसभा

सहरसा, समदिया



राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघक पुरान जनसंघ कालक स्वयंसेवक आ पटना सचिवालयक परिवहन विभाग सं सेवानिवृत्त समाजसेवी स्व. मुरारी प्रसाद गुप्ताक निधन पर शनिदिन डॉ. राजकिशोर प्रसाद गुप्ताक आवास पर रौनियार समाजक दिस सं शोकसभा आयोजित कएल गेल। अध्यक्षता डॉ. राजकिशोर प्रसादगुप्ता कएलनि, जखन कि संचालन सुरेंद्र कुमार उर्फ राजा कएलनि। वक्ता सभ स्व. मुरारी बाबूक व्यक्तित्व आ सामाजिक योगदान कें स्मरण करैत कहलनि जे ओ हंसमुख, मिलनसार आ सरल स्वभावक व्यक्ति छलाह। सेवानिवृत्तिक बाद सं ओ सामाजिक कार्य मे सदैव सक्रिय रहलाह। सादगीपूर्ण जीवन जीबयवला स्व. गुप्ताक समाजक प्रति योगदान सदिखन स्मरणीय रहत। शोकसभा मे बजरंग गुप्ता, राजकुमार गुप्ता, भोला प्रसाद गुप्ता, नारायण गुप्ता लड्डू, अमित गुप्ता विक्की, संजू गुप्ता, अनंत प्रसादगुप्ता, गोपाल प्रसाद, विकास गुप्ता सहित पैघ संख्या मे समाजबंधु उपस्थित छलाह। अंत मे दू मिनट मौन राखि दिवंगत आत्माक शांति आ मोक्षक प्रार्थना कएल गेल तथा शोकसंतप्त परिजनक प्रति संवेदना व्यक्त कएल गेल।

# जनताक सुख दुःख मे शामिल भेनाइ जनप्रतिनिधिक प्राथमिकता : राजेश वर्मा

सहरसा, समदिया



खगड़िया लोकसभा क्षेत्रक सांसद राजेश वर्मा शनिदिन सिमरी बख्तियारपुर विधानसभा क्षेत्रक दू दिवसीय दौरा पर पहुंचलाह। क्षेत्र मे पहुंचलाक बाद भाजपा कार्यकर्ता आ समर्थक सभ विभिन्न स्थान पर हुनकर गर्मजोशी सं स्वागत कएलनि। सांसद अपन दौरा धमाराघाट स्थित मां कात्यायनी मंदिर मे पूजा-अर्चनासं शुरू कएलनि। पूजा-अर्चना कएला बाद सांसद नगर परिषद क्षेत्रक भौरा गाम निवासी जियालाल यादवक आवास पर पहुंचलाह आ हुनकर दिवंगत माताक निधन पर शोक संवेदना व्यक्त कएलनि। तकर बाद महखड़ पंचायत मे फिरोज आलमक घर पहुंचि हुनकर दिवंगत माताक निधन पर परिजन कें ढाढ़स बन्हौलनि। सांसद स्व. बिजेंद्र पासवान आ स्व. विष्णुदेव यादवक स्वजन सं सेहो भेंट कए अपन संवेदनाव्यक्त कएलनि। एहि दौरान सांसद राजेश वर्मा कहलनि जे जनप्रतिनिधि होयबाक नाते क्षेत्रक जनता केसुख दुःख मे शामिल होनाइ हुनकर प्राथमिकता अछि। जनता सं सीधा संवाद कए हुनका सभक समस्याबुझनाइ आ तकर समाधान लेल निरंतर प्रयास करनाइ हुनकर जिम्मेदारी अछि। ओ कहलनि जे क्षेत्रक विकास आ जनसमस्या सभक समाधान लेल हरसंभव प्रयास निरंतर जारी रहत। सांसदक दौरा दौरान सांसद प्रतिनिधि रितेश रंजन, पूर्व विधायक डॉ. अरुण कुमार यादव, मुखिया विनय यादव, मोजाहिर आलम, ब्रजेश यादव सहित पैघ संख्या मे कार्यकर्ता आ स्थानीय लोक उपस्थित छलाह।

# नाई संघ नव निर्वाचित विधान पार्षद कें कएलक अभिनंदन

सहरसा, समदिया



शहरक पूजा बैंक्वेट मे शनिदिन नाई संघक तत्वावधान मे भाजपा प्रदेश उपाध्यक्ष सह नव निर्वाचित विधान पार्षद अनिल ठाकुरक भव्य अभिनंदन समारोह आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे हुनका फू मालाआ अंगवस्त्र भेंट कए सम्मानित कएल गेल। समारोहक अध्यक्षता नाई संघक जिलाध्यक्ष बिजेंद्र ठाकुर कएलनि, जखन कि संचालन कोषाध्यक्ष दिलीप ठाकुर कएलनि। समारोह कें संबोधित करैत वक्ता सभ अनिल ठाकुर कें नव दायित्व लेल बधाई दैत आशा व्यक्त कएलनि जे ओ विधान परिषद मे समाजक सभ वर्गक आवाज मजबूती सं उठौताह तथा क्षेत्रक जनसमस्या सभक समाधान लेल प्रभावी पहल करताह। एहि दौरान नाई समाजक हित सं जुड़ल विभिन्न मुद्दा पर चर्चा कएल गेल। वक्ता सभ केशकला बोर्डक गठनक मांग प्रमुखता सं उठौलनि। कहल गेल जे बोर्डक गठन भेला सं पारंपरिक व्यवसाय, रोजगार, प्रशिक्षण आ कल्याणकारी योजना कें संस्थागत बढ़ावा भेटत। संगहि सहरसा मे जननायक कर्पूरी ठाकुरक भव्य प्रतिमा स्थापित करबाक मांग सेहो कएल गेल। रेलवे स्टेशन आ बस पड़ाव मे नाईसमाजक पारंपरिक व्यवसाय लेल व्यवस्थित स्थान उपलब्ध करेबाक मांग सेहो राखल गेल। एकर अतिरिक्त अनुसूचित जाति-जनजाति, अल्पसंख्यक, दिव्यांग, मजदूर आ गरीब परिवारक कल्याण, मनरेगामाध्यम सं रोजगार तथा बच्चा सभक शिक्षा आ सरकारी योजनाक लाभ जरूरतमंद लोक धरि पहुंचाबयपर जोर देल गेल। समारोह कें भाजपा जिलाध्यक्ष साजन शर्मा, रामकृष्ण साह उर्फ मोहन साह, राजीव रंजन साह, सिद्धार्थ सिंह सिद्धू आ रंजीत दास सहित अन्य वक्ता सभ संबोधित कएलनि।

# भारत नेपाल सीमा जिला समन्वय समितिक बैसार आयोजित

सीतामढ़ी, समदिया

## अंतरराष्ट्रीय सीमा क्षेत्र मे विधि व्यवस्था सुदृढ़ रखबाक आ सीमा सुरक्षा पर भेल चर्चा




नेपालक महोत्तरी जिला स्थित जलेश्वर नगरपालिकाक सभाकक्ष मे भारत-नेपाल सीमा क्षेत्र सं संबंधित विभिन्न महत्वपूर्ण विषय पर विचार-विमर्श लेल भारत-नेपाल सीमा जिला समन्वय समिति की बैसार आयोजित कएल गेल। बैठकक अध्यक्षता महोत्तरीक मुख्य जिला अधिकारी इंद्रदेव यादव कएलनि। बैसारमे सीतामढ़ीक जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया, पुलिस अधीक्षक अमित रंजन, रौतहट आ सर्लाहीक मुख्यजिला अधिकारीक संग संबंधित जिला सभक पुलिस आ प्रशासनिक पदाधिकारी उपस्थित छलाह। एकरअतिरिक्त सशस्त्र सीमा बलक 51म आ 20म वाहिनीक कमांडेंट सहित अन्य अधिकारी सेहो बैसार मे शामिल छलाह। बैठकक दौरान भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमा क्षेत्र मे विधि व्यवस्था सुदृढ़ रखबाक, सीमा सुरक्षाक व्यवस्था कें बेसी प्रभावी बनेबाक तथा दुनू देशक बीच नीक समन्वय स्थापित करबाक संबंध मे विभिन्न मुद्दा पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। बैसार मे जाली नोटक कारोबार, अवैध हथियारक तस्करी,मादक पदार्थ आ नशीला पदार्थक तस्करी, शराब, तंबाकू तथा अन्य प्रतिबंधित आ अवैध वस्तुक सीमा पार तस्करी पर प्रभावी नियंत्रणक उपाय पर गंभीरता सं विचार-विमर्श कएल गेल। संगहि सीमा पार अपराध पर नियंत्रण लेल दुनू देशक अधिकारीक बीच समन्वित कारबाइ पर जोर देल गेल। बैसार मे अत्यधिकवांछित अपराधीक धरपकड़, संदिग्ध व्यक्ति आ विदेशी नागरिकक अवैध आवाजाही पर रोक लगाबय,आपसी सूचनाक शीघ्र आदान-प्रदान तथा संयुक्त कारबाइ कें बेसी मजबूत बनेबाक सहमति बनल।अधिकारी सभ सीमा क्षेत्र मे शांति आ सुरक्षा व्यवस्था कायम रखबाक तथा कोनो प्रकारक अवांछित गतिविधि पर प्रभावी रोक लगाबय लेल निरंतर समन्वय बनौने रखबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। एकर अतिरिक्त मानव तस्करी आ मादक पदार्थक तस्करीक रोकथाम, सीमा क्षेत्र मे अतिक्रमण सं संबंधित मामिला, सीमा स्तंभक सुरक्षा, नो मैंस लैंड मे अतिक्रमणक समस्या तथा अन्य स्थानीय आ सामान्य समस्या पर सेहो विस्तार सं चर्चा कएल गेल। दुनू देशक अधिकारी सभ सीमावर्ती क्षेत्र मे सक्रिय असामाजिक तत्व आ आपराधिक गतिविधिक विरुद्ध संयुक्त आ निरंतर कारबाइ जारी रखबाक सहमतिव्यक्त कएलनि। बैसार मे सीमावर्ती थाना आ सुरक्षा एजेंसी कें पूर्ण सतर्कता बरतबाक तथा छोट सं छोटघटनाक सेहो गंभीरतापूर्वक लैत त्वरित कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। संगहि सीमा क्षेत्र मेआपसी सहयोग, विश्वास आ समन्वय कें बेसी मजबूत बनेबाक पर विशेष जोर देल गेल, जाहि सं भारत- नेपाल सीमा क्षेत्र मे शांति, सुरक्षा आ सौहार्दपूर्ण वातावरण कायम राखल जा सकय।

# वित्त रहित शिक्षक सभ कारी पट्टी लगा कए जतौलनि विरोध

सहरसा, समदिया



सर्व नारायण सिंह राम कुमार सिंह महाविद्यालय मे शनिदिन संबद्ध डिग्री महाविद्यालयक शिक्षक सभ मूल्यांकन केंद्र पर कारी पट्टी लगा कए विरोध प्रदर्शन कएलनि। एहि दौरान शिक्षक सभ वित्त रहितशिक्षकक समायोजन अथवा महाविद्यालय सभ कें संबद्धता प्रदान कए नियमित वेतन भुगतान सुनिश्चित करबाक मांग कएलनि। प्रदर्शन कए रहल शिक्षक सभ कहलनि जे ओ सभ दीर्घ समय सं समान काजक बदला समान वेतन तथा अन्य सरकारी सुविधा उपलब्ध करेबाक मांग करैत आबि रहलछथि। शिक्षक सभक कहब छल जे बिहार सरकार शिक्षा आ शिक्षक नीति मे लगातार नव सुधार, प्रयोगआ आदेश जारी कए रहल अछि। ओतहि प्रत्येक प्रखंड मे नव डिग्री महाविद्यालय खोलबाक तैयारी सेहो चलि रहल अछि, मुदा वर्षों सं सेवा दए रहल वित्त रहित शिक्षक सभक समस्या पर अपेक्षित ध्यान नहि देल जा रहल अछि। शिक्षक सभ कहलनि जे वित्त रहित शिक्षक सभक आर्थिक स्थिति दिन-प्रतिदिन गंभीर होइत जा रहल अछि। हुनका सभ कें समय पर अनुदानक भुगतान नहि भेटि रहल अछि। एकर अतिरिक्तउत्तर-पुस्तिकाक मूल्यांकनक राशि सेहो लंबित अछि। एहि मांग सभ कें लए कए वित्त रहित शिक्षक सभलगातार धरना-प्रदर्शन कए सरकारक ध्यान आकृष्ट करा रहल छथि। शिक्षक सभ सरकार सं मांग कएलनिजे वित्त रहित शिक्षक सभक लंबित अनुदान आ उत्तर-पुस्तिका मूल्यांकनक राशि शीघ्र भुगतान कएल जाएतथा हुनका सभक सेवा कें नियमित करैत समायोजन अथवा उचित संबद्धता प्रदान कए नियमित वेतन भुगतानक व्यवस्था कएल जाए। विरोध प्रदर्शन मे डॉ. दीपक कुमार सिंह, प्रो. सत्येंद्र सिंह, प्रो. रेखा कुमारी, प्रो. अनिता कुमारी, प्रो. सुमन झा, प्रो. मनोज झा, प्रो. नंद किशोर यादव सहित सैकड़ो शिक्षक शामिलछलाह।

# कमरौली बनल शिवहरक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत, सामूहिक प्रयास सं भेटल ऐतिहासिक उपलब्धि

शिवहर, समदिया




शिवहर जिलाक पिपराही प्रखंड अंतर्गत कमरौली पंचायत बाल श्रम उन्मूलनक दिशा मे ऐतिहासिक उपलब्धि हासिल करैत शिवहर जिलाक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत बनेबाक गौरव प्राप्त केने अछि। ईउपलब्धि श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग, ग्राम पंचायत, पंचायत स्तरीय बाल कल्याणएवं संरक्षण समिति, अदिथी कवच परियोजना तथा स्थानीय जनप्रतिनिधि आ नागरिकक सामूहिक आ समन्वित प्रयासक परिणाम अछि। पंचायत मे आयोजित विशेष ग्रामसभा सह बाल श्रम मुक्त पंचायतघोषणा कार्यक्रम मे उपस्थित जनप्रतिनिधि, विभागीय पदाधिकारी, पंचायत प्रतिनिधि आ ग्रामीण सभक सर्वसम्मति सं कमरौली पंचायत कें बाल श्रम मुक्त पंचायत घोषित कएल गेल। एहि अवसर पर श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी सुरेश कुमार, श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी चंद्र नाथ राम, मुखिया सह पंचायत स्तरीय बालकल्याण एवं संरक्षण समितिक अध्यक्ष आलोक कुमार, अदिथी कवच परियोजनाक समन्वय विशेषज्ञ मुकुंदचौधरी आ सामाजिक कार्यकर्ता मो. कमर अख्तर कार्यक्रम कें संबोधित कएलनि। वक्ता सभ कहलनि जे बाल श्रम जकां सामाजिक कुप्रथाक स्थायी उन्मूलन मात्र सरकारी कारबाइ सं संभव नहि अछि। एहि लेलप्रशासन, पंचायत, विद्यालय, समुदाय आ सामाजिक संगठनक निरंतर आ सामूहिक सहभागिता आवश्यकअछि। कमरौली पंचायतक ई उपलब्धि सामुदायिक सहभागिता आ साझा प्रतिबद्धताक उदाहरण अछि। पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनेबाक लेल समुदाय मे निरंतर जागरूकता, बच्चा सभ कें शिक्षा सं जोड़बाक तथा बाल श्रमक रोकथाम लेल कएल गेल प्रयास सं ई महत्वपूर्ण उपलब्धि संभव भेल अछि। कार्यक्रमक दौरान स्पष्ट कएल गेल जे बाल श्रम मुक्त पंचायतक घोषणा मात्र उपलब्धि नहि, बल्कि बच्चा सभकअधिकार, शिक्षा, सुरक्षा आ सम्मानक निरंतर रक्षा करबाक सामूहिक संकल्प अछि। एहि उद्देश्य संग्रामसभा द्वारा आठ सदस्यीय विशेष निगरानी समितिक गठन कएल गेल। ई समिति पंचायत मे भविष्यमे बाल श्रमक पुनरावृत्ति रोकबाक, संभावित मामिला पर निगरानी रखबाक तथा बच्चा सभ कें शिक्षा संजोड़बाक काज मे सहयोग करत। बाल श्रम मुक्त पंचायत बनेबय मे उल्लेखनीय योगदान आ सहयोग लेल श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभागक दिस सं पंचायतक मुखिया आलोक कुमार, प्रधानाध्यापिका नुसरत जहां, अदिथी कवच परियोजनाक प्रतिनिधि सहित कुल 10 पंचायतवासी कें प्रशस्ति-पत्र प्रदान कए सम्मानित कएल गेल

## बाल श्रम उन्मूलन अभियान मे योगदान लेल मो. कमर अख्तर सम्मानित

सोनबरसा, समदिया




शिवहर जिला मे बाल श्रमक विरुद्ध चलाओल जा रहल जागरूकता आ उन्मूलन अभियान मे उल्लेखनीय योगदान लेल सामाजिक कार्यकर्ता मो. कमर अख्तर कें श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभागक दिस सं प्रशस्ति पत्र प्रदान कए सम्मानित कएल गेल। बाल श्रमक विरुद्ध आयोजित कार्यक्रमकदौरान श्रम अधीक्षक हुनका प्रशस्ति-पत्र दए हुनकर सामाजिक सरोकार आ निरंतर कएल जा रहल प्रयासक सराहना कएलनि। एहि अवसर पर अधिकारी सभ कहलनि जे बाल श्रम समाप्त करबाक लेल सरकारी प्रयासक संग समाजक प्रत्येक वर्गक सक्रिय सहभागिता आवश्यक अछि। मो. कमर अख्तर द्वारा बाल श्रमक रोकथाम, बच्चा सभक अधिकारक रक्षा तथा अभिभावक आ आम लोकक बीच जागरूकता फैलाबय लेल कएल जा रहल काज कें एहि सामाजिक जिम्मेदारीक महत्वपूर्ण उदाहरण बताओल गेल। मो. कमर अख्तर दीर्घ समय सं सामाजिक जागरूकता सं जुड़ल विभिन्न कार्य मे सक्रिय भूमिका निभबैत आबि रहल छथि। हुनकर प्रयासक उद्देश्य लोक सभ कें बाल श्रमक दुष्परिणामक प्रति जागरूक करनाइ तथा बच्चा सभ कें शिक्षा आ नीक भविष्यक दिस प्रेरित करनाइ अछि।

# विशेषज्ञ शिक्षक सभ सं प्रत्येक शनिदिन पढ़त मॉडल स्कूलक छात्र

सहरसा, समदिया

» छात्र मार्गदर्शन कार्यक्रमक डीएम दीपेश कुमार कएलनि उद्घाटन

सरकारी विद्यालय सभ मे शिक्षाक गुणवत्ता कें मजबूत करबाक आ विद्यार्थी सभ कें नीक भविष्य लेल तैयार करबाक उद्देश्य सं शनिदिन सरस्वती विद्या निकेतन (मॉडल स्कूल), जिला स्कूल सहरसा मे छात्र मार्गदर्शन कार्यक्रमक विधिवत शुभारंभ कएल गेल। कार्यक्रमक उद्घाटन जिलाधिकारी दीपेश कुमारकएलनि। जिलाधिकारी आ शिक्षा विभागक संयुक्त प्रयास सं शुरू कएल गेल एहि पहल अंतर्गत मॉडलस्कूलक 11म आ 12म कक्षाक छात्र-छात्रा सभ कें प्रत्येक शनिदिन प्रतिष्ठित शिक्षण संस्थानक विशेषज्ञ शिक्षक सभ निःशुल्क पढ़ौताह। एकर उद्देश्य विद्यार्थी सभ कें गुणवत्तापूर्ण शिक्षा उपलब्ध कराबयक संग प्रतियोगी परीक्षा लेल मजबूत आधार तैयार करनाइ अछि। उद्घाटन अवसर पर आयोजित विशेष कक्षा मे विशेषज्ञ शिक्षक सभ विद्यार्थी सभ कें मार्गदर्शन कएलनि। फिजिक्स बला संस्थाक शिक्षक चंदन कुमार भौतिक विज्ञान मे गतिक नियम/न्यूटनक नियम विषय पर व्याख्यान देलनि। ओतहि प्रगति क्लासेजक शिक्षक अंकेश कुमार रसायन विज्ञान मे रसायन विज्ञानक मूलभूत अवधारणा तथा मेंटर्सक शिक्षक रौनककुमार जीव विज्ञान मे कोशिका विषयक जानकारी देलनि। एहि अवसर पर उप विकास आयुक्त गौरवकुमार, जिला शिक्षा पदाधिकारी रोहित रौशन, जिला गोपनीय शाखाक विशेष कार्य पदाधिकारी राजू कुमार तथा सहायक निदेशक सामाजिक सुरक्षा कोषांग-सह-जिला जनसंपर्क पदाधिकारी राजीव रंजन उपस्थित छलाह। अधिकारी सभ विद्यार्थी सभक उत्साहवर्धन करैत कार्यक्रम कें उपयोगी पहल बतौलनि।

# झींगुरक झन-झन सं डीजेक कोलाहल धरि



कुमार नितेश

वाहनक निरंतर शोर सं निकलि जखन श्रावणी पथ हरियरीक बीच पहुंचैत अछि, तं कानक लेल जना एक नव संसार खुलि जाइत अछि। प्रेशर हॉर्नक तीक्ष्ण ध्वनि पाछां छूटि जाइत अछि आ झींगुरक झन-झन, बेंगक टर्राहट, पातक सरसराहट आ वर्षाक बूंद अपन-अपन धुन सुनाबय लगैत अछि। मुदा एहि प्राकृतिक संगीतक बीच कतहु सेवा-शिविरक डीजे सेहो सुनाइ पड़ैत अछि। एक दिस जंगल आ पहाड़क अपन निस्तब्धता अछि, दोसर दिस आधुनिक उत्सवक तीव्र ध्वनि। की आधुनिक उत्सव प्रकृतिक एहि संगीत कें पाछां छोड़ि देने अछि, अथवा दुनू अपन-अपन स्थान पर श्रावणी यात्राक हिस्सा बनि गेल अछि? श्रावणी पथ पर ई प्रश्न कोनो विवादक रूप मे सोझां नहि अबैछ। ई यात्रा संग धीरे-धीरे खुलैत जाइत अछि। बाट बदलैत अछि तं ध्वनि बदलैत अछि आ ध्वनि बदलैत अछि तं सुनबाक ढंग सेहो। शहर आ कस्बा सं निकलैत काल प्रेशर हॉर्न कान पर सभ सं बेसी अधिकार जमौने रहैत अछि। वाहन अपन उपस्थिति घोषित करैत आगू बढ़ैत अछि। इंजनक घरघराहट, हॉर्नक तीक्ष्ण पुकार आ सड़कक चहल-पहल बीच कांवरिया आगू बढ़ैत अछि। दैनंदिन जीवन मे हम एहि कोलाहलक एतेक अभ्यस्त भए गेल छी जे कतेको बेर ई अनुभवो नहि होइत अछि जे लगातार सुनाइ पड़ैत आवाज मोन कें सेहो थका दैत अछि। तकर बाद श्रावणी पथ हरियरीक बीच उतरैत अछि। सहसा ध्वनिक विस्तार छोट होमय लगैत अछि। दूर सं अबैत कोनो तीक्ष्ण आवाजक बदला लगक छोट-छोट ध्वनि सुनाइ पड़ैत अछि। झींगुर अपन नफीरी बजा रहल अछि। कतहु बेंग टर्रा रहल अछि। पात पर ठहरल वर्षाक बूंद टपकैत अछि। पवन गाछक बीच सं बहैत अछि तं पातक सरसराहटि सुनाइ पड़ैत अछि। जे कान एखन धरि प्रेशर हॉर्नक अभ्यस्त छल, ओहि कान कें आब प्रकृतिक महीन आवाज पकड़य लगैत अछि। शायद प्रकृतिक पहिल सीख ई अछि जे सुनब मात्र कानक काज नहि, मोनक अवस्था सेहो अछि। बेंगक टर्राहट मे कोनो शास्त्रीय माधुर्य नहि अछि। तैयो वर्षाक ऋतु मे ओकर आवाज जीवनक सूचना जकां प्रतीत होइत अछि। सुखायल धरती पर पानि खसल अछि आ ओकरा संग एकटा संसार फेर सं बाजि उठल अछि। प्रकृतिक संगीत सदिखन मधुर नहि होइत अछि। जीवन कतेको बेर अपन सभ सं आवश्यक समाचार सेहो खरखरायल आवाज मे दैत अछि। श्रावणी पथ पर पक्षीक स्वर भोर कें एकटा अलग अर्थ दैत अछि। ओ सभ कोनो एक भाषा मे नहि बजैत अछि, तैयो एना लगैत अछि जेना प्रकृति अपन पूरा समाचारपत्र खोलि देने हो। केओ पुकारि रहल अछि, केओ उत्तर दए रहल अछि, केओ अपन अस्तित्वक सूचना दए रहल अछि। केकरा सं के की कहि रहल अछि, मनुष्य नहि जनैत अछि, तैयो ओहि संवादक हिस्सा बनि जाइत अछि। शायद शब्द सं पहिने सुनब अबैत अछि आ बुझबाक पहिने जुड़ब। पहाड़क ढलान पर ठाढ़ गाछ एहि ध्वनि-संसारक बीच एकटा आओर पाठ पढ़बैत अछि। ओ सभ ऊपर दिस उठैत अछि, मुदा अपन जड़ि सं दूर नहि जाइत अछि। जतेक ऊंचाइ देखाइ पड़ैत अछि, ततेक गहिराइ धरतीक भीतर नुकायल रहैत अछि। श्रावणी पथ सं गुजरैत काल एहि गाछ सभ कें देखब मनुष्य कें चुपचाप बुझबैत अछि जे ऊंच होयबाक लेल अपन माटि छोड़ब आवश्यक नहि। प्रकृति उपदेश नहि दैत अछि। ओ अपन अस्तित्व सं सिखबैत अछि। पहाड़ ठाढ़ रहैत अछि। गाछ अपन स्थान पर जमल रहैत अछि। मेघ अबैत अछि, बरखा होइत अछि आ फेर रौद लौटि अबैत अछि। ककरो जल्दी नहि अछि, तैयो कोनो काज अपन समय सं छुटैत नहि अछि। प्रकृतिक ई लय श्रावणी पथ पर चलैत मनुष्यक गति कें सेहो धीरे-धीरे बदलि दैत अछि। शहर मे समय घड़ी सं चलैत अछि। एतय समय शरीर सं अनुभूत होइत अछि-भूख कहिया लागल, पैर कहिया थाकल, बरखा कहिया आयल, रौद कहिया ढलल आ कहिया विश्रामक आवश्यकता भेल। श्रावणी पथ पर शरीर निरंतर श्रम करैत अछि। पैर दुखाइत अछि, तरवा मे फोका पड़ैत अछि, कन्हा कांवरक भार उठबैत अछि। नांगर पैर चलनिहारक लेल माटि, घास, पाथर आ बाटक प्रत्येक असमानता शरीर धरि सीधा पहुंचैत अछि। मुदा एहि श्रम मे एकटा अद्भुत बात घटैत अछि। सामान्य जीवन मे शरीर वर्तमान मे रहैत अछि आ मोन प्रायः आगांक चिंता मे दौड़ैत रहैत अछि। श्रावणी पथ पर कतेको दिन चलैत-चलैत पहिल बेर दुनू एक संग चलैत देखाइ पड़ैत अछि। शरीर जाहि पैर पर होइत अछि, मोन सेहो ओहि पैर पर आबि जाइत अछि। आगांक चिंता किछु समय लेल पाछां छूटि जाइत अछि आ वर्तमान अपन पूरा स्पर्शक संग सोझां आबि जाइत अछि। शायद थाकल शरीरक सभ सं पैघ उपहार ई अछि – ओ भागैत मोन कें अपन लग बजा लैत अछि। हरियरी आ पहाड़क बीच ई ठहराव बेसी स्पष्ट अनुभव होइत अछि। यात्री कोनो विचार कें पकड़ि कए नहि चलैत अछि। ओ बस चलैत अछि। प्रकृति चारू कात बनल रहैत अछि। ध्वनि अबैत-जाइत रहैत अछि आ भीतरक अनावश्यक कोलाहल धीरे-धीरे कम होमय लगैत अछि। मुदा श्रावणी पथ मात्र निस्तब्धताक यात्रा नहि अछि। हरियरीक बीच सं निकललाक बाद जखन यात्री सेवा-शिविर लग पहुंचैत अछि, तं ध्वनिक संसार फेर बदलि जाइत अछि। सेवा-शिविर सं डीजेक तेज धुन सुनाइ पड़ैत अछि। प्रकृतिक महीन आवाजक बाद ई परिवर्तन तीक्ष्ण अनुभव भए सकैत अछि। तैयो ई श्रावणी पथक वास्तविकता अछि। एतय जंगल सेहो अछि आ उत्सव सेहो। पहाड़क निस्तब्धता सेहो अछि आ मनुष्यक सामूहिक उमंग सेहो। दुनू कें एक-दोसराक विरोधी मानि लेब सहज अछि। मुदा यात्री दुनूक बीच सं होइत आगू बढ़ैत अछि। श्रावणी पथक यात्री एहि संतुलनक बीच चलैत अछि। ओ प्रकृतिक महीन ध्वनि सं लए कए सामूहिक उद्घोष, कांवरक घंटी आ सेवा-शिविरक संगीत धरि, सभक बीच सं गुजरैत अछि। ओ सुनैत अछि, मुदा प्रत्येक आवाज कें अपन भीतर स्थान देब आवश्यक नहि बुझैत अछि। संतुलनक अर्थ ई नहि जे प्रत्येक आवाज कें चुप करा देल जाए। संतुलन ई सेहो नहि जे उत्सव एतेक मुखर भए जाए जे प्रकृतिक महीन आवाज सुनाइए नहि पड़य। संतुलन शायद ई अछि जे मनुष्य दुनू कें सुनि सकय आ कोनो एकटा आवाज कें अपना ऊपर हावी नहि होमय देय। किएक तं कोलाहल सदिखन बाहर नहि होइत अछि आ मौन सदिखन भीतर नहि होइत अछि। कखनहुं शांत वातावरण मे सेहो मोन बेचैन रहैत अछि। कखनहुं तेज आवाजक बीच सेहो कोनो कांवरियाक भीतर शांति उतरि सकैत अछि। बाहरक आवाज मोनक अवस्था निर्धारित नहि करैत अछि। ओ मात्र ओकर चारूकातक संसार रचैत अछि। ओहि संसारक भीतर अपन स्थान बनायब मनुष्य कें स्वयं सीखय पड़ैत अछि। शायद यात्राक ई सभ सं सूक्ष्म अनुभव अछि। पहिने कान बाहरक आवाज सुनैत अछि। फेर मोन ओकरा मे भेद करय लगैत अछि। आ एक समय एना अबैत अछि जखन मनुष्य ओहि सभ आवाजक बीच अपनहि धड़कन सुनय लगैत अछि। तखन बुझना जाइत अछि जे श्रावणी पथ मात्र कान कें अलग-अलग ध्वनि सुनाबयवला बाट नहि अछि। ई मनुष्य कें ई बुझाबय लगैत अछि जे सुनब आ मात्र कोलाहल सुनि लेब एक बात नहि अछि। प्रेशर हॉर्न सं आरंभ भेल ध्वनि-संसार प्रकृतिक महीन आवाज सं गुजरैत बोल बम, कांवरक घंटी आ सेवा-शिविरक संगीत धरि पहुंचैत अछि। ध्वनि बदलैत रहैत अछि। श्रावणी पथ चलैत रहैत अछि। आ ओकरा संग चलैत मनुष्य धीरे-धीरे ई सीखि लैत अछि जे संसारक प्रत्येक आवाज कें अपन भीतर स्थान देब आवश्यक नहि। किछु आवाज सुनबाक अछि, किछु कें गुजरि जाय देबाक अछि आ एकटा एहन आवाज बचा कए राखबाक अछि जे सभ सं बेसी भीतर सं अबैत अछि। शायद ओहि क्षण थाकल शरीर चलैत रहैत अछि आ मोन विश्राम पबैत अछि। श्रावणी पथक यात्रा तखन मात्र बाहरक दूरी नहि रहि जाइत अछि। ओ सुनब सं बुझब, कोलाहल सं संतुलन आ बाहरक आवाज सं भीतरक शांति धरि पहुंचबाक यात्रा बनि जाइत अछि। प्रकृति बजैत रहैत अछि। उत्सव बजैत रहैत अछि। श्रावणी पथ चलैत रहैत अछि। मनुष्य कें बस ई सीखबाक अछि जे एहि सभक बीच अपन सुनबाक क्षमता कें कोना बचा कए राखय।

श्रावणी पथ : कड़ी-23

(श्रावणी पथक बदलैत ध्वनि-संसार)



# भारतक जिला न्यायपालिका मे एससी-एसटी-ओबीसीक आरक्षित सीट नहि भरि रहल अछि

अभिषेक

हालक किछु वर्ष मे विभिन्न मंच पर न्यायपालिका मे सामाजिक विविधता सुनिश्चित करबाक आ एकरा बेसी प्रतिनिधित्वकारी संस्था बनेबाक आवश्यकता पर विमर्श होइत रहल अछि। डी.वाई. चंद्रचूड़ आ बी.आर. गवई सहित भारतक कतेको पूर्व मुख्य न्यायाधीश ई मानि चुकल छथि जे भारतीय न्यायपालिकाक संरचना देशक सामाजिक-आर्थिक वास्तविकताक समुचित प्रतिनिधित्व नहि करैत अछि। हुनका सभ द्वारा न्यायपीठ मे सामाजिक विविधता बढ़ेबाक आवश्यकता पर जोर देल गेल अछि। यद्यपि उच्च न्यायपालिका मे विविधता सदिखन चर्चाक केंद्र मे रहल अछि, मुदा जिला न्यायपालिका कतेक समावेशी अछि, एहि पर सेहो ध्यान देब अत्यंत आवश्यक अछि। अधिकांश नागरिकक न्याय-व्यवस्था सं पहिल संपर्क जिला न्यायालय सं होइत अछि। न्याय देबाक महत्त्वपूर्ण दायित्व वहन करयबला संस्थाक लेल निष्पक्षता आ समानताक आधार ओकर नींव सं होयब आवश्यक अछि। एहि निष्पक्षताक लेल सामाजिक प्रतिनिधित्व अत्यंत जरूरी अछि। उच्च न्यायपालिका कें बेसी प्रतिनिधित्वकारी बनेबाक चर्चा प्रायः कॉलेजियमक कार्यप्रणालीक इर्द-गिर्द घूमैत अछि। मुदा जिला न्यायपालिकाक सामाजिक विविधताक विश्लेषणक स्वरूप किछु भिन्न अछि, कारण संविधानक अनुच्छेद 233 अंतर्गत जिला न्यायाधीशक नियुक्ति राज्य सरकार द्वारा बनाओल गेल सकारात्मक कारबाइ आ आरक्षणक नीति सं प्रभावित होइत अछि।

**अलग-अलग राज्य, अलग-अलग प्रतिनिधित्व :** एहि वर्ष जनवरी मे कानून आ न्याय मंत्रालय राज्यसभा मे देल एकटा उत्तर मे बतौलक जे समस्त राज्य आ केंद्रशासित प्रदेशक जिला न्यायपालिका मे कार्यरत कुल न्यायाधीशक 45.76 प्रतिशत एसी, एसटी आ ओबीसी वर्ग सं छथि। एहि आंकड़ा सं स्पष्ट होइत अछि जे आरक्षणक नीतिए जिला न्यायपालिका मे वंचित वर्गक प्रतिनिधित्वक अंतर कें किछु सीमा धरि कम करबाक काज कएलक अछि। मुदा विभिन्न



राज्यक स्थिति एक-दोसरा सं बहुत भिन्न अछि। मंत्रालयक उत्तरक अनुसार एससी, एसटी आ ओबीसी न्यायाधीशक प्रतिशत झारखंड मे मात्र 12.47 प्रतिशत सं लए कए तमिलनाडु मे 97.65 प्रतिशत धरि अछि। एकर प्रमुख कारण ई अछि जे जिला न्यायपालिका मे सीधा नियुक्तिक समय आरक्षणक नियम प्रत्येक राज्य मे अलग-अलग अछि। आरक्षणक लाभ, ओकर पात्र वर्ग आ आरक्षित पदक संख्या सेहो राज्य-राज्य मे भिन्न अछि। अतः एहि अंतरक अध्ययन आवश्यक अछि, जाहि सं ई बुझल जा सकय जे किछु राज्य मे वंचित वर्गक प्रतिनिधित्व कम रहबाक वास्तविक कारण की अछि। मंत्रालयक आंकड़ा जिला न्यायपालिका मे वर्तमान सामाजिक विविधताक मात्र एकटा चित्र प्रस्तुत करैत अछि। न्यायपालिका अथवा कानून मंत्रालय द्वारा समय-समय पर विस्तृत आंकड़ा सार्वजनिक नहि करबाक कारण ई जानकारी उपलब्ध नहि अछि जे विभिन्न राज्यक प्रत्येक भर्ती प्रक्रिया मे एससी, एसटी आ ओबीसी वर्ग सं कतेक लोक जिला न्यायपालिका मे नियुक्त भेलाह। आरक्षणक नीति सही ढंग सं लागू भए रहल अछि वा नहि, ई बुझबाक लेल एहन आंकड़ा अत्यंत आवश्यक अछि।

**आरटीआइ सं की जानकारी भेटल? :** विधि सेन्टर फॉर लीगल पॉलिसीक जस्टिस, एक्सेस एंड लोअरिंग डिलेज इन इंडिया यानी जल्दी पहल द्वारा हाल मे प्रकाशित एकटा अध्ययन एहि कमी कें दूर करबाक प्रयास करैत अछि। भारतक जिला न्यायपालिका मे सकारात्मक कारबाइ आ प्रतिनिधित्व : कानून, नीति आ व्यवहार शीर्षक एहि रिपोर्ट मे सूचना अधिकारक माध्यम सं प्राप्त उत्तरक आधार पर जिला न्यायपालिका मे आरक्षणक वास्तविक स्थिति बुझबाक प्रयास कएल गेल अछि। आरक्षणक नीति प्रभावी ढंग सं लागू करबाक पहिल आवश्यकता ई स्पष्ट करब अछि जे कोन वर्ग कें कतेक लाभ भेटि रहल अछि आ एहि लाभक वास्तविक पात्र के छथि। एहि लेल आरक्षणक प्रतिशत आ अन्य छूट निर्धारित करयबला लागू कानूनक संपूर्ण प्रति सरकारी अथवा कोर्टक आधिकारिक वेबसाइट पर उपलब्ध होयब आवश्यक अछि। मुदा रिपोर्टक अनुसार मात्र 15 राज्य एहन कानूनी प्रति उपलब्ध करौने छथि आ एहि 15 राज्य मे सं मात्र 13 राज्यक न्यायिक सेवा नियम मे आरक्षित पदक स्पष्ट बंटवारा देल गेल अछि। कतेको राज्य मात्र एतबे कहैत अछि जे आरक्षणक नीति राज्य अथवा केंद्र सरकारक नीति आ आदेशक अनुसार लागू होइत अछि। मुदा अधिकांश मामिला मे ई आदेश सरकारी वेबसाइट पर ताकब कठिन अछि। फलतः नियुक्ति मे केकरा कतेक लाभ भेटि रहल अछि, एकर स्पष्ट जानकारी प्राप्त करब कठिन भए जाइत अछि। एकर अतिरिक्त, कतेको राज्य मे पात्र सामाजिक वर्ग कें सेहो आरक्षणक लाभ सं बाहर राखल गेल अछि।

# महग परिवहन आ आर्थिक विषमता जरूरतमंद धरि भोजन पहुंचेबा मे बनि रहल पैघ बाधा

दयानिधि

विश्व मे खाद्य-सुरक्षा कें लए कए अखन धरि मुख्य रूप सं एहि बात पर ध्यान देल जाइत रहल अछि जे पर्याप्त मात्रा मे भोजनक उत्पादन भए रहल अछि वा नहि। मुदा फिनलैंड मे भेल एकटा नव अध्ययन ई स्पष्ट कएलक अछि जे मात्र भोजनक उत्पादन बढ़ा देब पर्याप्त नहि अछि। भोजन जरूरतमंद लोक धरि समय पर आ उचित मूल्य पर पहुंचय, ई सेहो ओतबे आवश्यक अछि। एहि लेल सुदृढ़ परिवहन-व्यवस्था आ आर्थिक समानताक आवश्यकता अछि। फिनलैंडक यूनिवर्सिटी ऑफ ओउलूक नेतृत्व मे शोधकर्ता सभ विश्वक विभिन्न भाग मे भोजनक उपलब्धता आ ओकरा लोक धरि पहुंचेबाक व्यवस्थाक अध्ययन कएलनि। एहि शोध मे आल्टो यूनिवर्सिटी आ पेलर्वो इकोनॉमिक रिसर्चक विशेषज्ञ सेहो सम्मिलित छलाह। शोधकर्ता सभ भोजनक उत्पादन, लोकक आवश्यकता, परिवहनक साधन आ भोजन पहुंचेबाक लागति सं संबंधित आंकड़ा कें एक संग राखि अध्ययन कएलनि। ई अध्ययन जर्नल ऑफ क्लीनर प्रोडक्शन मे प्रकाशित भेल अछि।

**भोजन अछि, मुदा सभ ठाम पहुंच नहि रहल :** शोधकर्ता सभक कहब अछि जे विश्व मे समग्र रूप सं पर्याप्त भोजन उपलब्ध भेलाक बादो प्रत्येक क्षेत्रक लोक कें हुनकर आवश्यकतानुसार भोजन नहि भेटि पबैत अछि। एकर प्रमुख कारण सभ मे परिवहन-व्यवस्था सेहो अछि। जं कोनो देश अथवा क्षेत्र मे भोजनक उत्पादन कम अछि, तं दोसर क्षेत्र सं भोजन ओतय पहुंचाओल जा सकैत अछि। मुदा एहि लेल सड़क, समुद्री मार्ग आ अन्य परिवहन-सुविधाक सुदृढ़ होयब आवश्यक अछि। जं परिवहनक लागति अत्यधिक भए जाइत अछि, तं एक स्थान सं दोसर स्थान धरि भोजन पठेनाइ महग पड़ैत अछि। एकर प्रत्यक्ष प्रभाव कम आमदनीबला लोक पर पड़ैत अछि। एहि प्रकारें भोजन उपलब्ध रहितो ओ जरूरतमंद लोकक पहुंच सं बाहर भए सकैत अछि।

**एशिया मे बेसी प्रभाव :** अध्ययन मे पाओल गेल जे



भोजनक सर्वाधिक कमी एशियाक कतेको भाग मे देखाइ पड़ैत अछि। विशेष रूप सं दक्षिण एशिया, पूर्वी एशिया आ दक्षिण-पूर्वी एशिया मे भोजनक मांग आ ओकर पहुंचक बीच पैघ अंतर देखल गेल। एहि क्षेत्र सभ मे विशाल जनसंख्या निवास करैत अछि आ भोजनक आवश्यकत सेहो बहुत बेसी अछि। तें जं परिवहन-व्यवस्था मे कोनो व्यवधान अबैत अछि अथवा भोजन पहुंचेबाक लागति बढ़ैत अछि, तं ओकर प्रभाव बहुत पैघ जनसमुदाय पर पड़ि सकैत अछि।

**अफ्रीका मे परिवहन लागत पैघ चुनौती :** अफ्रीका सं संबंधित निष्कर्ष सेहो महत्त्वपूर्ण अछि। जखन शोधकर्ता सभ ई मानि कए अध्ययन कएलनि जे प्रत्येक क्षेत्र मे परिवहनक लागति समान अछि, तं अफ्रीकाक पैघ भू-भाग मे घरेलू भोजन-उत्पादन लोकक पहुंच योग्य देखाइ पड़ल। मुदा जखन वास्तविक आर्थिक अंतर आ अधिक परिवहन-लागति कें अध्ययन मे सम्मिलित कएल गेल, तं पर्याप्त मात्रा मे भोजन लोक धरि नहि पहुंचि सकल। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे मात्र स्थानीय स्तर पर भोजनक उत्पादन करब पर्याप्त नहि अछि। सड़क, बंदरगाह, समुद्री परिवहन आ अन्य आधारभूत सुविधा सेहो मजबूत होयब आवश्यक अछि, जाहि सं भोजन कम खर्च मे जरूरतबला क्षेत्र धरि पहुंचाओल जा सकय।

**आर्थिक विषमता बढ़ौलक समस्या :** अध्ययन मे आर्थिक विषमता कें समस्याक सभ सं प्रभावकारी कारण मे सं एकटा मानल गेल अछि। विभिन्न क्षेत्रक लोकक आमदनी आ भोजन पर खर्च करबाक क्षमता अलग-अलग होइत अछि। जखन एहि अंतर कें अध्ययन मे सम्मिलित कएल गेल, तं एक दिस किछु स्थान पर भोजनक अतिरिक्त भंडार बढ़ैत देखल गेल, जखन कि दोसर दिस लोकक आवश्यकताक पूर्ति नहि भए सकल। एकर अर्थ ई भेल जे विश्वक खाद्य-व्यवस्था मे भोजन उपलब्ध रहि सकैत अछि, मुदा आर्थिक कारण सं ओ सही स्थान धरि नहि पहुंचि पबैत अछि। गरीब क्षेत्र लेल महग परिवहन आ कम क्रय-क्षमता एक संग पैघ समस्या बनि जाइत अछि।

**छओ प्रमुख फसिलक अध्ययन :** शोधकर्ता सभ छओ प्रमुख फसल-समूह सं प्राप्त होमयबला खाद्य ऊर्जाक अध्ययन कएलनि। एहि मे गहूम, जौ आ राई सन अनाज, मकइ, चाउर, बाजरा आ ज्वार सन उष्णकटिबंधीय अनाज, कसावा तथा दालि सम्मिलित छल। ई फसिल सभ अंतरराष्ट्रीय खाद्य-व्यापार मे उपलब्ध होमयबला कुल कैलोरीक लगभग आधा भाग प्रदान करैत अछि।

# अनुशासनक लेल बेंत शिक्षाक आत्मा पर चोट

डॉ. पुनीत

तमिलनाडुक तेनकासी जिला मे कक्षा 10 केर दस छात्रा कें एक शिक्षिका द्वारा कथित रूप सं बेंत सं पीटबाक घटना कें मात्र विद्यालय मे अनुशासन सं जुड़ल एकटा घटना मानि कए उपेक्षित नहि कएल जा सकैत अछि। ई घटना हमर शिक्षा-व्यवस्थाक सोझां एकटा गंभीर प्रश्न ठाढ़ करैत अछि – की विद्यालय मात्र पाठ्यक्रम आ परीक्षाक तैयारी करयबला संस्था अछि, अथवा ई एहन सुरक्षित आ गरिमामय स्थान सेहो अछि जतय बच्चा बिना भयक सीखि सकय, अपन बात राखि सकय आ अपन व्यक्तित्वक विकास कए सकय? शिक्षाक वास्तविक उद्देश्य भय उत्पन्न करब नहि, बल्कि आत्मविश्वास उत्पन्न करब अछि। जाहि हाथ मे बच्चा कें दिशा देखेबाक लेल पुस्तक आ कलम होमक चाही, जं ओहि हाथ मे बेंत आबि जाय तं चोट मात्र शरीर पर नहि लगैत अछि, बल्कि बच्चाक मोन आ शिक्षा-व्यवस्थाक प्रति ओकर विश्वास पर सेहो पड़ैत अछि। बालकक निःशुल्क आ अनिवार्य शिक्षा अधिकार अधिनियम, 2009 केर धारा 17 मे शारीरिक दंड आ मानसिक उत्पीड़न पर स्पष्ट रोक लगाओल गेल अछि। तें शिक्षाक अधिकार मात्र विद्यालय मे नामांकन करय अथवा कक्षा मे बैसय धरि सीमित नहि अछि। एकर वास्तविक अर्थ अछि जे प्रत्येक बच्चा कें सुरक्षित, बाल-हितैषी, भयमुक्त आ गरिमामय वातावरण मे शिक्षा प्राप्त हो। जं तेनकासी, तमिलनाडुक एहि घटना मे लगाओल गेल आरोप सत्य प्रमाणित होइत अछि, तं ई मात्र अनुशासनक सीमाक उल्लंघन नहि, बल्कि छात्राक वैधानिक अधिकारक गंभीर हनन होयत। अनुशासनक नाम पर कोनो बच्चाक संग शारीरिक अथवा मानसिक हिंसा करब शिक्षाक मूल उद्देश्य कें पराजित करैत अछि। भारतीय संविधानक अनुच्छेद 21 प्रत्येक व्यक्ति कें जीवन आ व्यक्तिगत स्वतंत्रताक अधिकार प्रदान करैत अछि। न्यायिक व्याख्या द्वारा जीवनक अधिकार कें मानवीय गरिमा सं सेहो जोड़ल गेल अछि। अनुच्छेद 14 समानता आ कानूनक समक्ष समान संरक्षणक गारंटी दैत अछि। बच्चा सेहो एहि संवैधानिक संरक्षणक अधिकारी छथि। भारत संयुक्त राष्ट्र बाल अधिकार अभिसमय अर्थात यूएनसीआरसी कें स्वीकार कए चुकल अछि। एहि अंतर्गत बच्चा कें शारीरिक आ मानसिक हिंसा, दुर्व्यवहार, उपेक्षा आ शोषण सं संरक्षण भेटबाक चाही। एहि



भावनाक अनुरूप भारतीय कानून मे सेहो बाल-सुरक्षा कें प्राथमिकता देल गेल अछि। जतय कोनो बच्चा कें पढ़ाइक नाम पर भय, अपमान अथवा शारीरिक हिंसाक सामना करय पड़य, ततय शिक्षाक उद्देश्य अपूर्ण रहि जाइत अछि। बच्चाक गरिमा शिक्षा-व्यवस्थाक पहिल शर्त होमक चाही। बच्चाक पालन-पोषण आ व्यक्तित्व-निर्माणक जिम्मेदारी मात्र माता-पिताक नहि होइत अछि। बच्चा अपन दिनक महत्त्वपूर्ण समय विद्यालय मे बितबैत अछि। तें शिक्षक आ विद्यालय-प्रबंधन ओकर मानसिक, सामाजिक आ भावनात्मक विकास मे महत्त्वपूर्ण भूमिका निभबैत छथि। अनुशासनक अर्थ भय उत्पन्न करब नहि, बल्कि बच्चा कें अपन गलती बुझबाक, ओकर सुधार करबाक आ नीक व्यवहार लेल प्रेरित करब अछि। संवाद, सहानुभूति, मार्गदर्शन आ सकारात्मक प्रोत्साहनक माध्यम सं बच्चा मे आत्म-अनुशासनक विकास कएल जा सकैत अछि। बेंत, धमकी, अपमान आ भय सं उत्पन्न अनुशासन वास्तविक अनुशासन नहि, बल्कि दबाव अछि। तमिलनाडु शिक्षाक क्षेत्र मे कतेको महत्त्वपूर्ण पहल कएलक अछि। इल्लम थेडी कल्वी जकां पहल शिक्षा कें बच्चाक लग पहुंचबाक प्रयास अछि। नान मुदलवन युवा मे कौशल आ आत्मविश्वास विकसित करबाक दिशा मे केंद्रित अछि, जखन कि पुधुमई पेन जेकां योजना बालिका कें उच्च शिक्षा दिस बढ़बाक लेल प्रोत्साहित करैत अछि। मुदा एहि योजनाक सफलता मात्र नामांकन, परीक्षाक परिणाम अथवा उच्च शिक्षा मे प्रवेशक आंकड़ा सं नहि नापल जा सकैत अछि। ई सेहो देखबाक होयत जे जाहि विद्यालय मे बच्चा पहुंचैत अछि, ततय ओकरा सम्मान, सुरक्षा आ आत्मविश्वास भेटैत अछि अथवा नहि। एक दिस सरकार बालिका कें आगू बढ़बाक लेल प्रोत्साहित करय आ दोसर दिस विद्यालय परिसर मे हुनका अपमान अथवा हिंसाक सामना करय पड़य, तं नीति आ व्यवहारक बीच गंभीर विरोधाभास उत्पन्न होइत अछि। एहन घटनाक बाद मात्र संबंधित शिक्षकक विरुद्ध कारबाइ कए देब पर्याप्त नहि अछि। प्रत्येक एहन घटना शिक्षा-व्यवस्था मे विद्यमान कमीक दिस संकेत करैत अछि। तें विद्यालय मे अनुशासन संबंधी नीति, बाल-संरक्षण व्यवस्था आ शिकायत-निवारण तंत्रक व्यापक समीक्षा आवश्यक अछि। प्रभावित छात्रा कें आवश्यकतानुसार मनोवैज्ञानिक परामर्श आ भावनात्मक सहयोग देल जेबाक चाही। विद्यालय मे पूर्व मे प्राप्त शिकायत आ कएल गेल अनुशासनात्मक कारबाइक निष्पक्ष जांच होमक चाही। शिक्षक सभ कें बाल-अधिकार, सकारात्मक अनुशासन आ अहिंसक व्यवहारक संबंध मे नियमित प्रशिक्षण देल जेबाक चाही। शिक्षा-विभाग कें ई सेहो सुनिश्चित करबाक चाही जे प्रत्येक विद्यालय मे बच्चाक लेल एहन शिकायत-तंत्र उपलब्ध हो, जतय ओ बिना भयक अपन बात राखि सकय। जाहि बच्चा कें शिक्षक सं डर लगैत अछि, ओकरा लेल मात्र शिकायत-तंत्रक उपलब्धता पर्याप्त नहि अछि; ओहि तंत्र पर ओकर विश्वास होयब सेहो आवश्यक अछि। मानवाधिकारक दृष्टिएं कोनो नाबालिग बच्चाक शारीरिक सुरक्षा, मानसिक स्वास्थ्य, गरिमा आ शिक्षा – ई सभ एक-दोसर सं जुड़ल अधिकार अछि। कथित रूप सं बेंत सं पीटब मात्र शरीर पर चोटक मामिला नहि अछि। एहि सं बच्चाक भीतर भय, अपमान, आत्मविश्वास मे कमी आ विद्यालय सं दूरी सन दीर्घकालिक समस्या उत्पन्न भए सकैत अछि। कोनो नाबालिग छात्र अथवा छात्राक संग एहन कथित व्यवहार ओकर बुनियादी मानवाधिकार कें प्रभावित करैत अछि। एहि मे गरिमाक संग जीवन जीबाक अधिकार, शारीरिक आ मानसिक शोषण सं संरक्षणक अधिकार तथा सुरक्षित आ सम्मानजनक वातावरण मे शिक्षा प्राप्त करबाक अधिकार सम्मिलित अछि। तें एहन घटना मे त्वरित, निष्पक्ष आ प्रभावकारी सुधारात्मक कारबाइ आवश्यक अछि। बच्चाक मानसिक स्वास्थ्य आ ओकर भविष्य कोनो अनुशासनात्मक व्यवस्था सं बेसी महत्त्वपूर्ण अछि। जं विद्यालय बच्चा कें भयमुक्त वातावरण नहि दए सकैत अछि, तं शिक्षाक अधिकार अपूर्ण अछि। आ जं अनुशासनक नाम पर बेंत उठैत अछि, तं चोट मात्र बच्चा कें नहि लगैत अछि-चोट शिक्षा-व्यवस्थाक आत्मा आ मानवाधिकारक बुनियाद पर सेहो लगैत अछि।

# नीतीश कुमार सुपर ऐक्टिव किएक छथि? एखनहि सं बूथ स्तर पर जेडीयू कें मजबूत बनाबय मे जुटलाह

पटना/संवाददाता

बिहारक राजनीतिक गलियारा मे एहि समय अभूतपूर्व हलचल देखबा मे आबि रहल अछि, जतय प्रमुख राजनीतिक दल अपन कार्यकर्ता दल आ बूथ स्तरक संगठन कें मजबूत बनाबय मे जुटि गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार स्वयं मोर्चा संभारैत सप्ताह मे 2 सं 3 दिन जेडीयू प्रदेश कार्यालय पहुंचि रहल छथि आ कार्यकर्ता सभक संग बैठक कए रहल छथि। दोसर दिस तेजस्वी यादव आ अन्य क्षेत्रीय नेता सेहो अपन संगठन कें सक्रिय करबा मे जुटल छथि।

राजनीतिक विश्लेषकक माननाइ अछि जे जन सुराजक माध्यम सं प्रशांत किशोर गाम-गाम मे बना रहल पकड़ पारंपरिक राजनीतिक दल कें अपन जमीनी रणनीति नव ढंग सं तैयार करबाक लेल मजबूर कए देने अछि। पूर्व मुख्यमंत्री आ जेडीयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार पार्टी कार्यकर्ता सभ कें संगठन कें बूथ स्तर धरि आरो मजबूत बनेबाक जिम्मेदारी देलनि अछि। ओ पछिला 2 दशक मे बिहार मे भेल विकास आ कल्याणकारी काज तथा उपलब्धि कें जन-जन धरि पहुंचएबाक लेल निरंतर सक्रियता सं काज करबाक निर्देश देलनि।

नीतीश कुमार शुक्रदिन जेडीयू कार्यालय पहुंचलाह। एहि दौरान ओ पार्टी कार्यालयक निरीक्षण कएलनि। संगहि मौजूद वरिष्ठ नेता सभ सं संगठनात्मक गतिविधि आ जनसुनवाइक कार्यक्रमक संबंध मे विस्तृत जानकारी लेलनि। हुनकर प्रदेश कार्यालय पहुंचिते पैघ संख्या मे मौजूद पार्टी नेता आ कार्यकर्ता सभ गर्मजोशी सं हुनक स्वागत कएलनि। एहि दौरान पूरा कार्यालय परिसर नीतीश कुमार जिंदाबादक नारा सं गूंजि उठल। नीतीश कुमार पार्टी नेता आ कार्यकर्ता सभ सं आत्मीयता सं भेट कएलनि, हुनक



हालचाल लेलनि आ हुनक अभिवादन स्वीकार कएलनि।

ओतहि खाद्य एवं उपभोक्ता संरक्षण मंत्री अशोक चौधरी नीतीश कुमार सं भेंट करबाक लेल हुनक सरकारी आवास पहुंचलाह। एहि अवसर पर विधान परिषद मे सत्तारूढ़ दलक उपनेता ललन सर्राफ, संजय गांधी आ लोकप्रकाश सिंह मौजूद छलाह। भारतीय जनता पार्टी आब संत रविदास माटि कलश यात्रा निकालत। पटना महानगरक सभ 57 मंडल अंतर्गत 163 शक्ति केंद्र पर संत रविदासक पैतृक गाम सं आनल पवित्र माटिक कलश यात्रा निकालल जाएत। कलश वंदन कार्यक्रमक अंतर्गत भाजपा सभ मंडल मे कलश पठाओत।

एहि संबंध मे भाजपा महानगर नवीन सिन्हा पथ स्थित रविदास आश्रम मे कलश वितरणक भव्य आयोजन कएलक। सांसद भीम सिंह कहलनि जे पार्टी संत रविदासक 650म जयंती कें सांस्कृतिक आयोजनक रूप मे मनएबाक निर्णय लेने अछि। पूर्व मंत्री जनक राम कहलनि जे कलश 29 जुलाई कें बनारस स्थित हुनक पैतृक गाम सं चलि कए पटना पहुंचल अछि।

### नीतीशक बाद तेजस्वी आ कुशवाहा सेहो सतर्क

विपक्षक नेता तेजस्वी यादव सेहो अपन वोट बैंक आ संगठनात्मक आधार कें सक्रिय करबाक लेल लगातार दौरा आ बैठक कए रहल छथि। ओ छोट-छोट समस्या आ धरना-प्रदर्शन मे शामिल भए रहल छथि। एहि सं पहिने ओ सोशल मीडिया पर बयान जारी कए मात्र अपन काज चला रहल छलाह।

विशेष रूप सं जातीय आ पारंपरिक जनाधार बला दल जेना आरजेडी, जेडीयू आ आरएएलएम अपन समर्थक कें एकजुट राखबाक लेल पूरा ताकत लगा रहल अछि। जमीनी स्तर पर प्रशांत किशोरक जन सुराज पदयात्रा आ सीधा लामबंदीक प्रभाव सं सभ दल सतर्क भए गेल अछि। ओतहि एनडीएक सहयोगी चिराग पासवानक ध्यान फिलहाल बिहारक बाहर उत्तर प्रदेश आ पंजाब जेहन राज्य मे अपन पार्टीक जनाधार बढ़एबाक दिस अछि।

**भाजपा सेहो बढ़ौलक राजनीतिक सक्रियता**

### मांझी सेहो पार्टीक संगठन मजबूत करबा मे जुटलाह

ओतहि हिंदुस्तानी आवाम मोर्चा प्रदेश कमेटी आ जिला अध्यक्ष सभक नव सूची जारी कएलक अछि। प्रदेश कमेटी मे 18 प्रदेश उपाध्यक्ष, 38 प्रदेश महासचिव, 1 कोषाध्यक्ष, 27 सचिव, 2 मीडिया प्रभारी आ 16 प्रदेश कार्यसमिति सदस्य कें जिम्मेदारी देल गेल अछि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष सह पूर्व मंत्री अनिल कुमार आ राष्ट्रीय प्रधान महासचिव राजेश पांडेय एकर घोषणा कएलनि। पार्टी विभिन्न प्रकोष्ठक अध्यक्ष सभक घोषणा सेहो कएलक। शिवेंद्र सिंह कें युवा प्रकोष्ठ, स्मिता शर्मा कें महिला प्रकोष्ठ, मुकेश मांझी कें एससी-एसटी प्रकोष्ठ, शकील हाशमी कें अल्पसंख्यक प्रकोष्ठ, राजीव रंजन कें किसान प्रकोष्ठ, श्रीकांत प्रसाद कें विधि प्रकोष्ठ, डॉ. प्रभात कुमार कें चिकित्सा प्रकोष्ठ, प्रकाश विनोद कुमार उर्फ गणेश जी कें दिव्यांग प्रकोष्ठ, द्वारिका पासवान कें झुग्गी-झोपड़ी प्रकोष्ठ, मोहम्मद नजमी कें व्यवसाय प्रकोष्ठ आ अभिषेक सिंह कें श्रमिक प्रकोष्ठक अध्यक्ष बनाओल गेल अछि। प्रदेश अध्यक्ष अनिल कुमार कहलनि जे नव कमेटी पार्टीक संगठन कें बूथ सं लए कए प्रदेश स्तर धरि आरो मजबूत बनाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत।

## राजनीति सं दूर नवजोत सिंह सिद्धू सोशल मीडिया पर सक्रिय, पत्नी आ बच्चा सभक संग साझा कएलनि पुरान फोटो





पंजाब कांग्रेसक पूर्व अध्यक्ष आ पूर्व क्रिकेटर नवजोत सिंह सिद्धू एहि समय सक्रिय राजनीति सं दूरी बनौने छथि। मुदा सोशल मीडिया पर हुनक मौजूदगी लगातार बनल अछि। सिद्धू अक्सर सोशल मीडिया माध्यम सं अपन विचार साझा करैत छथि आ निजी जीवन सं जुड़ल तस्वीर सेहो पोस्ट करैत छथि। हाल मे ओ पत्नी नवजोत कौर सिद्धू आ बच्चा सभक संग बिताओल पुरान पल सभक तस्वीर साझा कएलनि।

एहि तस्वीर मे परिवारक संग हुनक यादगार झलक देखबा मे आएल। सिद्धूक एहि पोस्ट फेर एक बेर हुनक समर्थक आ सोशल मीडिया उपयोगकर्ता सभक ध्यान अपना दिस खींचलक। बता दी जे किछु समय पहिने सिद्धू परिवारक संग धार्मिक यात्रा पर गेल छलाह। ओहि समय सेहो ओ किछु तस्वीर साझा केने छलाह। नवजोत सिंह सिद्धू अपन पत्नी आ बच्चा सभक कतेको पुरान तस्वीर साझा कएलनि। ओ एहि तस्वीर सभक संग एकटा संदेश सेहो लिखलनि। सिद्धू लिखलनि, हमर हृदय मे बसल- संजो कए रखबाक योग्य स्मृति। सिद्धूक एहि पोस्ट कें लोक बहुत पसिन्न कए रहल छथि। पोस्ट कें 7 हजार लोक लाइक केने छथि। ओतहि कतेको लोक एहि पोस्ट पर टिप्पणी सेहो केने छथि। नवजोत सिंह सिद्धू बहुत समय सं राजनीति सं दूरी बनौने छथि। ओ फेर टेलीविजन आ कमेंट्री मे वापसी केने छथि। ओतहि हुनक पत्नी नवजोत कौर नव राजनीतिक दल बनेबाक संकेत देने छथि। एहन स्थिति मे जं नवजोत सिंह सिद्धू राजनीति मे वापसी करैत छथि तं संभव अछि जे ओ कांग्रेस या भाजपा दिस सं चुनाव नहि लड़थि। जं हुनक पत्नी राजनीतिक दल बनबैत छथि तं संभव अछि जे नवजोत सिंह सिद्धू आ हुनक पत्नी दुनू चुनाव लड़थि। हालांकि एहि संबंध मे एखन दुनू दिस सं कोनो औपचारिक घोषणा नहि कएल गेल अछि।

**की राजनीति मे वापसी करताह सिद्धू?**

### भाजपा छोड़ि कांग्रेस मे भेल छलाह शामिल

नवजोत सिंह सिद्धू साल 2004 मे भाजपा मे शामिल भेल छलाह। ओ अमृतसर लोकसभा सीट सं चुनाव जीति पहिल बेर संसद पहुंचल छलाह। मुदा 15 जनवरी 2017 कें ओ कांग्रेसक हाथ थामि लेलनि। कांग्रेस मे अएलाक बाद ओ अमृतसर पूर्व विधानसभा सीट सं चुनाव लड़ि कए जीत हासिल कएलनि। जुलाई 2021 मे कांग्रेस आलाकमान हुनका पंजाब प्रदेश कांग्रेस समितिक अध्यक्ष नियुक्त केने छल। नवजोत सिंह सिद्धू 2022 मे आम आदमी पार्टीक जीवन ज्योत कौर सं हारि गेल छलाह।

### परिवारक संग धार्मिक यात्रा पर छलाह

बता दी जे मई मास मे जखन नवजोत सिंह सिद्धू वृंदावन पहुंचल छलाह तं ओ स्वयं बतौने छलाह जे ओ धार्मिक यात्रापर छथि। एहि दौरान ओ राजनीतिक प्रश्नक कोनो जवाब देबाक सं मना कए देने छलाह। ओतहि किछु दिन पहिने ओ उत्तराखंड पहुंचल छलाह। ओ एहि साल लगातार दोसर बेर मां सुरकंडा देवी मंदिर पहुंचल छलाह। एतय ओ 3 दिन धरि मंदिर मे पूजा-अर्चना कएलनि आ घंटो ध्यान-साधना सेहो कएलनि। सिद्धू कें मां सुरकंडा मंदिर एतेक पसिन्न आएल जे ओ एहि साल दोसर बेर मंदिर पहुंचलाह आ पूरा 3 दिन धरि मंदिर मे पूजा-अर्चना कएलनि। शांति आ सुकून लेल ओ मंदिर मे घंटो ध्यान-साधना सेहो कएलनि।

## महाराष्ट्रक जेन-जी पर भाजपाक नजरि नगद आ रील सं युवा कें साधबाक तैयारी



दिल्ली आ रांची मे युवा नेतृत्व मे भेल प्रदर्शनक बाद विपक्ष कें एकटा अवसर नजरि आबि रहल अछि। ओतहि कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी) स्कूल ठीक करु अर्थात ग्रामीण सरकारी विद्यालय कें ठीक करबाक अभियान शुरू केने अछि। एहन स्थिति मे भाजपा नेतृत्व बला महाराष्ट्र सरकार जेन-जेड सं जुड़बाक रणनीति पर काज कए रहल अछि। अधिकारी सभक अनुसार गठबंधन सरकारक प्रत्येक मंत्री युवा सभ सं जुड़बाक तरीका पर अधिकारी सभक संग विचार-विमर्श कए रहल छथि। एहि सप्ताह देवेंद्र फड़नवीस सरकार युवा धरि पहुंच बनएबाक लेल 5 पहल घोषित केने अछि। एहि मे छात्रा सभ कें प्रत्येक मास 2,000 रुपैया देबाक प्रस्ताव सं लए कए फिल्मक माध्यम सं जेन-जेड सं जुड़बाक योजना धरि शामिल अछि। भाजपाक एकटा वरिष्ठ मंत्री नाम नहि छापबाक शर्त पर कहलनि, जेन-जेड आब हमर सभक सब सं पैघ चिंता बनि गेल अछि आ

**युवा सभ सं जुड़बाक 5 पहल**

हमरा सभ लग एखन एहन कोनो पक्का तरीका नहि अछि, जाहि सं हम हुनका सभ सं प्रभावी ढंग सं जुड़ि सकी। फड़नवीस सभ विभाग कें युवा सभक समस्या कें प्राथमिकताक आधार पर दूर करबाक निर्देश देलनि अछि। ओ मंत्री सभ सं ई सेहो कहलनि जे नव नीति आ योजना बनबैत समय जेन-जेडक हित कें ध्यान मे राखल जाए। जेन-जेड मे 1997 सं 2012क बीच जन्म लेल लोक शामिल छथि आ अनुमान अछि जे ओ राज्यक आबादीक करीब 25 प्रतिशत छथि। एकटा अधिकारी कहलनि, जे स्पष्ट बदलाव देखाइ पड़ि रहल अछि, से सामाजिक क्षेत्र पर बेसी जोर देनाइ अछि। मंत्री सभक ध्यान आब पैघ बुनियादी ढांचा परियोजना सं आगू बढ़ि ओहि बुनियादी सुविधाक दिस सेहो अछि, जाहि पर सीजेपी जोर दए रहल अछि। एहि मे शिक्षा आ स्वास्थ्य सं जुड़ल बुनियादी सुविधा शामिल अछि। राज्यक उच्च आ तकनीकी शिक्षा मंत्री चंद्रकांत पाटिल कहलनि जे सरकार छात्रा सभ कें आत्मनिर्भर बनेबाक लेल प्रत्येक मास 2,000 रुपैया पॉकेट मनी देबाक विचार कए रहल अछि। पाटिल कहलनि जे छात्र सभ कें बिना कोनो डरक प्रश्न पूछबाक लेल प्रोत्साहित करबाक चाही। ओ ई सेहो कहलनि जे शिक्षण संस्थानक परिसर मे स्वास्थ्य सुविधाक व्यवस्था होबाक चाही। ओ छात्र आ कुलपति या कॉलेजक प्राध्यापकक बीच नियमित बातचीत पर सेहो जोर देलनि। राज्यक संस्कृति मंत्री आशीष शेलार कहलनि जे सरकार जेन-जेड कें आकर्षित करबाक लेल विशेष मराठी फिल्मक निर्माणक खर्च उठाओत। एहि फिल्म सभ मे आधुनिक तकनीक, दृश्य प्रभाव आ जेन-जेड कें पसिन्न आबय बला विषय शामिल कएल जाएत। शेलार कहलनि, फिल्म बनेबाक आर्थिक भार सरकार निमार्ता सभक संग मिलि कए उठाओत। सरकार 15 सं 30 वर्षक युवा कें अपन माटि बचाउ आ पानि बचाउ अभियान सं जोड़बाक योजना सेहो बना रहल अछि। शुक्रदिन माटि आ जल संरक्षण मंत्रालय राज्यक सभ 36 जिला मे पानिक लेल चलू अभियानक घोषणा कएलक। एहि मे प्रत्येक प्रतिभागी कें एहि विषय पर 30 सं 60 सेकंडक इंस्टाग्राम रील बनेबाक होयत। सब सं नीक रील बनेनिहार कें पुरस्कार देल जाएत। आबय बला मास सं पर्व-त्योहारक मौसिम शुरू होमय बला अछि। एहन स्थिति मे सरकारक लग युवा सभ सं जुड़बाक एकटा आरो अवसर अछि। शेलार कहलनि, आब हमरा सभ कें पर्व-त्योहार मे बेसी समन्वय आनबाक, गतिविधि आ कार्यक्रमक संख्या बढ़एबाक, एकर संबंध मे वैज्ञानिक तरहे आंकड़ा जुटएबाक आ दुनियाक सामने प्रस्तुत करबाक आवश्यकता अछि। हमर योजना आ आयोजन एहि उद्देश्य कें ध्यान मे राखि कए होबाक चाही। पछिला साल धरि सरकारक भूमिका मुख्य रूप सं अनुमति देबाक धरि सीमित छल। मुदा आब जखन एहि पर्व कें राज्य महोत्सवक दर्जा भेटि गेल अछि, तं सरकार एकर आयोजक सेहो अछि। युवा धरि पहुंच बनएबाक एहि पहल सभक अतिरिक्त महाराष्ट्र सरकार नशाक विरुद्ध अपन अभियान मे सेहो बदलाव केने अछि। युवा मे नशाक लत सं निपटबाक लेल एहि अभियान कें पूरा राज्य मे फेर शुरू कएल गेल अछि। अधिकारी सभक अनुसार सरकार एहि बात कें लए चिंतित अछि जे नशाक समस्या ग्रामीण क्षेत्र धरि सेहो पहुंचि गेल अछि आ सरकार एकरा पूरा तरहे समाप्त करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। संबंधित विभाग कें महाराष्ट्र कें नशामुक्त बनेबाक लेल कदम उठएबाक कहल गेल अछि। एहि अंतर्गत प्रत्येक अस्पताल मे नशा-विरोधी प्रकोष्ठ बनएबाक आदेश देल गेल अछि।

# भाजपा-कांग्रेस जेन-जी कें अपना दिस किएक कए रहल अछि?

नीट प्रश्नपत्र लीक कें लए जुलाई मे भेल विरोध प्रदर्शन राजनीति कें नव दिशा देने अछि। एहि प्रदर्शन कें जेन-जेडक विरोध प्रदर्शन कहल गेल। एहि प्रदर्शन राजनीतिक दल कें अपन रणनीति बदलबाक लेल मजबूर केने अछि। भाजपा आ कांग्रेस जेन-जेड कें ध्यान मे राखि कए अपन रणनीति केना बदलि रहल अछि आ 2029क लोकसभा राजनीतिक दल कें फेर सं अपन रणनीति पर विचार करबाक लेल मजबूर कए देलक। लोकक ध्यान युवा मतदाता दिस गेल अछि आ राजनीतिक दल सभ सेहो अपन रणनीति पर विचार करए लगल अछि। जेन-जेड ओ युवा मतदाता छथि, जे रैली, टेलीविजन बहस या समाचारपत्रक सुर्खीक माध्यम सं मात्र राजनीति सं नहि जुड़ल छथि। जेन-जेड

**मोदी-राहुलक की रणनीति अछि?**

चुनाव मे जेन-जेड एहि दल सभ लेल कतेक महत्वपूर्ण होयत, एहि पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल अछि। नीट प्रश्नपत्र लीकक विरुद्ध एहि साल जुलाई मे विरोध प्रदर्शन भेल छल। एहि प्रदर्शन देशक युवा, खास कए जेन-जेड कें चर्चाक केंद्र मे आनि देलक। एहि विरोध प्रदर्शन इंस्टाग्राम, यूट्यूब, मीम आ परिसरक नेटवर्कक माध्यम सं राजनीतिक जानकारी लैत छथि, ओकरा पर चर्चा करैत छथि आ एतबे नहि, बल्कि एहि कें लए कार्यक्रम आ अभियान सेहो चलबैत छथि। एहि कारण 2029क लोकसभा चुनाव सं पहिने भारतक ई सब सं युवा मतदाता



राजनीतिक दल लेल चुनावी अवसरक संगहि नव चुनौती सेहो बनि गेल छथि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ राहुल गांधी लगातार जेन-जेड कें संबोधित कए रहल छथि। भाजपा आ कांग्रेस अपन संपर्क अभियान कें जेन-जेडक जरूरत आ रुचिक अनुरूप बदलि रहल अछि।

**जेन-जेड कें कोना अपना दिस कए रहल अछि भाजपा :** भाजपा सोशल मीडियाक उपयोग मे सफल रहल अछि आ पछिला 1 दशक मे सोशल मीडिया पर अपन मौजूदगी बहुत बढ़ौने अछि। दलक ध्यान बेसीतर उमेरदराज मतदाता पर रहल अछि, मुदा 2026क जेन-जेड विरोध प्रदर्शनक बाद ओकर डिजिटल व्यवस्था मे बदलाव आएल अछि। दलक राजनीतिक सोच कें चुनौती भेटल अछि। एहि कारण भाजपा हाल मे जेन-जेड आ अल्फा पीढ़ी कें ध्यान मे राखि कए ह्यवन डे, वन यूनिवर्सिटी अर्थात एक दिन, एक विश्वविद्यालय अभियान शुरू केने अछि। ई दलक प्रत्यक्ष संपर्क अभियान अछि, जाहि अंतर्गत कोनो केंद्रीय मंत्री कोनो विश्वविद्यालयक भ्रमण कए छात्र सभ सं बातचीत करताह। एहि सं युवा सभक संग सरकारक जुड़ाव सोशल मीडिया सं आगू बढ़ि परिसर धरि पहुंचत।

**प्रधानमंत्री मोदीक सेल्फी वीडियो सं शुरूआत :** भाजपाक संपर्क अभियानक एकटा हिस्सा डिजिटल सेहो अछि। एहि अंतर्गत बेसी छोट, संवादात्मक आ युवा केंद्रित सामग्री पर जोर देल जा रहल अछि। विरोध करैत छात्र सभ सं बातचीत करबाक लेल प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी स्वयं इंस्टाग्राम पर सेल्फी शैलीक वीडियो इस्तेमाल कएलनि। ई पहिल बेर छल जखन प्रधानमंत्री एहन तरीका अपनौलनि। ओ पोडियम या 'मन की बात'क माध्यम सं युवा प्रदर्शनकारी सभ सं बातचीत नहि कएलनि। रॉयटर्सक अनुसार, ई कदम जेन-जेडक नेतृत्व मे भेल विरोध प्रदर्शनक बाद युवा मतदाता कें अपन दिस कएबाक प्रयासक रूप मे देखल गेल।

**केंद्रीय मंत्रीक सोशल मीडिया पहुंच पर नजरि :** 19 अगस्त कें केंद्रीय मंत्रिमंडलक समीक्षा मे केंद्रीय मंत्री सभक सोशल मीडिया पहुंचक आकलन कएल गेल, जाहि मे मोदी सोशल मीडिया रिपोर्ट कार्ड मे सब सं आगू रहलाह। जंतर-मंतर पर विरोध प्रदर्शनक दौरान प्रधानमंत्री मोदी किछु रील सेहो साझा केने छलाह। एहि मे जीआरडब्ल्यूएम अर्थात हमरा संग तैयार होउ बला रील सेहो शामिल छल, जे कुल मिला कए 10 करोड़ सं बेसी बेर देखल गेल।

**भाजपाक परिसर अभियान :** दिल्ली मे भाजपा अपन युवा शाखा, विधायक, मंत्री आ भाजयुमो तथा अभाविप जेहन छात्र संगठन कें कहलनि अछि जे पहिल बेर मतदान कएनिहार युवा आ विश्वविद्यालयक छात्र सभक संग परिसर मे अपन जुड़ाव बढ़ाउ। हालांकि, एहि सं पहिने भाजपा बेसीतर रैली आ रोड शो पर निर्भर रहल अछि।

**कांग्रेस केना जेन-जेड कें अपन दिस कए रहल अछि :** भारतक मुख्य विपक्षी दल कांग्रेस सेहो चुपचाप अपन रणनीति बदलि रहल अछि। दलक एजेंडा मुख्य रूप सं लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी राष्ट्रीय स्तर पर आगू बढ़ा रहल छथि। युवा धरि पहुंचबाक लेल ओ दलक राजनीतिक रणनीति कें नव रूप दए रहल छथि। पारंपरिक रैली आ भारत जोड़ो यात्रा जेहन पैघ मार्च या किसान सभ सं बातचीतक बाद राहुल गांधी आब जेन-जेड आ अल्फा पीढ़ी लेल सीधे सवाल-जवाब जेहन तेज माध्यम पर ध्यान दए रहल छथि।

**राहुल गांधीक छात्र सभक गूंज अभियान :** राहुल गांधीक नेतृत्व मे कांग्रेस जेन-जेड धरि पहुंच बनएबाक लेल छात्र सभक गूंज नाम सं अभियान चला रहल अछि। दलक वेबसाइट पर एकरा एहि मुद्दा सभ पर आधारित देशव्यापी छात्र आंदोलन बताओल गेल अछि। राहुल गांधी पारंपरिक रैली पर पूर्ण रूप सं निर्भर रहबाक बदला एहि अभियान कें सीधे छात्र सभ धरि पहुंचा रहल छथि। प्रयागराज मे भेल बातचीतक दौरान हुनक संदेश दर्द, आंकड़ा, दौलत पर केंद्रित रहल।

# अंतिम सोमवारी पर 5 लाख श्रद्धालुक पहुंचबाक संभावना, प्रशासन बनौलक विशेष रणनीति

**एसडीओ मीडिया संग कएलनि बैसार, यातायात आ सुरक्षा व्यवस्था पर विशेष जोर**

समस्तीपुर, समदिय

साओनक अंतिम सोमवारी लेल सदर अनुमंडल पदाधिकारी राकेश कुमार शनिदिन प्रेस-मीडिया संग बैसार कए प्रशासनक तैयारी आ यातायात व्यवस्थाक जानकारी देलनि। बैसार मे सदर एसडीपीओ संजय कुमारपांडेय आ यातायात डीएसपी अभिषेक चौबे सेहो उपस्थित छलाह। एसडीओ बतौलनि जे अंतिम सोमवारीकें थानेश्वर स्थान मंदिर मे जलाभिषेक लेल करीब पांच लाख श्रद्धालुक पहुंचबाक संभावना अछि। श्रद्धालुक भारी भीड़ कें देखैत जिला प्रशासन द्वारा भीड़ नियंत्रण, यातायात आ सुरक्षा व्यवस्था कें लएविशेष रणनीति तैयार कएल गेल अछि। एसडीओ बतौलनि जे रविदिन आ सोमदिन कर्पूरी बस पड़ावक बदला पटेल मैदान सं सभ ठाम लेल बसक परिचालन कएल




जाएत। पैघ वाहनक परिचालन राति सं भोर धरि वैकल्पिक मार्ग सं कएल जाएत। एहि संबंध मे सदर एसडीओक नेतृत्व मे मोटर व्यवसायी संघक संग बैसार कए व्यवस्था तय कएल गेल अछि। एकर उद्देश्य शहर मे बसक आवागमन कें नियंत्रित करब आ श्रद्धालुक आवागमन कें सुगम बनौब अछि। शहर मे मोटरसाइकिलक आवागमन सेहो नियंत्रित कएल जाएत। श्रद्धालुक भीड़ आ कांवरिया पथ पर सुगम आवागमन कें देखैत विभिन्न स्थान पर बैरिकेडिंग कएल गेल अछि। एसडीओ बतौलनि जे मोटरसाइकिल सवार हॉस्पिटल गोलंबर, डीआरएम कार्यालय आ भोला टॉकीज रेलवे गुमटी धरि जा सकताह। एहि सं आगू कांवरिया पथ पर मोटरसाइकिलक आवागमनपूर्ण रूप सं प्रतिबंधित रहत। बैरिकेडिंग कएल गेल सभ स्थान पर पुलिस बलक तैनाती कएल जाएत।पुलिसकर्मी यातायात व्यवस्थाक संग श्रद्धालुक आवागमन पर सेहो नजरि रखताह। प्रशासन द्वारा भीड़नियंत्रित करबाक आ कोनो अप्रिय स्थिति सं निपटबाक लेल पर्याप्त सुरक्षा व्यवस्था कएल जा रहलअछि। थानेश्वर स्थान मंदिरक भीतर भीड़ नियंत्रण लेल श्रद्धालु सभक लेल अलग अलग कतारक व्यवस्थाकएल जाएत। मंदिर परिसर मे सीसीटीवी कैमरा सं लगातार निगरानी राखल जाएत। सुरक्षा व्यवस्थाकलेल मंदिरक भीतर 100 सं बेसी पुलिस जवानक तैनाती कएल जाएत। एकर अतिरिक्त सादा पोशाक मे सेहो पुलिसकर्मी तैनात रहताह, जाहि सं असामाजिक तत्व आ संदिग्ध गतिविधि पर नजरि राखल जासकय। एसडीओ राकेश कुमार श्रद्धालु सभ सं प्रशासन द्वारा निर्धारित यातायात व्यवस्थाक पालन करबाक आ पुलिस-प्रशासन कें सहयोग करबाक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे प्रशासनक प्रयास अछि जे अंतिम सोमवारी कें पैघ संख्या मे पहुंचनिहार श्रद्धालु सभ कें जलाभिषेक मे कोनो प्रकारक कठिनाई नहि हो आ शहर मे यातायात तथा विधि-व्यवस्था सुचारु बनल रहय।

# हर गाम टोला मे पक्की सड़क पहुंचाओल जाएत : विनय चौधरी




बहेड़ी, समदिया

स्थानीय विधायक सह बिहार विधानसभा मे सत्तारूढ़ एनडीए गठबंधनक सचेतक प्रो. विनय कुमार चौधरी कहलनि जे विधानसभा क्षेत्रक कोनो गाम, टोला अथवा मोहल्ला पक्की सड़क सं वंचित नहि रहत।शनिदिन ओ बहेड़ी प्रखंडक समधपुरा पंचायत अंतर्गत सोनमा गामक वार्ड संख्या-2 मे लालो रामक घर सं सुरेश रामक घर धरि नवनिर्मित पीसीसी सड़कक लोकार्पण केलनि। मुख्यमंत्री क्षेत्र विकास योजनाकअंतर्गत विधायक ऐच्छिक कोष सं निर्मित सड़कक लोकार्पणक अवसर पर विधायक कहलनि जे पूर्वमुख्यमंत्री नीतीश कुमारक सोच छल जे गामक प्रत्येक टोला-मोहल्ला आ बसावट कें पक्की सड़क सं जोड़ि राजधानी पटना धरि यात्रा सुगम बनाओल जाए। आइ बिहारक कोना-कोना मुख्य सड़क सं जुड़ि गेल अछि। ओ कहलनि जे बेनीपुर विधानसभा क्षेत्र मे ग्रामीण कार्य विभागक सड़कक सुदृढ़ीकरण कएल गेल अछि, जखन कि पथ निर्माण विभागक अंतर्गत कतेको सड़कक दोहरीकरण सेहो भेल अछि। आबयबला समय मे कतेको प्रमुख सड़क क्षेत्र सं जुड़त, जाहि सं विकास कें आओर गति भेटत। विधायककहलनि जे सड़क, शिक्षा, स्वास्थ्य, सिंचाई, पेयजल सहित सभ क्षेत्र मे विकास आ कल्याणकारी योजनाकतेजी सं क्रियान्वयन भए रहल अछि। ओ कहलनि जे क्षेत्रक विकास आ जनताक सेवाक लेल ओ 24 घंटातत्पर छथि। मौका पर जदयू युवा जिलाध्यक्ष राम शंकर सिंह, सज्जनपुरा मुखिया कुंदन सिंह, गजेंद्र प्रसादसिंह, मनीष कुमार, अंकित झा, राधारमन मंडल, संतोष साह, इंद्र लालदेव, प्रेम चौपाल, राम बुझावन मंडल, विपिन भगत, रौशन झा, सीताराम मंडल, रवींद्र सिंह सहित सैकड़ो ग्रामीण उपस्थित छलाह।

# नाह दुर्घटना सं बचावक उपाय लेल स्कूलक बच्चा कें कएल गेल जागरूक

शिवाजीनगर, समदिया

मुख्यमंत्री विद्यालय सुरक्षा कार्यक्रमक अंतर्गत शिवाजीनगर प्रखंडक सभ सरकारी विद्यालय मे शनिदिन सुरक्षित शनि कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। अगस्त माहक चतुर्थ शनिवारक निर्धारित विषय नावदुर्घटना एवं पानि मे डूबय सं बचाव पर केंद्रित एहि जागरूकता अभियान मे छात्र-छात्रा सभ कें जलस्रोतकलग बरतल जाएवाला सावधानी, नाव यात्रा दौरान सुरक्षा नियम, दुर्घटनाक स्थिति मे बचावक उपाय आ प्राथमिक उपचारक जानकारी देल गेल। विद्यालय सभ मे प्रधानाध्यापक, प्रधान शिक्षक आ शिक्षकक नेतृत्व मे बच्चा सभ कें आपात स्थिति मे धैर्य बना राखि सुरक्षित तरीका सं मदद करबाक जरूरी कौशल सं अवगत कराओल गेल। कार्यक्रमकदौरान बच्चा सभ कें कहल गेल जे नदी, पोखरि, पोखरि अथवा अन्य जलस्रोतक लग थोड़े-बहुत असावधानी सेहो गंभीर दुर्घटनाक कारण बनि सकैत अछि। नाव सं नदी पार करैत समय नावक क्षमता अनुसारयात्रिये कें सवार करबाक चाही। नाव पर चढ़ैत अथवा उतरैत समय धक्का-मुक्की आ भीड़ नहि करबाकचाही। नाव मे बैसला बाद अनुशासन बना रखब, संतुलन कायम रखब आ अनावश्यक रूप सं



नावक एकदिस झुकय सं बचब जरूरी अछि। बच्चा सभ कें ईहो बुझाओल गेल जे तैरबाक ज्ञान आ सुरक्षाउपकरणक बिना गहीर पानि मे उतरब जोखिमपूर्ण भए सकैत अछि। सुरक्षित शनि दौरान शिक्षक सभपानि मे कोनो व्यक्ति खसल अथवा डूबि रहलाक स्थिति मे तत्काल उठाओल जाएवाला सुरक्षित कदमकजानकारी देलनि। बच्चा सभ कें कहल गेल जे कोनो व्यक्ति कें डूबैत देखि बिना तैयारीक सीधे पानि मेकूदब खतरनाक भए सकैत अछि। एहि स्थिति मे किनारा सं रस्सी, बांस, लकड़ी, धोती, साड़ी अथवा अन्यउपलब्ध वस्तुक सहायता सं व्यक्ति कें सुरक्षित बाहर निकालबाक प्रयास करबाक चाही। संगहि आसपासक लोक कें तत्काल सूचना द आवश्यक आपात सहायता लेबाक पर जोर देल गेल। अभियानक दौरान बच्चा सभ कें पानि मे डूबला व्यक्ति कें बाहर निकाललाक बाद प्राथमिक उपचार देबाक जानकारी सेहो देल गेल। शिक्षक सभ प्राथमिक उपचार, कृत्रिम श्वसन आ सीपीआर जकां जीवनरक्षक प्रक्रियाक बारे मे बच्चा सभक बुझबाक क्षमता अनुसार जानकारी देलनि। आपदाक स्थिति मे घबरायबाक बदला शांत रहि त्वरित आ सुरक्षित कारबाइ करबाक महत्व सेहो बुझाओल गेल।

# बाइकक ठोकर सं महिलाक मृत्यु, आक्रोशित ग्रामीण सड़क पर कएलनि आगजनी

विद्यापतिनगर, समदिया

घटहो थाना क्षेत्रक बनवारा चौकक लग शनिदिन दुपहर तेज रफ्तार अज्ञात बाइकक ठोकर सं खेत सं घर लौटि रहल एक महिलाक घटनास्थले मृत्यु भए गेल। दुर्घटनाक बाद बाइक सवार फरार भए गेल।महिलाक मृत्यु कए खबर भेटिते आक्रोशित ग्रामीण सभ हाईस्कूल बनघाराक लग विद्यापतिनगर-घटहो मुख्य सड़क पर शव राखि जाम कए देलनि। सड़क पर आगजनी करैत पुलिस-प्रशासनक विरोध मे नारा लगाओल गेल। जाम हटेबाक लेल पहुंचल पुलिस कें ग्रामीण सभक भारी विरोधक सामना करय पड़ल। एहि दौरान पुलिस आ ग्रामीण सभक बीच नोकझोंकक बाद झड़पक स्थिति उत्पन्न भए गेल। मृतकक पहचान दलसिंहसराय प्रखंडक सुल्तानपुर घटहो पंचायतक वार्ड संख्या 17 निवासी शिवशंकर साहक पत्नी जीवछी देवी (55) केर रूप मे भेल अछि। परिजन बतौलनि जे जीवछी देवी शनिदिन दुपहर खेत मे मजदूरी



कएलाक बाद पैदल घर लौटि रहल छलीह। एहि दौरान बनवारा चौकक लग विद्यापतिनगर-घटहोमुख्य सड़क पर तेज रफ्तार बाइक हुनका जोरदार ठोकर मारि देलक। दुर्घटना मे ओ सड़क पर खसिपड़लीह आ गंभीर चोट लगबाक कारण घटनास्थले हुनकर मृत्यु भए गेल। दुर्घटनाक बाद बाइक सवारघटनास्थल सं फरार भए गेल। महिलाक मृत्यु कए जानकारी भेटिते परिजन आ आसपासक ग्रामीणघटनास्थल पर जुटय लगलाह। किछुए देर मे पैघ संख्या मे लोक जमा भए गेलाह। ग्रामीण सभ मुख्यसड़क पर तेज रफ्तार वाहनक परिचालन कें लए नाराजगी व्यक्त कएलनि। लोकक कहब छल जे मुख्य सड़क पर वाहनक गति पर प्रभावी नियंत्रण नहि रहबाक कारण आए दिन दुर्घटना भए रहल अछि। आक्रोशित ग्रामीण सभ हाईस्कूल बनघाराक लग सड़क पर आगजनी करैत विद्यापतिनगर-घटहो मुख्य मार्ग कें शवक संग जाम कए देलनि। सड़कक दुनू कात वाहनक लंबा कतार लागि गेल। एहि कारण राहगीर आ वाहन चालक सभ कें भारी परेशानीक सामना करय पड़ल। सूचना भेटिते घटहो थाना पुलिसघटनास्थल पर पहुंचल आ लोक सभ कें बुझा कए जाम समाप्त कराबयक प्रयास कएलक, मुदा ग्रामीणसभ अपन मांग पर अड़ल रहलाह। स्थिति नियंत्रित करबाक लेल घटहो थानाध्यक्ष रजनीश रंजन सेहो घटनास्थल पर पहुंचलाह। ग्रामीण सभ हुनकर विरोध करैत पुलिस-प्रशासनक विरुद्ध नारा लगौलनि। पुलिस आ ग्रामीण सभक बीच तीखा नोकझोंकक बाद हाथापाइक स्थिति उत्पन्न भए गेल। एहि सं किछुसमय लेल घटनास्थल पर तनावक वातावरण बनि गेल। पुलिस अधिकारी सभ ग्रामीण सभ कें बुझा कए स्थिति शांत करबाक भरपूर प्रयास कएलनि, मुदा लोक सभ अपन मांग पर अड़ल रहलाह। स्थिति गंभीर होइत देख दलसिंहसराय अंचल पुलिस निरीक्षक पिंकी प्रसाद सेहो घटनास्थल पर पहुंचलीह। ओ मृतकक परिजन आ आक्रोशित ग्रामीण सभ सं बातचीत कए हुनकर मांगक जानकारी लेलनि। पुलिस निरीक्षक लोक सभ कें बुझाबय आ स्थिति शांत कराबय मे जुटल रहलथि।

# साओन महोत्सव मे महिला सभ बिखेरलनि उमंग आ उत्साहक रंग

**महिला सभ मेहंदी, नृत्य आ गीत संगीत जकां प्रतियोगिता मे बढ़ि-चढ़ि कए भाग लेलनि**

समस्तीपुर/रोसड़ा, समदिया

रोसड़ा मे बरनवाल महिला परिवारक दिस सं साओन महोत्सवक आयोजन हर्षोल्लास आ उमंगक संगकएल गेल। कार्यक्रम मे महिला सभ मेहंदी, गीत-संगीत, नृत्य, रैंप वॉक आ सलाद सजावट जकां विभिन्नप्रतियोगिता मे बढ़ि-चढ़ि कए भाग लेलनि। छोट-छोट बच्चीक नृत्य प्रस्तुति सेहो कार्यक्रमक विशेषआकर्षण रहल। अध्यक्षा सुमिता, सचिव मीना, कोषाध्यक्ष ईशा देव आ उप सचिव सरिता बरनवालक नेतृत्वमे आयोजित महोत्सव मे महिला सभ गीत-संगीत आ नृत्यक शानदार प्रस्तुति दए वातावरण कें साओनमय बना देलनि। संरक्षिका नीलम देव आ प्रीति सेहो अपन नृत्य सं कार्यक्रम मे चारि चांद लगा देलनि। कार्यक्रम मे मेहंदी, रैंप वॉक, सलाद सजावट आ नृत्य प्रतियोगिता मे प्रतिभागी सभ अपनरचनात्मकता आ प्रतिभाक प्रदर्शन कएलनि। खास कए सास-बहू बीच एक-दोसराक प्रशंसा करबाकप्रतियोगिता सभक



ध्यान आकर्षित कएलक। एहि मे सास आ बहू एक-दोसरक गुणक खुलि कए प्रशंसाकएलनि, जाहि सं कार्यक्रम मे पारिवारिक सौहार्द आ अपनापनक सुंदर दृश्य देखबाक भेटल। कार्यक्रम केंसफल बनाबय मे संरक्षिका नीलम देव, प्रीति, स्वीटी, अल्पना, रूबी, आसी, सुप्रिया, शालिनी, कनिका, रंजू, लक्ष्मी, सरिता, गुड्डी, बबीता, पूर्णिमा, अंजलि, विनिता, सोनम सहित महिला परिवारक अन्य सदस्य सभ सक्रिय सहयोग देलनि।

# मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे सुरक्षित शनि कार्यक्रम आयोजित

समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुर प्रखंडक मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे प्रधानाध्यापक मुकेश कुमारक नेतृत्व मे मुख्यमंत्रीविद्यालय सुरक्षा कार्यक्रम अंतर्गत सुरक्षित शनिवारक आयोजन कएल गेल। एहि बेर कार्यक्रमक विषयछल - सुरक्षित विद्यालय, सुरक्षित छात्र, सुरक्षित समाज, सुरक्षित बिहार।एहि अवसर पर फोकल शिक्षिका बीबी शकीला रहमान नाव दुर्घटना आ डूबय सं बचावक संबंध मे महत्वपूर्ण जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे डूबयक मुख्य कारण, डूबय सं बचबाक उपाय, नाव सं यात्रा करबाक समय बरतबाक सावधानी तथा डूबैत व्यक्ति कें बचाबय लेल कोन-कोन उपाय करबाक चाही, एहि सभक जानकारी रहब बहुत जरूरी अछि। प्रधानाध्यापक मुकेश कुमार कहलनि जे नाव दुर्घटना आ डूबय सं बचावक संबंध मे पहिने सं



जानकारी रहलापर जान-मालक क्षति कें कम कएल जा सकैत अछि। एहि लेलआसपासक लोकक मदद लेबाक संग तत्काल 112 पर फोन कए प्रशासन सं सहायता लेबाक चाही। एहिदौरान लाठी, रस्सी, प्लास्टिकक बोतल आदि वस्तुक उपयोग कए डूबैत व्यक्तिक बचाव संबंधी मॉक ड्रिल सेहो कराओल गेल। बच्चा सभ कें व्यावहारिक रूप सं बचावक तरीका बुझाओल गेल। कार्यक्रमक अंत मे विद्यार्थी सभ कें शपथ दिआओल गेल जे ओ सभ जलस्रोतक लग सावधानी बरतताह, नाव सं यात्रा करबाक समय नियमक पालन करताह आ अपन संग दोसरक जीवन कें सेहो सुरक्षित रखबाक प्रयास करताह।

# एससी एसटी अत्याचार सं जुड़ल मामिलाक एसडीएम केलनि समीक्षा

बेनीपट्टी, समदिया

अनुमंडल कार्यालय स्थित एसडीएम कार्यालय प्रकोष्ठ मे अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेयक अध्यक्षता मे अनुमंडल स्तरीय अनुसूचित जाति एवं जनजाति अत्याचार निवारण अधिनियम, 1989अंतर्गत गठित सतर्कता एवं अनुश्रवण समितिक बैसार भेल। बैठकक शुरुआत मे अनुमंडल कल्याणपदाधिकारी नीतू कुमारी अनुसूचित जाति एवं जनजाति अत्याचार निवारण अधिनियम, 1989 आनियमावली, 1995क विभिन्न प्रावधानक विस्तृत जानकारी देलनि। एहि दौरान पूर्व बैठकक कार्यवाहीक अनुमोदनक प्रस्ताव राखल गेल, जाहि कें सर्वसम्मति सं अनुमोदित कएल




गेल।एसडीएम द्वारा पछिला तीन माह मे अनुमंडल क्षेत्र मे अनुसूचित जाति एवं जनजाति अत्याचार संसंबंधित मामिलाक समीक्षा कएल गेल। समीक्षा मे पाओल गेल जे तीन माहक दौरान कुल नौटा मामिला सामने आयल अछि। एहि मामिला मे नियमानुसार मुआवजा भुगतान आ अन्य आवश्यक कारबाइक प्रक्रिया चलि रहल अछि। बैसार मे अधिनियमक व्यापक प्रचार-प्रसार पर सेहो जोर देल गेल। सदस्य सभसं आग्रह कएल गेल जे ओ कानूनक जानकारी आम लोक धरि पहुंचाबय मे सक्रिय भूमिका निभाबथि,जाहि सं पीड़ित लोकनि कें अपन अधिकार आ उपलब्ध कानूनी संरक्षणक जानकारी भेटि सकय। एसडीएम कहलनि जे ई कानून मात्र दोषी कें दंडित नहि करैत अछि, बल्कि पीड़ित कें विशेष सुरक्षा आ अधिकार सेहो प्रदान करैत अछि।

# अंतिम सोमवारी पर चोरी रोकबाक लेल प्रशासन आ मंदिर न्यास समिति सतर्क

विद्यापतिनगर, समदिया

साओनक अंतिम सोमवारी कें विद्यापतिधाम उगना महादेव मंदिर मे उमड़यवला संभावित भीड़ कें देखैत प्रशासन आ मंदिर न्यास समिति चोरीक घटना पर रोक लगाबय लेल विशेष सतर्कता बरतबाक निर्णयलेने अछि। एहि संबंध मे जलाभिषेक लेल आबयवला श्रद्धालु सभ सं मंदिर परिसर आ गर्भगृह मे जेवर-जेवरात, पर्स, मोबाइल फोन सहित अन्य कीमती सामान लए कए प्रवेश नहि करबाक अपील कएल गेलअछि। प्रशासन आ मंदिर न्यास समिति द्वारा श्रद्धालु सभ कें जागरूक करैत कहल गेल अछि जे भीड़ मे चोर गिरोह सक्रिय भए सकैत अछि। तें श्रद्धालु भगवानक दर्शन आ जलाभिषेक लेल घर सं निकलैत समय अनावश्यक कीमती सामान संग नहि आनथि। महिलाक सभ सं विशेष रूप सं अपील कएल गेलअछि जे भारी जेवर पहिरि



कए मंदिर परिसर मे प्रवेश करय सं बचथि। मोबाइल, पर्स आ अन्य मूल्यवानवस्तु सुरक्षित स्थान पर रखबाक सलाह सेहो देल गेल अछि। अंतिम सोमवारी कें पैघ संख्या मे श्रद्धालुकपहुंचबाक संभावना कें देखैत मंदिर परिसर आ गर्भगृहक आसपास सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कएल जाएत।भीड़वला स्थान पर सुरक्षा कर्मीक तैनातीक संग संदिग्ध गतिविधि पर नजरि राखल जाएत। मंदिर परिसर मे लागल सीसीटीवी कैमरा सं भीड़ आ आबि-जाइत लोकक निगरानी कएल जाएत। पुलिसकर्मी आ मंदिर समितिक स्वयंसेवक सभ कें सेहो विशेष रूप सं सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि। प्रशासनक दिस संश्रद्धालु सभ सं अपील कएल गेल अछि जे जलाभिषेकक दौरान अपन सामानक जिम्मेवारी स्वयं लिअथि आ कोनो अनजान व्यक्तिक झांसा मे नहि पड़थि। भीड़ मे धक्का-मुक्की सं बचबाक लेल कतार मे रहिकए शांतिपूर्वक जलाभिषेक करबाक कहल गेल अछि। कोनो व्यक्तिक गतिविधि संदिग्ध बुझाए तं तत्काल सुरक्षा कर्मी अथवा पुलिस कें सूचना देबाक अपील कएल गेल अछि। मंदिर न्यास समिति सेहो श्रद्धालु सभ सं सहयोगक अपील करैत कहलनि जे अंतिम सोमवारी कें भक्त सभक सुविधा आ सुरक्षा सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। कीमती सामान नहि आनला सं चोरीक आशंका कम होयत आ श्रद्धालु सभ कें भीड़ मे जलाभिषेक करबो आसान होएत।

# कलवारा विद्यालय मे राखी प्रतियोगिता, छात्र छात्रा सभ देखौलनि रचनात्मक प्रतिभा

शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत उत्क्रमित मध्य विद्यालय कलवारा मे शनिदिन छात्र-छात्रा सभक रचनात्मकता, कला-कौशल आ भारतीय संस्कृतिक प्रति रुचि बढ़ेबाक उद्देश्य सं राखी प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। विद्यालयक प्रधानाध्यापक बालमुकुंद सिंहक नेतृत्व मे आयोजित एहि प्रतियोगिता मे कक्षा छह, सात आ आठक करीब 70 छात्र-छात्रा उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। प्रतियोगिता कें लए विद्यालय परिसर मे उत्साह आ उमंगक वातावरण रहल। प्रतियोगिताक दौरान विद्यार्थी सभ अलग-अलग समूह बनाकऽ उपलब्ध सामग्रीक उपयोग करैत आकर्षक आ सुंदर राखी तैयार कएलनि। बच्चा सभ अपन कल्पनाशीलताक परिचय दैत रंग-बिरंगक धागा, मोती, कागज, सजावटी सामग्री सहित अन्य वस्तुक उपयोग सं मनमोहक राखी बनौलनि। निर्धारित समय मे विद्यार्थी सभ एक-दोसरक सहयोग सं राखी तैयार कए अपन कला प्रतिभाक प्रदर्शन कएलनि। विद्यार्थी सभ द्वारा तैयार राखी शिक्षक सभक ध्यान सेहो आकर्षित कएलक। प्रतियोगिताक बाद विद्यालय द्वारा गठित प्रतिनिधिमंडल विद्यार्थी सभक बनाओलराखीक अवलोकन कए रचनात्मकता, सजावट, आकर्षण आ कलात्मक प्रस्तुति सहित विभिन्न आधार पर प्रथम, द्वितीय आ तृतीय स्थान लेल प्रतिभागी सभक चयन कएलक। कक्षा आठ मे अमन, प्रिय रंजन,दिव्या, मीना आ श्वेता नीक प्रदर्शन कएलनि। ओतहि कक्षा सात मे अंजना, सोमाली, लक्ष्मी आ संध्या विजेता रहलथि। कक्षा छह मे रिशिका, सोनाक्षी, सुधांशु, माणिक आ गुंजन उत्कृष्ट प्रदर्शन कए अपनप्रतिभाक परिचय देलनि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक बालमुकुंद सिंह सभ प्रतिभागी विद्यार्थी सभक प्रयासक सराहना कएलनि। ओ कहलनि जे पढ़ाइक संग एहि तरहक रचनात्मक गतिविधिक आयोजन बच्चा सभक सर्वांगीण विकास लेल बहुत महत्वपूर्ण अछि। एहन प्रतियोगिता सं विद्यार्थी सभ मेरचनात्मक सोच, आत्मविश्वास, आपसी सहयोग आ अपन प्रतिभा कें सामने रखबाक क्षमता विकसितहोइत अछि। संगहि भारतीय संस्कृति, परंपरा आ पर्व-त्योहारक प्रति बच्चा सभक रुचि आ जुड़ाव सेहो मजबूत होइत अछि।

# झारखंडक सीमेंट कारखाना मे ब्लास्ट, 3 इंजीनियरक मृत्यु

**यूनिट प्रभारीक आरोप- बेसी तापमानक कारण भेल दुर्घटना, कतेको बेर एसी लगएबाक कहल गेल छल**

रामगढ़,समदिया



झारखंडक रामगढ़क बरकाकाना मे मां छिन्नमस्तिका सीमेंट एंड इस्पात कारखाना मे शुक्रदेर राति पैघ दुर्घटना भेल। कारखाना मे काजक दौरान अनचोके टरबाइन मे ब्लास्ट भए गेल। धमाका एतेक जोरदार छल जे संयंत्र मे भीषण आगि लागि गेल। दुर्घटना मे 3 इंजीनियरक झुलसि कए मृत्यु भए गेल। एकटा मजदूर गंभीर रूप सं घायल अछि। यूनिट प्रभारीक कहनाइ अछि जे अधिक तापमानक कारण दुर्घटना भेल। प्रबंधन सं कतेको बेर एसी लगएबाक कहल गेल, मुदा एहि दिस कोनो पर्याप्त काज नहि भेल।मृतकक पहचान रांची निवासी संजीव कुमार केसरी (50), बोकारोक जगेश्वर बिहार निवासी विनीत महतो (25) आ गढ़वा निवासी अभिषेक पांडेय (24) केर रूप मे भेल अछि। घायल मजदूर तरुण रजवार कें अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। ग्रामीणक मांग- मृतकक आश्रित कें मुआवजा, नौकरी देल जाए ब्लास्ट आ आगि लगबाक सूचना भेटिते कारखाना प्रबंधनक अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिस कें सेहो घटनाक जानकारी देल गेल। एकर बाद रामगढ़ सं 4-5 दमकल वाहन बजाओल गेल। दमकलकर्मी कतेको प्रयासक बाद कारखानाक पावर प्लांट मे लागल आगि पर काबू पओलनि। हादसाक बाद कारखाना परिसर मे देर राति धरि अफरा-तफरीक माहौल रहल। घटनाक जानकारी भेटलाक बाद शनिदिन भोर स्थानीय ग्रामीण सेहो पैघ संख्या मे कारखानाक आगू जमा भेलाह। ग्रामीण दुर्घटना मे मारल गेल कर्मचारीक आश्रित कें उचित मुआवजा आ परिवारक एक सदस्य कें नौकरी देबाक मांग कएलनि। ग्रामीण कारखाना गेट जाम करबाक तैयारी मे छथि। तीनू मृतकक शव फेर कारखाना लग आनल जा रहल अछि। घटना कें लए क्षेत्र मे तनावक स्थिति बनल अछि। लोक मे कारखानाप्रबंधनक विरुद्ध नाराजगी अछि।कारखानाक पावर प्लांट यूनिटक प्रभारी अनुराग त्रिपाठी हादसाक लेल प्रबंधनक लापरवाही कें जिम्मेदार ठहरौलनि। अनुराग आरोप लगौलनि जे प्लांट मे तापमान बढ़लाक आ अधिक तापमानक कारण ई दुर्घटना भेल। तापमान नियंत्रित करबाक लेल प्रबंधन सं एसी लगएबाक अनुरोध कएल गेल छल, मुदा एहि दिस पर्याप्त कदम नहि उठाओल गेल। जं समय रहैत तापमान नियंत्रित करबाक व्यवस्था कएल जाइत तं दुर्घटना कें टारल जा सकैत छल। कारखाना मे काज कएनिहार अशोक गोराई कहलनि, 'टरबाइनक मदति सं बिजली पैदा कएलजाइत अछि। एहि ठाम सं पावर सप्लाई होइत अछि। एहि कारण एतय तापमान बेसी रहैतअछि। एकरा ठंडा राखल जाइत अछि। एहि सभक देखभाल लेल इंजीनियर रहैत छथि। मुदाएतय एसी नहि छल। ई प्रबंधनक लापरवाही अछि।' मुदा हादसाक वास्तविक कारण की छल, ई आधिकारिक जांचक बादे पूरा तरहे स्पष्ट होयत। फिलहाल पुलिस आ कारखाना प्रबंधन घटनाक कारणक जानकारी जुटा रहल अछि। हादसाक बाद सुरक्षा व्यवस्था आ प्लांट मे काज कएनिहार कर्मचारीक सुरक्षा कें लए सेहो सवाल उठि रहलअछि। 5 बहिनक एकमात्र भाय छलाह विनीत कारखाना दुर्घटना मे जान गमओनिहार बोकारोक जगेश्वर बिहार निवासी विनीत महतो 5 बहिनक एकमात्र भाय छलाह। करीब 4 साल पहिने हुनक विवाह भेल छल। हुनक 2 छोट-छोट बच्चा अछि। परिवार मे वृद्ध माता-पिता छथि, जिनक देखभालक जिम्मेदारी सेहो विनीतक कंधा पर छल।बहिन फुलेश्वरी कहलनि, 'विनीत हे घर मे कमएनिहार एकमात्र सदस्य छलाह। आब परिवारक गुजर-बसर केना होयत, ई बुझाइ नहि रहल अछि। भायक मृत्यु पूरा परिवार कें तोड़ि कए राखि देने अछि।' फुलेश्वरी देवी हादसाक लेल कारखाना प्रबंधन कें जिम्मेदार ठहरबैत पूछलनि, 'जं विनीतक मृत्यु भए गेल छल, तं प्रबंधन हुनका रिम्स किएक लए गेल? प्रबंधनक लापरवाहीक कारण आइ भाय एहि दुनिया मे नहि छथि। सरकार आ कारखाना प्रबंधन परिवारक आर्थिक सहायता करय।'

# गुमला शहरक 22 वार्ड मे नालीक सफाई लेल मात्र 14 कर्मी

गुमला,समदिया



60 हजारक आबादी आ 22 वार्ड बला गुमला शहर मे नालीक सफाई लेल नगर परिषदकलग मात्र 14 कर्मी छथि। एहि मे सं एक-दू कर्मी रोज अनुपस्थित रहैत छथि। एहि कारण मात्र 12 कर्मीक भरोसे एतेक पैघ शहरक नालीक साफ-सफाईक जिम्मेदारी अछि।एकर परिणाम ई अछि जे कतेको नाली बजबजा रहल अछि आ ओकर नियमित सफाई नहि भएपाबि रहल अछि। नाली मे जमल गंदगी, कचरा आ पानिक जमावक कारण मौसमी बेमारीक आशंका बनल अछि। बरखा भेलापर नालीक कचरा मुख्य सड़क पर बहि रहल अछि। एहि लचरव्यवस्था सं पार्षद नाराज छथि आ हुनका जनता कें गुस्साक सामना करए पड़ि रहल अछि।जनता दिस सं नालीक संबंध मे लगातार शिकायत भेटलाक बादो ओ समस्या दूर नहि कए पारहल छथि आ व्यवस्थाक कमी पर चिंता व्यक्त कए रहल छथि। पार्षदक कहनाइ अछि जे कर्मीक कमी कें देखैत नगर परिषदक बोर्ड बैठक मे 20 अतिरिक्त सफाई कर्मीक बहालीक प्रस्ताव सर्वसम्मति सं पारित कएल गेल छल। मुदा कतेको मासबीतलाक बादो एखन धरि एहि दिस मे कोनो सकारात्मक प्रगति नहि देखाइ पड़ि रहल अछि। ईओ मनीष कुमार कहलनि जे नाली सफाई कर्मीक संख्या पहिनेक तरहे यथावत अछि। बहालीक संबंध मे विभागीय पत्र प्राप्त भेल अछि, जाहि मे उल्लेख अछि जे निकायक बदला एजेंसीकमाध्यम सं कर्मीक बहाली करबाक अछि। ओ कहलनि जे सफाई व्यवस्था दुरुस्त करबाक लेल जेसीबी सं सफाई कराओल जा रहल अछि। एकरा संगहि आबै बला दिन मे मशीनक माध्यम सं सफाईक व्यवस्था सुनिश्चित कराओल जाएत। एहि लेल मशीन खरीदबाक प्रक्रिया आखरी चरण मे अछि। ओ नागरिक सं सेहो अपील कएलनि जे कचरा या गंदगी नाली या सड़कक किनार पर नहि फेकथि, जाहि सं शहर कें स्वच्छ राखल जा सकय।पार्षद जिशान आलम, दिलीप भगत, केके मिश्रा आ फैजान अशदकी कहलनि जे हर दिन भोर- भोर लोकक फोन आबय लगैत अछि। नालीक सफाई सं लए कए अन्य सुविधा उपलब्ध कराएबहुनक जिम्मेदारी अछि। मुदा संसाधन आ कर्मीक अभाव मे ओ सभ बेबस छथि। पार्षद सभ ईओ सं मांग कएलनि जे सफाई कर्मीक संख्या मे तुरत बढ़ोतरी कएल जाए। वार्डवारनियमित रूप सं रोस्टर तैयार कए नालीक विशेष सफाई अभियान चलाओल जाए। मैनपावरककमी कें देखैत शहर मे आधुनिक सक्शन आ ड्रेनेज क्लीनिंग मशीनक माध्यम सं नालीकसफाईक स्थायी व्यवस्था कएल जाए।

# नशा सं दूर रहबाक लेल विद्यार्थी कें कएल गेल जागरूक

बारियातू,समदिया



प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालय सेवा केंद्र, बारियातूक तत्वावधान मे नशामुक्ति अभियानक अंतर्गत शुक्र कें मुख्यालय स्थित परियोजना प्लस टू उच्च विद्यालय आ आदर्श मध्य विद्यालय मे जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहि दौरान सेवा केंद्रकबहिन गुड़िया आ बीके चंद्रेश शिक्षक आ विद्यार्थी कें नशाक दुष्परिणामक जानकारी देलनि। ओ नशा सं दूर रहबाक लेल प्रेरित कएलनि।ओ सभ बतौलनि जे प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालयक मेडिकल विंग आ भारत सरकारक सामाजिक न्याय एवं अधिकारिता मंत्रालयक सहयोग सं दादी प्रकाशमणिक स्मृति मे देशक 10 करोड़ लोक कें नशामुक्त बनेबाक उद्देश्य सं नशामुक्ति प्रतिज्ञा अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत दुनू विद्यालय मे विद्यार्थी कें नशा सं होमय बलाशारीरिक, मानसिक आ सामाजिक दुष्प्रभावक जानकारी देल गेल।कार्यक्रमक दौरान दुनू विद्यालयक शिक्षक-शिक्षिका आ विद्यार्थी नशा सं दूर रहबाक शपथलेलनि। ओ दोसर लोक कें सेहो नशामुक्त जीवन लेल प्रेरित करबाक शपथ लेलनि।ओतहि रक्षा बंधन पर्वक अवसर पर बहिन गुड़िया प्रखंड विकास पदाधिकारी अमित कुमारपासवान आ अंचलाधिकारी कोकिला कुमारी कें तिलक लगा कए रक्षा सूत्र बांधलनि। ओ हुनक सफल आ सुखमय जीवनक मंगलकामना कएलनि। एहि अवसर पर ओ ईश्वरीय विश्वविद्यालयक आध्यात्मिक संदेश पत्रिका सेहो भेंट कएलनि।

# विधानसभा घेराव मे छात्र पर लाठीचार्जक एनएचआरसी लेलक संज्ञान

**झारखंडक मुख्य सचिव आ डीजीपी सं मांगलक जवाब**

रांची,समदिया



10 अगस्त कें झारखंड विधानसभा घेरावक दौरान कथित बल प्रयोगक मामिला मे राष्ट्रीयमानवाधिकार आयोग संज्ञान लेल अछि। आयोग मुख्य सचिव आ डीजीपी कें नोटिस जारी कए 2सप्ताहक भीतर रिपोर्ट मांगल अछि।भेटल जानकारीक अनुसार, सामाजिक कार्यकर्ता कृष्णा राजपूत एकटा समाचारपत्र मे प्रकाशितखबरक आधार पर आयोग मे शिकायत केने छलाह। उक्त समाचार मे विरोध मार्च आविधानसभा घेरावक दौरान 5 लोक घायल होबाक उल्लेख छल। एहि समाचार पर आयोग संज्ञान लैत पूरा मामिलाक वास्तविकता स्पष्ट करबाक लेल रिपोर्ट मांगल अछि। आजसू पार्टीक केंद्रीय प्रवक्ता डॉ. देवशरण भगत कहलनि जे छात्र सभ दिस सं शांतिपूर्ण तरहे पुतला दहनक दौरान जाहि तरहे झामुमो कार्यकर्ता पुलिसक संरक्षण मे छात्र पर लाठी चलौलनि, से अत्यंत दुर्भाग्यपूर्ण आ लोकतंत्र लेल चिंताजनक अछि।ओ कहलनि जे लोकतंत्र मे सरकारक नीतिक विरुद्ध शांतिपूर्ण विरोध करनाइ प्रत्येक नागरिक,खास कए युवा सभक संवैधानिक अधिकार अछि। छात्रक आवाज सुनबाक बदला जं सत्ताकसंरक्षण मे हुनका पर लाठी बरसाओल जाएत, तं ई मात्र दमन नहि, बल्कि लोकतांत्रिक मूल्यकहत्या अछि।झारखंडक युवा रोजगार, पारदर्शी परीक्षा व्यवस्था आ अपन भविष्यक मांग कए रहल छथि। हुनक आवाज दबएबाक बदला सरकार कें हुनक प्रश्नक जवाब देबाक चाही। ओ कहलनि जे पहिने विधानसभा घेरावक दिन सेहो छात्र पर लाठी बरसाओल गेल छल।

# 24 अगस्त सं एसआईआरक फेज 2 पर काज शुरू, आब मतदाता धरि पहुंचत नोटिस




केरेडारी,समदिया

निर्वाचन विभाग आगामी 24 अगस्त 2026 सं झारखंड मे एसआईआरक फेज 2 पर काज शुरू करत। एहि कें लए शुक्र कें केरेडारी अंचल मे सहायक निर्वाची पदाधिकारी सह सीओविपिन चंद्र विश्वासक नेतृत्व मे प्रखंड सभागार मे सभ बीएलओ, को-ऑर्डिनेटर, कोषांग प्रभारी आ पर्यवेक्षकक संग बैठक कएल गेल। बैठक मे बताओल गेल जे जिनक नाम वर्ष 2003क मतदाता सूची मे नहि अछि, हुनक माता- पिता आ दादा-दादीक नाम सेहो नहि अछि आ वर्तमान मे हुनक नाम बिना साक्ष्य मतदाता सूची मे जोड़ल गेल अछि, तं हुनक नाम पर नोटिस जारी कएल जाएत। सभ मिलि कए मतदाता सभ सं संपर्क करताह। हुनका सभ सं निवासक प्रमाण, उम्रक प्रमाण आ अपन पूर्वज सं पहचानक प्रमाण लेल जाएत।ज्ञात हो जे एहि काज लेल 3 सहायक निर्वाची पदाधिकारी नियुक्त कएल गेल छथि। एहि मे सीओ विपिन चंद्र विश्वास, बीडीओ विवेक कुमार आ रामगढ़ सं आएल पदाधिकारी शंकर प्रसाद शामिल छथि। एकर अतिरिक्त 57 कोषांग प्रभारी, 108 बीएलओ, 108 स्वयंसेवक आ 11पर्यवेक्षक नियुक्त कएल गेल छथि।बैठक मे पर्यवेक्षक शिवचरण साहू, राजेंद्र प्रसाद साहू आ अन्य कर्मी उपस्थित छलाह।

# सरायकेला-खरसावां मे एथनॉल लादल टैंकर पलटल, स्विफ्ट कार कें टक्कर मारला सं भेल दुर्घटना

**3 लोक घायल, ड्रम मे एथनॉल भरैत देखल गेल लोक**

सरायकेला-खरसावां,समदिया



सरायकेला-खरसावां जिलाक चांडिल थाना क्षेत्रक चिल्गूक लग एथनॉल लदल एकटा टैंकर अनियंत्रित भए कए सामने सं आबि रहल स्विफ्ट कार कें अपन चपेट मे लेबाक बाद सड़क पर पलटि गेल। टक्कर एतेक जोरदार छल जे स्विफ्ट कार बुरी तरहे क्षतिग्रस्त भए गेल। दुर्घटना मे कार मे सवार 3 लोक घायल भए गेलाह। हालांकि, तीनू लोकक स्थिति सामान्य अछि।जानकारीक अनुसार, स्विफ्ट कार मे सवार लोक रांची एयरपोर्ट दिस जा रहल छलाह। एहि बीच चिल्गूक लग दुर्घटना भेल। दुर्घटनाक बाद घटनास्थल पर अफरा-तफरीक माहौल बनि गेल। पलटल टैंकर सं एथनॉलक रिसाव शुरू भए गेल। सूचना भेटिते स्थानीय पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ स्थिति कें नियंत्रित करबा मे जुटि गेल। पुलिस घटनास्थलक स्थिति संभारैत लोक कें सुरक्षित राखबाक आ यातायात व्यवस्थित करबाक प्रयास शुरू कएलक।एथनॉल रिसिते डब्बा मे भरे लगलाह लोकदुर्घटनाक बाद टैंकर सं एथनॉल रिसबाक जानकारी भेटिते आसपासक लोकक पैघ भीड़ घटनास्थल पर जमा भए गेल। किछु लोक टैंकर सं बाहर निकलि रहल एथनॉल कें बर्तन मेभरैत सेहो देखल गेल। रिसावक कारण घटनास्थल पर स्थिति तनावपूर्ण बनल रहल। पुलिसक पहुंचलाक बाद घटनास्थल पर मौजूद लोक कें नियंत्रित कएल गेल। दोसर दिस दुर्घटनाक कारण एनएच-33 पर किछु समय लेल वाहनक आवागमन प्रभावित रहल आ सड़क पर हल्का जाम लागि गेल। पुलिस आ स्थानीय प्रशासनक तत्परताक बाद धीरे-धीरे यातायात सामान्य कराओल गेल।सिंगल लेन मे दुनू दिस सं आएल वाहन टैंकर चालकक अनुसार, ओ एथनॉल लए भुवनेश्वर दिस जा रहल छल। चिल्गूक लग सड़क सिंगल लेन होबाक कारण दुनू दिस सं वाहन एक संग आबि गेल। एहि बीच टैंकरक संतुलन बिगड़ि गेल आ ओ स्विफ्ट कार सं टकराकए सड़क पर पलटि गेल। टक्करक बाद कार मे सवार3 लोक घायल भेलाह, जिनका स्थानीय स्तर पर इलाज लेल लए जाएल गेल। हुनक स्थिति सामान्य बताओल जा रहल अछि। हादसाक बाद पुलिस घटनास्थलक जायजा लेल आ दुर्घटनाक कारणक जांच शुरू कए देलक अछि। फिलहाल पुलिस आ स्थानीय प्रशासनक निगरानी मे स्थिति सामान्य अछि। एनएच-33 पर वाहनक आवागमन धीरे-धीरे सामान्य भए गेल अछि।



# 24 अगस्त सं एसआईआरक फेज 2 पर काज शुरू, आब मतदाता धरि पहुंचत नोटिस

केरेडारी,समदिया

निर्वाचन विभाग आगामी 24 अगस्त 2026 सं झारखंड मे एसआईआरक फेज 2 परकाज शुरू करत। एहि कें लए शुक्र कें केरेडारी अंचल मे सहायक निर्वाची पदाधिकारी सह सीओ विपिन चंद्र विश्वासक नेतृत्व मे प्रखंड सभागार मे सभ बीएलओ, को-ऑर्डिनेटर, कोषांग प्रभारीआ पर्यवेक्षकक संग बैठक कएल गेल। बैठक मे बताओल गेल जे जिनक नाम वर्ष 2003क मतदाता सूची मे नहि अछि, हुनक माता- पिता आ दादा-दादीक नाम सेहो नहि अछि आ वर्तमान मे हुनक नाम बिना साक्ष्य मतदाता सूची मे जोड़ल गेल अछि, तं हुनक नाम पर नोटिस जारी कएल जाएत। सभ मिलि कए मतदाता सभसं संपर्क करताह। हुनका सभ सं निवासक प्रमाण, उम्रक प्रमाण आ अपन पूर्वज सं पहचानकप्रमाण लेल जाएत।ज्ञात हो जे एहि काज लेल 3 सहायक निर्वाची पदाधिकारी नियुक्त कएल गेल छथि। एहि मे सीओ विपिन चंद्र विश्वास, बीडीओ विवेक कुमार आ रामगढ़ सं आएल पदाधिकारी शंकर प्रसाद शामिल छथि। एकर अतिरिक्त 57 कोषांग प्रभारी, 108 बीएलओ, 108 स्वयंसेवक आ 11 पर्यवेक्षक नियुक्त कएल गेल छथि।बैठक मे पर्यवेक्षक शिवचरण साहू, राजेंद्र प्रसाद साहू आ अन्य कर्मी उपस्थित छलाह।

# सिमडेगा पुलिस कें भेटल 15 नव पेट्रोलिंग वाहन, एसपी विभिन्न थाना-ओपी कें कएलनि सुपुर्द

सिमडेगा,समदिया




जिला मे सुरक्षा व्यवस्था कें आरो मजबूत आ प्रभावी बनेबाक दिस मे सिमडेगा पुलिसकें पुलिस मुख्यालय दिस सं 15 नव पेट्रोलिंग वाहन उपलब्ध कराओल गेल अछि। शुक्रदिनपुलिस अधीक्षक श्रीकांत एस खोटरे सभ 15 वाहन कें जिलाक विभिन्न थाना आ ओपी कें सुपुर्द कएलनि। नव वाहन भेटला सं जिला मे पुलिसक गश्ती व्यवस्था मजबूत होएबाक संगहि अपराध नियंत्रण आ आपात स्थिति मे पुलिसक त्वरित प्रतिक्रिया देबाक क्षमता बढ़त। एसपी कहलनि जे जिला मे पेट्रोलिंग व्यवस्था कें मजबूत करबाक उद्देश्य सं पुलिस मुख्यालय दिस सं एहि सं पहिने सेहो 15 पेट्रोलिंग वाहन उपलब्ध कराओल गेल छल। एहि वाहन सभ कें 18 मार्च कें पुलिस अधीक्षक जिलाक विभिन्न थाना आ ओपी कें सुपुर्द केने छलाह। एहि वाहनक माध्यम सं विभिन्न थाना क्षेत्र मे नियमित गश्ती आ पेट्रोलिंग कें प्रभावी बनाओल जा रहल अछि। पेट्रोलिंग वाहनक माध्यम सं थाना क्षेत्र मे लगातार गश्ती भेला सं अपराध आ असामाजिक गतिविधि पर नजरि रखबा मे सहायता भेटि रहल अछि। एकरा संगहि संवेदनशीलक्षेत्र मे पुलिसक मौजूदगी बढ़एबाक, विधि-व्यवस्था बना रखबाक तथा कोनो घटना संबंधी सूचना भेटिते घटनास्थल पर पुलिस टीम कें शीघ्र पहुंचेबा मे एहि वाहन सभक महत्वपूर्ण भूमिका अछि।

## नालंदाक बजार मे चीनी, तेलक दाम मे उछाल

# सुखाड़क असरि सं तरकारी दाम सेहो चढ़ल आकाश

### परोड़ 60 रुपैया किलो, भनसाघरक बिगड़ल बजट

**नालंदा, समदिया**

नालंदाक शहरी आ ग्रामीण बाजार मे रोजमर्राक जरूरी खाद्य वस्तुक दाम मे अनचोके आएल उछाल सं आम लोकक रसोइक बजट पूरा तरहे बिगड़ि गेल अछि। पछिला 10 सं 15 दिनक भीतर खुदरा बाजार मे चीनी आ खाद्य तेलक दाम तेजी सं बढ़ल अछि।

एकर संगहि पर्याप्त बरखा नहि भेला सं आ सुखाड़ जेहन स्थिति बनल रहला कारण हरियर तरकारी आवक घटल अछि, जाहि सं ओकर दाम मे सेहो भारी बढ़ोतरी दर्ज कएल जा रहल अछि। लगातार बढ़ैत एहि महंगाइक कारण मध्यम आ निम्न वर्गीय परिवार लेल घर चलाएब कठिन भए रहल अछि। एहि सं बाजार मे ग्राहक आ दोकानदार दूनूक परेशानी बढ़ि गेल अछि।



#### किराना बाजार मे चीनी आ रिफाइंड तेल मे तेजी

जिलाक स्थानीय किराना बाजार मे पछिला 10 दिनक भीतर चीनीक दाम मे प्रति किलोग्राम 15 सं 20 रुपैया धरि बढ़ोतरी भेल अछि। किराना दोकानदार भोला साह स्थिति पर चिंता व्यक्त करैत कहलनि जे थोक मंडी सं माल पहिने सं पैघ दर पर भेटि रहल अछि। एहि कारण मजबूरी मे बढ़ल दाम पर सामान बेचए पड़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे पहिने सं महंगाइक दबाव झेलि रहल ग्राहक जखन दोकान पर अबैत छथि तं बढ़ल दाम सुनि कए नाराजगी व्यक्त करैत छथि आ कतेको बेर बिना खरीदारी केने वापस चलि जाइत छथि। चीनीक अतिरिक्त रिफाइंड तेल आ सरसो तेलक दाम मे सेहो प्रति लीटर 10 सं 15 रुपैयाक तेजी आएल अछि।

दोकानदारक कहनाइ अछि जे ई मूल्यवृद्धि हुनका सभक हाथ मे नहि अछि, बल्कि थोक आपूर्ति आ व्यापक बाजार नीति कें पर निर्भर करैत अछि।

#### बरखाक कमी सं तरकारी मंडी पर पड़ल सीधा असरि

किराना सामानक संगहि जिलाक तरकारी मंडी मे सेहो मौसमी मारि स्पष्ट देखाइ पड़ि रहल अछि। तरकारी विक्रेता रविंद्र कुमार कहलनि जे एहि बेर जिला मे सामान्य बरखा नहि भेल आ सुखाड़क स्थिति बनल रहला कारण खेत मे तरकारी उत्पादन प्रभावित भेल अछि। बाहर सं आबय बला आवक कम भेला सं हरियर तरकारी भाव चढ़ि गेल अछि।

पहिने 40 रुपैया प्रति किलो बिकनिहार परवल आब 60 रुपैया प्रति किलो धरि पहुंचि गेल अछि। एहि तरहे बैंगनक दाम मे सेहो उल्लेखनीय बढ़ोतरी दर्ज कएल गेल अछि। ओतहि प्याज आ लहसुनक दाम मे सेहो इजाफा भेल अछि। प्याज प्रति किलो 55-60 रुपैया आ लहसुन 100-150 रुपैया प्रति किलो बिकि रहल अछि।

#### आम उपभोक्ता मे गहिर रोष, प्रशासन सं हस्तक्षेपक मांग

बाजार मे खरीदारी करबाक लेल पहुंचल स्थानीय उपभोक्ता कमलेश पांडे बेलगाम होइत महंगाइ पर गहिर असंतोष व्यक्त कएलनि। ग्राहकक कहनाइ अछि जे एक दिस दालि आ अनाजक दाम पहिने सं बेसी छल, ओतहि आब चीनी, तेल आ हरियर तरकारी दाम बढ़ला सं मासक पूरा खर्च असंतुलित भए गेल अछि। लोकक माननाइ अछि जे बुनियादी वस्तुक लगातार बढ़ैत दाम आम आदमीक जेब पर सीधा असर डालि रहल अछि।

स्थानीय नागरिक आ उपभोक्ताक दिस सं जिला प्रशासन तथा सरकार सं मांग कएल गेल अछि जे जरूरी खाद्य सामग्रीक जमाखोरी आ मनमाना मूल्यवृद्धि पर तुरत रोक लगएबाक लेल बाजार मे नियमित निगरानी आ कड़ा कदम उठाओल जाए, जाहि सं आम जनता कें बढ़ैत महंगाइस शीघ्र राहति भेटि सकय।

# बक्सर मे गंगाक जलस्तर चेतावनी बिंदु धरि पहुंचल

### रामरेखा घाटक विवाह मंडप मे घुसल पानि, जिलाधिकारी लेलनि जायजा



**बक्सर, समदिया**

बक्सर मे गंगा नदीक जलस्तर शनिदिन तेजी सं बढ़ैत चेतावनी बिंदु धरि पहुंचि गेल। केंद्रीय जल आयोगक रिपोर्टक अनुसार गंगाक पानि प्रति घंटा करीब 1 सेंटीमीटरक रफ्तार सं बढ़ि रहल अछि। वर्तमान मे जलस्तर 59.32 मीटर दर्ज कएल गेल अछि, जे बक्सर मे गंगाक चेतावनी बिंदु अछि। खतराक निशान 60.32 मीटर निर्धारित अछि। जलस्तर चेतावनी बिंदु धरि पहुंचलाक बाद तटीय आ दियारा क्षेत्र मे रहनिहार लोकक चिंता बढ़ि गेल अछि।

गंगाक बढ़ैत पानिक असर बक्सरक रामरेखा घाट पर स्पष्ट रूप सं देखाइ पड़ि रहल अछि। एतय गंगाक पानि विवाह मंडप धरि पहुंचि गेल अछि, जाहि सं घाट आसपासक लोक मे भयक माहौल अछि। एकर अतिरिक्त जिलाक चौसा, चक्की, सिमरी, बक्सर आ ब्रह्मपुर प्रखंडक तटीय क्षेत्रक ग्रामीण सेहो नदीक बढ़ैत जलस्तर कें लए चिंतित छथि। एहि क्षेत्रक कतेको गाम प्रत्येक साल बाढ़ि आ कटावक समस्या सं प्रभावित होइत अछि। एहन स्थिति मे लगातार बढ़ैत जलस्तर ग्रामीणक चिंता बढ़ा रहल अछि। जं गंगाक पानि एहि रफ्तार सं बढ़ैत रहल, तं आबै बला समय मे तटीय क्षेत्र मे बाढ़ि आ कटावक खतरा बढ़ि सकैत अछि। दियारा क्षेत्रक लोक कें अपन घर, खेत आ पशुधनक सुरक्षा कें लए विशेष चिंता अछि। ग्रामीण नदीक जलस्तर पर लगातार नजरि राखि रहल छथि। स्थिति कें देखैत जिला प्रशासन सेहो सतर्क भए गेल अछि। जिलाधिकारी साहिला शनिदिन रामरेखा घाट पहुंचि गंगाक बढ़ैत जलस्तरक जायजा लेलनि। ओ अधिकारी सभ कें संभावित बाढ़ि आ कटावक स्थिति सं निपटबाक लेल सभ तैयारी पूरा राखबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी लोक सं गंगा नदी सं दूर रहबाक आ घाट पर अनावश्यक रूप सं जाए सं बचबाक अपील सेहो कएलनि। ओ बतौलनि जे फिलहाल गंगाक पानि खतराक निशान पार नहि केने अछि। मुदा जलस्तर लगातार बढ़ि रहल अछि। प्रयागराज मे गंगाक जलस्तर मे किछु कमी आएबाक सूचना भेटल अछि। एहन स्थिति मे आशा अछि जे आबै बला समय मे बक्सर मे सेहो जलस्तर मे कमी आबि सकैत अछि। प्रशासन स्थिति पर लगातार नजरि राखि रहल अछि आ कोनो आपात स्थिति मे निपटबाक लेल तैयार अछि।

### गंगाक जलस्तर बढ़ल, दियारा किसान चिंतित, फसल बचेबाक लेल नाव सं तरकारी बाजार पहुंचा रहल

**लखीसराय, समदिया**

लखीसराय मे बड़हियाक दियारा क्षेत्र मे गंगा नदीक जलस्तर लगातार बढ़ि रहल अछि। एहि सं क्षेत्र मे बाढ़िक आशंका गहिर भए गेल अछि आ किसानक चिंता बढ़ि गेल अछि। परवल आ कद्दू जेहन फसल डूबबाक कगार पर अछि। किसान अपन तैयार फसल कें बचएबाक लेल नावक सहारा लए खेत सं तरकारी निकालि बाजार धरि पहुंचा रहल छथि। दियारा क्षेत्रक किसानक अनुसार पछिला 3 दिन सं जलस्तर लगातार बढ़ि रहल अछि, जाहि सं खेत मे पानि तेजी सं पसरि रहल अछि। जं ई बढ़ोतरी जारी रहल तं पूरा फसल डूबि सकैत अछि। एकर अतिरिक्त दियारा मे राखल पशुक सुरक्षा कें लए सेहो किसान चिंतित छथि। पानि बढ़बाक स्थिति मे पशु कें नावक माध्यम सं सुरक्षित आ ऊंच स्थान पर लए जाए पड़त। एहि बीच साओन मे गंगा स्नान लेल बड़हियाक कॉलेज गंगा घाट पर श्रद्धालुक बढ़ैत भीड़ आ गंगाक तेज बहाव कें देखैत जिला प्रशासन सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देने अछि। घाट पर एसडीआरएफक 2 बोटक संग एकटा टीम तैनात कएल गेल अछि। श्रद्धालुक सुरक्षा कें सुनिश्चित करबाक लेल घाट पर बांसक बैरिकेडिंग सेहो कएल गेल अछि। एसडीआरएफक जवान लगातार बोटक माध्यम सं विभिन्न घाट पर गश्त कए रहल छथि। ओ गंगा स्नान लेल आएल श्रद्धालु सभ सं गहीर पानि मे नहि जाएबाक अपील कए रहल छथि। टीम दिस सं घाट सभ पर लगातार निगरानी राखल जा रहल अछि, जाहि सं बढ़ैत जलस्तर आ तेज बहावक बीच कोनो अप्रिय घटना कें रोकल जा सकय।

# महानंदपुर मे लागत कंप्रेस्ड बायोगैस संयंत्र

## कचरा सं बनत हरित ऊर्जा आ जैविक खाद

**बिहारशरीफ, समदिया**

बिहारशरीफ सं निकलनिहार कचरा आब बोझ नहि, बल्कि स्वच्छ ऊर्जा आ आमदनीक माध्यम बनाओल जाएत। सदर प्रखंडक महानंदपुर मे भारत पेट्रोलियम कॉरपोरेशन लिमिटेड द्वारा कंप्रेस्ड बायोगैस संयंत्र स्थापित करबाक कवायद तेज भए गेल अछि। एहि लेल नगर निगम प्रशासन 10 एकड़ जमीन 25 वर्ष लेल 1 रुपैया प्रति एकड़ प्रति वर्षक सांकेतिक लीज दर पर उपलब्ध करएबाक तैयारी मे जुटल अछि। प्रस्तावित सीबीजी संयंत्र मे प्रतिदिन 125 सं 150 टन अलग कएल गेल गील कचराक उपयोग कएल जाएत। बीपीसीएलक प्रस्तावक अनुसार कचरा मे न्यूनतम 90



प्रतिशत जैविक सामग्री होनाइ अनिवार्य अछि। एहि कचराक प्रसंस्करण सं उच्च गुणवत्ता बला कंप्रेस्ड बायोगैस तैयार होयत, जे वाहन आ उद्योग लेल हरित ईंधनक काज करत। एकर सह-उत्पादक रूप मे जैविक खाद सेहो तैयार होयत, जाहि सं जिलाक किसान कें लाभ भेटत आ रासायनिक खाद पर निर्भरता घटत। परियोजनाक अंतर्गत बिहारशरीफ नगर निगमक अतिरिक्त आसपासक नगरपालिका आ ग्रामीण पंचायत सं सेहो गील जैविक कचरा संग्रह कए एकटा केंद्रीय स्थान धरि पहुंचाओल जाएत। जमीनक संगहि संयंत्र धरि सुगम आवागमन लेल सड़क संपर्कक सुविधा सेहो विकसित कएल जाएत। बीपीसीएल परियोजनाक व्यवहार्यता लेल 1.5 एमवीए कनेक्टेड लोडक विद्युत कनेक्शन, प्रतिदिन 30 सं 50 किलोलीटर पानिक आपूर्ति आ सभ आवश्यक वैधानिक स्वीकृतिक अपेक्षा जतौने अछि। एकरा संगहि संशोधित ह्यस्वच्छ भारत मिशन 2.0ह्ल अंतर्गत व्यवहार्यता भेद निधि (वीजीएफ) सुविधाक प्रावधान सेहो शामिल अछि। परियोजनाक सफलता लेल सब सं महत्वपूर्ण आधार घर आ प्रतिष्ठान सं निकलनिहार कचरा कें स्त्रोत परे अलग करनाइ अछि। सुख्खल आ गील कचरा मिश्रित भेला सं संयंत्रक उत्पादन क्षमता आ गैसक गुणवत्ता प्रभावित भए सकैत अछि।

### प्रार्थना काल मे 9 छात्राक बिगड़ल स्वास्थ्य,चक्कर खा कए खसल



**जमुई, समदिया**

जमुई जिलाक खैरा स्थित कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालय मे शनिदिन भोर प्रार्थनाक समय 9 छात्राक अनचोके स्वास्थ्य बिगड़ि गेल। चक्कर एलाक बाद किछु छात्रा खसि पड़ली, जाहि सं विद्यालय मे अफरा-तफरी मचि गेल। सभ छात्रा कें तुरत खैरा प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र (पीएचसी) मे भर्ती कराओल गेल। घटना भोर करीब 9:30 बजेक अछि। छात्रा प्रार्थना लेल पांत मे ठाढ़ छलि। एहि बीच किछु छात्रा कें अनचोके चक्कर आबि गेल आ ओ सभ खसि पड़ली। विद्यालयक वार्डन सोनी कुमारी कहलनि जे छात्राक स्वास्थ्य अनचोके बिगड़लाक बाद हुनका सभ कें तुरत अस्पताल लए जाएल गेल। प्रभारी चिकित्सक डॉ. अमित आनंद कहलनि जे अस्पताल मे 9 छात्रा कें इलाज लेल आनल गेल छल। छात्रा उल्टी आ लूज मोशनक शिकायत कएलनि। किछु छात्रा कें बोखार सेहो छल। चिकित्सक फूड पॉइजनिंग, डिहाइड्रेशन या बहुत बेसी गर्मी कें स्वास्थ्य बिगड़बाक संभावित कारण बतौलनि।

## विविध

# शेयर बाजार मे छोट शहरक बढ़ैत पकड़ नव निवेशक मे 36% हिस्सेदारी

देश मे शेयर बाजार आब मात्र मुंबई, दिल्ली या बेंगलुरु जेहन महानगरक कहानी नहि रहि गेल अछि। छोट आ मझौल शहरक निवेशक तेजी सं एहि दौड़ मे शामिल भए रहल छथि आ आंकड़ा एकर गवाही दैत अछि। नेशनल स्टॉक एक्सचेंज (एनएसई)क जुलाई मासक आंकड़ा अनुसार, नव निवेशक पंजीकरण मे टियर-2 आ टियर-3 शहरक हिस्सेदारी 36% धरि पहुंचि गेल अछि। अर्थात हर 100 नव निवेशक मे करीब 36 लोक छोट शहर सं जुड़ि रहल छथि।



रोचक बात ई अछि जे ई उछाल एहन समय मे देखबा मे आबि रहल अछि, जखन ईरान-अमेरिका तनाव, टैरिफ सं जुड़ल अनिश्चितता आ वैश्विक बाजार मे उतार-चढ़ाव लगातार चर्चाक विषय बनल अछि। एकर बावजूद छोट शहर सं निवेशकक लगातार बढ़ैत प्रवेश ई बतबैत अछि जे डिजिटल निवेश मंच, सहज आ सस्ता कारोबार सुविधा आ वित्तीय जागरूकता बढ़ला सं निवेशक दुनियाक दायरा बहुत पैघ भए गेल अछि। आंकड़ा अनुसार जुलाई मे भेल कुल नव निवेशक पंजीकरण मे शीर्ष-10 जिलाक हिस्सेदारी 17.5% रहल, जखनकि शीर्ष-50 जिला कें मिलाकए ई आंकड़ा 36.7% धरि पहुंचि गेल। एहि सं स्पष्ट अछि जे नव निवेशक आब मात्र किछु पैघ शहर धरि सीमित नहि छथि, बल्कि देशक कतेको हिस्सा मे तेजी सं जुड़ि रहल छथि। पैघ शहर मे दिल्ली-एनसीआर सब सं आगू रहल, जतय 70.1 हजार नव निवेशक पंजीकरण करौलनि। ई कुल नव पंजीकरणक 5.3% अछि। एकर बाद मुंबई रहल, जतय 46.2 हजार अर्थात 3.5% नव निवेशक जुड़लाह। बेंगलुरु मे ई संख्या 19.9 हजार अर्थात 1.5% रहल। अहमदाबाद मे 19.3 हजार आ सूरति मे 16.2 हजार नव पंजीकरण दर्ज भेल। एहि पांचू शीर्ष जिला कें मिलाकए देखल जाय तं देशक कुल नव निवेशक मे एहि सभक हिस्सेदारी करीब 12.9% रहल। अर्थात नव निवेशकक पैघ हिस्सा आब छोट आ मझौला शहर सं सेहो आबि रहल अछि।

मासिक आधार पर निवेशकक संख्या मे सब सं तेज उछाल गुजरातक दू पैघ शहर मे देखबा मे आएल। अहमदाबाद मे मास-दर-मास नव निवेशकक संख्या मे 49.3%क जबरदस्त बढ़ोतरी दर्ज भेल, जखनकि सूरति मे ई आंकड़ा 38.2% रहल। एकर अतिरिक्त बेंगलुरु आ जयपुर मे सेहो नीक सुधार देखल गेल, जतय बेंगलुरु मे 16.7% आ जयपुर मे 16.6%क मासिक बढ़ोतरी दर्ज भेल।

मुदा जखन एहि आंकड़ा सभ कें वार्षिक आधार पर देखल गेल तं तस्वीर किछु अलग नजरि आएल। शीर्ष-10 जिला मे सं कोनो शहर वार्षिक आधार पर सकारात्मक बढ़ोतरी दर्ज नहि करा सकल। अर्थात पछिला सालक तुलना मे एहि जिला सभ मे नव निवेशकक संख्या घटल अछि। एहि मे अहमदाबादक स्थिति सब सं नीक रहल, जतय वार्षिक गिरावट मात्र 3.4% धरि सीमित रहल। ई दोसर पैघ शहरक तुलना मे बहुत कम अछि। आंकड़ा बतबैत अछि जे भले मास-दर-मास रफ्तार तेज भेल हो, मुदा पैघ आ पुरान बाजार मे पूरा सालक हिसाब सं एखनहु किछु सुस्ती बनल अछि।

सब सं खास बात ई अछि जे निवेशकक ई बढ़ैत रुचि एहन समय मे सामने आबि रहल अछि जखन वैश्विक स्तर पर परिस्थिति सामान्य नहि अछि। ईरान-अमेरिका तनाव, अमेरिकाक टैरिफ आ वैश्विक अर्थव्यवस्था कें लए अनिश्चितताक कारण शेयर बाजार मे बहुत समय सं उतार-चढ़ाव बनल अछि। एहन माहौल मे सामान्य रूप सं निवेशक सतर्क भए जाइत छथि, मुदा एकर विपरीत छोट शहर सं जुड़निहार नव निवेशकक संख्या बढ़ि रहल अछि। ई एहि बातक संकेत अछि जे निवेशकक बाजार पर भरोसा आ खतरा लेबाक क्षमता बढ़ल अछि। विशेषज्ञक माननाइ अछि जे डिस्काउंट ब्रोकिंग मंच, मोबाइल ऐप सं सहज कारोबार, कम शुल्क बला डीमैट खाता आ सोशल मीडिया तथा यूट्यूबक माध्यम सं बढ़ैत वित्तीय शिक्षा छोट शहरक लोक लेल शेयर बाजार धरि पहुंच आसान कए देने अछि। पहिने जतय शेयर बाजार मे निवेश कें पैघ शहरक पढ़ल-लिखल आ धनी लोक सं जोड़ि कए देखल जाइत छल, आब ई सोच तेजी सं बदलि रहल अछि।

### सदिखन मीठ खयबाक इच्छा शरीरक गड़बड़ीक संकेत भए सकैत अछि, एहि संकेत सभ कें नहि अनठियाबी

खाना खयलाक बाद अक्सर लोक कें किछु मीठ खयबाक मन करैत अछि। एहि सं मन सेहो नीक रहैत अछि आ शरीर कें तुरत ऊर्जा भेटैत अछि। एहि कारण थकान या बहुत बेसी भूख लगला पर कतेको लोक कें मीठ वस्तु खयबाक इच्छा होमय लगैत अछि। मुदा जं अहां कें दिन मे बेर-बेर मीठ खयबाक मन करैत अछि आ बिना मीठ खए मन नहि मानैत अछि, तं एकरा मात्र अपन पसिन्न बुझि कए नजरअंदाज नहि करबाक चाही। बेर-बेर मीठ खयबाक इच्छाक पाछू कतेको पैघ कारण भए सकैत अछि। कखनो नींद पूरा नहि भेला सं या बहुत बेसी तनावक कारण सेहो मीठ खयबाक इच्छा बढ़ि जाइत अछि। किछु लोक मे ई शरीर मे शुगर बढ़ला सं जुड़ल परेशानीक संकेत सेहो भए सकैत अछि।

जं अहां कतेको घंटा धरि किछु नहि खाइत छी, तं शरीर कें तुरत ऊर्जा देब बला वस्तु खयबाक मन करैत अछि। एहि समय मीठ वस्तु बेसी नीक लगैत अछि। मुदा मीठ खयला सं भेटल ऊर्जा बेसी समय धरि नहि रहैत अछि। किछु समय बाद फेर भूख लागि सकैत अछि। एहि स्थिति मे बेर-बेर मिठाइ, बिस्कुट, चॉकलेट



या मीठ पेय लेला सं शरीर मे जरूरति सं बेसी कैलोरी पहुंचि सकैत अछि आ वजन बढ़बाक समस्या भए सकैत अछि। तें प्रयास करु जे बहुत बेसी समय धरि खाली पेट नहि रहु आ समय पर संतुलित भोजन करु।

कतेको बेर हम पेट भरेबाक लेल भोजन तं कए लैत छी, मुदा भोजन मे शरीर लेल जरूरी पोषक तत्व कम होइत अछि। जं भोजन मे दालि, दूध, दही, अंडा जेहन प्रोटीन बला वस्तु आ सब्जी, फल या साबुत अनाज कम अछि, तं पेट जल्दी खाली बुझा सकैत अछि। एहि स्थिति मे बेर-बेर किछु खयबाक आ खास कए मीठ खयबाक इच्छा होइत अछि। तें रोजक भोजन मे दालि, सब्जी, फल, साबुत अनाज आ अपन आवश्यकताक अनुसार प्रोटीन बला वस्तु अवश्य शामिल करु।

जं अहां रोज पर्याप्त नींद नहि लैत छी, तं एकर असर अहांक खान-पानक आदति पर सेहो पड़ि सकैत अछि। कम सुतला सं दिन भरि थकान आ कमजोरी बुझा सकैत अछि। एहि समय शरीर शीघ्र ऊर्जा देब बला वस्तु मांगि सकैत अछि आ मीठ सब सं सहज विकल्प बुझाइत अछि। जं अहां कें अक्सर मीठ खयबाक मन करैत अछि, तं अपन सुतबाक समय पर सेहो ध्यान दिअ। रोज सही समय पर सुतनाइ आ पर्याप्त नींद लेनाइ एहि आदति कें कम करबा मे सहायता कए सकैत अछि।

काजक दबाव, घरक परेशानी, उदासी या बहुत बेसी थकान भेला सं कतेको लोकक मन मीठ खयबाक करैत अछि। मीठ खयलाक बाद किछु समय लेल नीक महसूस भए सकैत अछि। एहि कारण किछु लोक तनाव मे बेर-बेर मिठाइ या चॉकलेट खय लगैत छथि। जं प्रत्येक बेर तनाव या उदासी मे अहां मीठ खाइत छी, तं धीरे-धीरे ई आदति बनि सकैत अछि।

# सीरिया मे दबदबा लेल इसराइल आ तुर्की आमने–सामने

# अमेरिकी राजदूत नेतन्याहू पर उठौलनि सवाल






**तेल अवीव, एजेंसी**

सीरिया मे अपन दबदबा कायम करबाक मुद्दा पर इसराइल आ तुर्की आमने-सामने आबि गेल अछि। तुर्की कहलक अछि जे ओ इसराइलक प्रधानमंत्री बिन्यामिन नेतन्याहूक गिरफ्तारी लेल इंटरपोल सं रेड नोटिस जारी करबाक अनुरोध करत। एहि पर नेतन्याहूक कार्यालय तुर्की आ राष्ट्रपति रेचेप तैयप अर्दोआन पर कड़ा आरोप लगौलक अछि। गाजा पर इसराइलक हमला बाद अर्दोआन नेतन्याहू कें युद्ध अपराधी कहि चुकल छथि। ओ नेतन्याहूक विरुद्ध मोकदमा चलेबाक मांग सेहो केने छथि। तुर्की शुक्रदिन फेर गाजा सं जुड़ल एक मामिला मे नेतन्याहूक गिरफ्तारीक अपील केने अछि। दुनू देशक बीच तनाव मंगलदिन तखन बेसी बढ़ि गेल, जखन तुर्की सीमाक लग स्थित सीरियाक एक सैन्य अड्डा पर इसराइली हमला भेल। सीरियाई टेलीविजनक अनुसार अबू अल-दुहूर एयरबेसक रनवे आ एकटा भंडारण केंद्र पर आठटा हवाई हमला कएल गेल। इसराइलक आरोप छल जे सीरिया एहि एयरबेस पर तुर्की सैनिक कें तैनात होयबाक अनुमति दैत अछि। सीरिया आ तुर्की दुनू एहि हमलाक लेल इसराइली सेनाक जिम्मेदार ठहरौलक। दुनू देश कहलक जे एहि तरहक हमला सं क्षेत्र मे तनाव आओर बढ़ि सकैत अछि। तुर्की मे अमेरिकाक राजदूत टॉम बराक एहि हमलाक अनावश्यक रूप सं तनाव बढ़ेबयबला डेग बतौलनि। हुनकर कहब छल जे एहि सं क्षेत्रीय स्थिरता मजबूत नहि होइत अछि। इसराइल अमेरिकाक निकट सहयोगी अछि, जखन कि तुर्की नेटोक सदस्य अछि। एहन परिस्थिति मे जं दुनू देशक बीच तनाव बढ़ैत अछि तं अमेरिका लेल खुलिकय कोनो एक पक्षक समर्थन करब कठिन भए सकैत अछि।

> **तुर्की कहलक अछि जे ओ इसराइलक प्रधानमंत्री बिन्यामिन नेतन्याहूक गिरफ्तारी लेल इंटरपोल सं रेड नोटिस जारी करबाक अनुरोध करत**

**इसराइल तुर्की सं टकरावक खतरा किएक लेलक? :** तुर्की मे अमेरिकाक राजदूत टॉम बराक इसराइली पत्रकार मारियो नवाफल सं बात मे कहलनि जे इसराइल कें गुप्त सूचना भेटल छल जे तुर्की सीरियाक एक एयरबेस पर सैन्य साजोसामान तैनात कए सकैत अछि। वॉशिंगटन एहि सूचनाक जांच कएलक आ पुष्टि भेल जे एहन कोनो तैनाती नहि भए रहल छल। बराकक अनुसार एहि आशंकाक जानकारी संबंधित पक्ष कें देल गेल छल। गुप्त सूचनाक जांचक बाद ई बुझल गेल जे मामिला कूटनीतिक माध्यम सं सुलझाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे सीरियाक विदेश मंत्री आ मोसाद प्रमुखक बीच करीब दू घंटा धरि परोक्ष बात सेहो भेल छल। मुदा एकर बादो इसराइली लड़ाकू विमान एयरबेस धरि पहुंचल आ वॉशिंगटन अथवा तुर्की कें सूचना देने बिना रनवे पर हमला कए देलक। बराक कहलनि जे एहि कारण ई मामिला सीरिया पर इसराइलक सामान्य हवाई हमला सं बेसी गंभीर बनि गेल। तुर्की अपन दिस सं विमान कें अबैत देखलक, मुदा ओकरा ई जानकारी नहि छल जे हुनकर उद्देश्य की अछि अथवा निशाना के अछि। एहि कारण तुर्की कें अपन लड़ाकू विमान सेहो उड़ेबाक स्थिति बनि सकैत छल। राजदूत बराकक अनुसार इसराइलक एहि डेगक पाछां दू संभावना भए सकैत अछि। पहिल, मोसाद, इसराइली सेना आ नेतन्याहूक कार्यालयक बीच संवाद व्यवस्था पूरा तरहें बिगड़ि गेल हो। दोसर संभावना ई जे इसराइल जानि-बुझिकय तुर्की कें उकसा रहल हो। बराक कहलनि जे हुनकर अनुमान दोसर संभावना दिस बेसी अछि। बराकक मुताबिक इसराइल चाहैत अछि जे सीरिया मे एहन सैन्य अड्डा नहि रहय, जे ईरान धरि ओकर पहुंच मे बाधा बनय। हुनकर शब्द मे सीरियाक हवाई क्षेत्र इसराइल कें ईरान पर नजरि रखबाक लेल साफ रास्ता उपलब्ध करबैत अछि।

**नेतन्याहूक गिरफ्तारी पर तुर्कीक डेग :** तुर्की कहलक अछि जे गाजा धरि मानवीय सहायता पहुंचाबय लेल प्रयासरत कार्यकर्ताक विरुद्ध भेल हमला सं जुड़ल घरेलू आपराधिक मामिला मे नेतन्याहूक गिरफ्तारी लेल इंटरपोल सं रेड नोटिस जारी करबाक अनुरोध कएल जाएत। इंटरपोलक रेड नोटिसक माध्यम सं दुनियां भरिक कानून प्रवर्तन एजेंसी कें कोनो व्यक्ति कें तकबाक आ प्रत्यर्पण अथवा अन्य कानूनी कारबाइ धरि अस्थायी रूप सं गिरफ्तार करबाक अनुरोध कएल जाइत अछि। मुदा रेड नोटिस जारी भेलाक अर्थ ई नहि अछि जे सभ देश लेल संबंधित व्यक्तिक गिरफ्तारी अनिवार्य भए जाइत अछि। तुर्कीक कानून मंत्री अकिन गुरलेक कहलनि जे नेतन्याहू आ एकटा अन्य अभियुक्तक विरुद्ध गिरफ्तारी वारंट जारी कएल गेल अछि। हुनका पर जनसंहार, मानवताक विरुद्ध अपराध आ यातना देबाक सहित कतेको आरोप अछि। ई मामिला अंतरराष्ट्रीय जलक्षेत्र मे इसराइल द्वारा 35 लोक कें निशाना बनेबाक घटना सं जुड़ल अछि। मई मे इसराइली सेनाक दिस सं गाजाक दिस जा रहल ग्लोबल सुमूद फ्लोटिलाक कम-सं-कम दूटा जहाज पर गोलीबारी कएल गेल छल। ई बेड़ा गाजा मे मानवीय सहायता पहुंचाबय लेल जा रहल छल। इसराइली समाचार पत्र हारेत्जक अनुसार एहि फ्लोटिला मे 70 सं बेसी तुर्की नागरिक शामिल छल। तुर्की कहलक अछि जे गाजा मे इसराइल कें ओकर अपराध लेल जवाबदेह बनेबाक लेल सभ कानूनी माध्यमक उपयोग कएल जाएत।

**सीरियाई सैन्य अड्डा पर हमलाक बाद बढ़ल तनाव :** मंगलदिन उत्तर-पश्चिमी सीरिया मे अबू अल-दुहूर एयरबेस पर इसराइली हमला भेल। ई हमला तखन भेल जखन तुर्कीक एक प्रतिनिधिमंडल ओतय दौरा केने छल। इसराइलक कहब छल जे सीरिया वर्तमान सुरक्षा समझौता तोड़बाक समीप पहुंचि रहल अछि, कारण ओ तुर्की सेनाक सैन्य उपस्थिति स्थापित करबाक अनुमति दए रहल अछि। प्रधानमंत्री नेतन्याहू सेहो कहलनि जे इसराइल तुर्की कें स्पष्ट रूप सं चेतौने अछि जे सीरिया मे तुर्की सैन्य मौजूदगीक विस्तार स्वीकार नहि कएल जाएत। 2024 मे बशर अल-असद कें सत्ता सं हटाओल गेलाक बाद सीरिया मे राष्ट्रपति अहमद अल-शराक सहयोगीक रूप मे तुर्कीक बढ़ैत प्रभाव सं इसराइलक चिंता बढ़ल अछि। नेटो सदस्य तुर्कीक सीरिया सं करीब 900 किलोमीटर लंबा सीमा अछि। सीरिया मे 13 वर्ष धरि चलल गृहयुद्ध मे तुर्की महत्वपूर्ण पक्ष छल। ओ असद विरोधी विद्रोही समूहक समर्थन कएलक आ कुर्द समूह कें रोकबाक लेल कतेको बेर सीरिया मे अपन सैनिक पठौलक। इसराइलक कहब अछि जे ओकरा सीरियाक नव शासकक चरमपंथी पृष्ठभूमि पर चिंता अछि।

# पानि कें हथियार जकां इस्तेमाल कए सकैत अछि भारत!




**इस्लामाबाद, एजेंसी**

सिंधु जल संधि कें रोकि देल गेलाक बाद पाकिस्तानक चिंता बढ़ि गेल अछि। पाकिस्तानक योजना मंत्री अहसान इकबालक अनुसार, सिंधु जल संधि कें रोकि रखबाक भारतक निर्णय इस्लामाबाद लेल नव चुनौती ठाढ़ कए देने अछि। हुनकर कहब अछि जे आब पाकिस्तान कें एहि आशंकाक सामना करय पड़ि सकैत अछि जे भारत पानि कें हथियार जकां इस्तेमाल करय, फसल लेल पानिक जरूरत होयत तखन आपूर्ति रोकि दय आ जखन जरूरत नहि होय तखन पानि छोड़य। एशिया सोसाइटीक

## पाकिस्तान कें किएक सता रहल अछि डर?

एकटा कार्यक्रम मे ओ कहलनि जे सिंधु जल संधि एकटा अंतरराष्ट्रीय समझौता अछि आ भारत सरकार एकतरफा रूप सं एकरा रोकि देने अछि। हुनकर अनुसार, एहि सं आधुनिक इतिहास मे पहिल बेर पानि कें हथियारक रूप मे इस्तेमाल करबाक खतरा उत्पन्न भेल अछि। आब पाकिस्तान कें डर अछि जे भारत फसिलक जरूरतक समय पानि देबा सं मना कए सकैत अछि आ जखन पाकिस्तान कें पानिक जरूरत नहि होयत, तखन पानि छोड़ि सकैत अछि। अहसान इकबाल कहलनि जे पाकिस्तान द्वारा बनाओल जा रहल बांध एहि स्थिति मे ओकरा लेल सुरक्षा कवचक काज करत। मुदा एहि समस्या कें इग्नोर नहि कएल जा सकैत अछि। पाकिस्तान एहि मामिला मे अपन पूरा कूटनीतिक शक्ति लगा रहल अछि। पहलगाम मे भेल आतंकी हमलाक बाद भारत पाकिस्तानक विरुद्ध कतेको कड़ा डेग उठौने छल। एहि क्रम मे भारत सिंधु जल संधि कें रोकि देबाक निर्णय लेने छल। एहि निर्णयक असरि कें लए कए पाकिस्तान लगातार चिंता व्यक्त करैत रहल अछि।

**पानिक प्रत्येक बूंद हमर लाल रेखा : शहबाज शरीफ :** पाकिस्तानक प्रधानमंत्री शहबाज शरीफ सेहो स्वतंत्रता दिवस सं एक दिन पहिने एहि मुद्दा कें उठौने छलाह। ओ भारत कें पाकिस्तानक पानिक आपूर्ति कें खतरा नहि पहुंचाबय लेल चेतावनी देने छलाह। हुनकर कहब छल जे जं पाकिस्तानक पानिक पहुंच खतरा मे पड़ैत अछि तं इस्लामाबाद एकर सीधा जवाब देत। एकटा कार्यक्रम मे शरीफ कहलनि जे पाकिस्तान शांति चाहैत अछि, युद्ध नहि। मुदा शांत रहबाक इच्छा कें कमजोरी नहि बुझल जाय। ओ कहलनि जे पानिक प्रत्येक बूंद हमर लाल रेखा अछि। हुनकर अनुसार, जं भारत पाकिस्तानक पानिक आपूर्ति कें खतरा पहुंचबैत अछि तं पाकिस्तान ओकर जवाब देत। संगहि ओ कहलनि जे पाकिस्तानक संप्रभुता पर कोनो खतरा भेल तं ओकरा कड़ा जवाब देल जाएत।

## अमेरिका सं भिड़ल कनाडा व्यापार वार्ता रोकलक

**टोरंटो, एजेंसी।** कनाडा अमेरिकाक संग चलि रहल व्यापार वार्ता अखन रोकि देने अछि। कनाडाक प्रधानमंत्री मार्क कार्नी कहलनि जे संवादक अंतिम चरण मे अमेरिकाक दिस सं प्रस्तावित शर्त मे कएल गेल बदलाव अनुचित आ आर्थिक रूप सं नुकसानदेह छल। कनाडाक एहि निर्णयक एक दिन पहिने अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप अमेरिकाक संग समझौता होयबाक आशा व्यक्त केने छलाह। कनाडाक फैसला सं नाराज ट्रंप आब कनाडा पर 50 प्रतिशत टैरिफ लगेबाक घोषणा केने छथि। मार्क कार्नी कहलनि जे पछिला किछु सप्ताह मे दुनू देशक बीच बातचीत मे प्रगति भेल छल, मुदा कनाडा अपन प्रमुख लक्ष्य प्राप्त करबाक स्थिति मे नहि पहुंचि सकल। कनाडाक इच्छा छल जे बेसी सं बेसी



कनाडाई कारोबार कें अमेरिकी बाजार मे शुल्क–मुक्त पहुंच भेटय आ प्रमुख उद्योग पर लगाओल अमेरिकी टैरिफ कम हो। आखरी समय मे अमेरिकाक दिस सं शर्त मे कएल गेल बदलाव संभावित समझौता पर सेहो प्रश्न ठाढ़ कए देलक। कनाडाई सरकारक अनुसार, अमेरिका करीब 28 अरब कनाडाई डॉलर मूल्यक कनाडाई सामान पर 50 प्रतिशत टैरिफ लगाबयवाला अछि। एकर जवाब मे कनाडा सेहो अमेरिकाक सामान पर समान शुल्क लगाओत। कार्नी कहलनि जे कनाडाक जवाब डॉलर–फॉर–डॉलर आधार पर होयत। कार्नी कनाडाक व्यापार वातार्कार सभ कें ओटावा लौटबाक निर्देश देने छथि। ओ कहलनि जे वातार्कार कनाडाई लोकक हितक रक्षा लेल पूरा ईमानदारी सं प्रयास केने छलाह, मुदा अमेरिकाक आखरी समयक बदलाव अनुचित आ आर्थिक रूप सं अव्यावहारिक छल।

## एनटीए केर एक आर परीक्षा अटकल

# परीक्षा केंद्र पर बिजुली गुल

**नई दिल्ली, एजेंसी**

22 अगस्त 2026 कें ऑल इंडिया आयुष पोस्टग्रेजुएशन एंट्रेंस टेस्ट परीक्षाक दौरान जयपुरक किछु छात्र कें कठिनाइ केर सामना करय पड़ल। परीक्षा चलैत काल अनचोके परीक्षा केंद्रक बिजुली गुल भए गेल, जाहि कारण 49 छात्रक परीक्षा अधूरा रहि गेल। राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी मामिलाक गंभीरता कें बुझैत तुरंत कारबाइ कएलक अछि। प्रभावित छात्र सभक राहति लेल एनटीए फेर सं परीक्षा आयोजित करबाक निर्णय लेने अछि। 22 अगस्त कें शिफ्ट-1 मे देशभरि मे ऑल इंडिया आयुष पोस्टग्रेजुएशन एंट्रेंस टेस्ट परीक्षा

## 49 छात्र फेर सं देताह परीक्षा

आयोजित भेल। एहि वर्ष कुल 36,979 उम्मीदवार पंजीकृत छलाह, जाहि मे 35,837 छात्र परीक्षा मे शामिल भेलाह। परीक्षाक लेल देशभरि मे कुल 200 केंद्र बनाओल गेल छल। एनटीए द्वारा जारी आंकड़ाक अनुसार 35,788 उम्मीदवारक परीक्षा सफलतापूर्वक संपन्न भेल। अर्थात 99 प्रतिशत सं बेसी केंद्र पर परीक्षा सुचारु रूप सं संपन्न भेल। मुदा जयपुरक एकटा केंद्र पर भेल तकनीकी खराबी सं किछु छात्रक परीक्षा प्रभावित भेल।

**जयपुरक परीक्षा केंद्र पर की भेल? :** घटना जयपुरक श्री सत्य साईं पीजी कॉलेज परीक्षा केंद्र पर भेल। एहि केंद्र पर कुल 192 छात्र परीक्षा देबाक लेल पहुंचल छलाह। परीक्षा शुरू भेलाक बाद अनचोके केंद्रक बिजुली आपूर्ति ठप भए गेल। एहि कारण कंप्यूटर सिस्टम बंद



भए गेल आ 49 छात्र अपन परीक्षा पूरा नहि कए सकलाह। एनटीए केर नोटिसक अनुसार, एहि घटनाक जिम्मेदारी परीक्षा आयोजित करयवाली एजेंसी पर अछि। एजेंसीक दिस सं पर्याप्त पावर बैकअप आ तकनीकी सहायता उपलब्ध नहि कराओल गेलाक कारण छात्र सभ कें परेशानी झेलय पड़ल।

**एक सितंबर कें होयत फेर परीक्षा :** मामिला एनटीए केर संज्ञान मे अबितहि प्रभावित छात्रक हित मे निर्णय लेल गेल। ठळअ एहि घटनाक लेल खेद व्यक्त करैत स्पष्ट कएलक जे कोनो छात्रक नोकसान नहि होमय देल जाएत। 49 प्रभावित छात्रक लेल आब 1 सितंबर कें फेर सं परीक्षा आयोजित कएल जाएत।

**नव एडमिट कार्ड होयत जारी :** प्रभावित 49 छात्रक लेल एनटीए नव अथवा संशोधित एडमिट कार्ड जारी करत। एहि एडमिट कार्ड मे परीक्षा सं जुड़ल आवश्यक दिशा-निर्देश आ परीक्षा केंद्रक पूरा जानकारी देल रहत। छात्र सभ कें सलाह देल गेल अछि जे ओ एनटीए केर आधिकारिक वेबसाइट नियमित रूप सं देखैत रहथि, जाहि सं नव एडमिट कार्ड जारी होइतहि ओकरा डाउनलोड कए सकथि।

# के छथि प्रो. माया ट्यूडर? मुख्यमंत्री रेवंत रेड्डी सं भेंट पर भाजपा भड़कल

**नई दिल्ली, एजेंसी**

तेलंगानाक मुख्यमंत्री रेवंत रेड्डी एहि समय यूरोपक दौरा पर छथि। हुनकर ई यात्रा तखन चर्चा मे आबि गेल छल, जखन सरकार हुनका अमेरिकाक यात्रा करबाक अनुमति नहि देने छल। आब यूरोपक ऑक्सफोर्ड विश्वविद्यालय मे भेल एकटा कार्यक्रम कें लए कए भाजपा सेहो नाराजगी

## माया कें भारत विरोधी कहि कए घेरलक

व्यक्त केने अछि। कार्यक्रमक दौरान रेवंत रेड्डी ब्लावत्निक स्कूल ऑफ गवर्नमेंटक संकाय सदस्य सभ सं भेंट कएलनि। एहि मे राजनीति आ लोकनीति पढ़ेनिहार प्रोफेसर माया ट्यूडर सेहो शामिल छलीह। दुनूक भेंटक तस्वीर सामने अयलाक बाद



भाजपा मुख्यमंत्री कें निशाना बनाबय शुरू कए देलक आ माया ट्यूडर कें भारत विरोधी बतौलक।

### भाजपा सांसद साझा कएलनि तस्वीर

भाजपा सांसद अरविंद धर्मपुरी सोशल मीडिया मंच एक्स पर तस्वीर साझा करैत माया ट्यूडर पर भारत विरोधी रवैया रखबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे ट्यूडर ऑक्सफोर्ड विश्वविद्यालयक ब्लावत्निक स्कूल ऑफ गवर्नमेंटक प्रोफेसर छथि आ हुनका द्वारा भारतक लोकतंत्र पर कईटा लेख लिखल गेल अछि। धर्मपुरी विशेष रूप सं 2023 मे जर्नल ऑफ डेमोक्रेसी मे प्रकाशित माया ट्यूडरक लेख भारतक लोकतंत्र किएक मरि रहल अछि केर उल्लेख कएलनि। एहि लेख मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सरकारक कार्यकालक दौरान भारतक लोकतांत्रिक संरचनाक विश्लेषण कएल गेल छल।

### के छथि माया ट्यूडर?

माया ट्यूडर ऑक्सफोर्ड विश्वविद्यालयक ब्लावत्निक स्कूल ऑफ गवर्नमेंटक राजनीति आ लोकनीतिक प्रोफेसर छथि। लोकतांत्रिक आ प्रभावकारी सरकारक निर्माणक प्रक्रिया हुनकर शोधक प्रमुख विषय अछि। हुनकर शोध मे दक्षिण एशियाक देश सभ पर विशेष ध्यान देल जाइत अछि। 2013 मे हुनकर एकटा पुस्तक द प्रॉमिस ऑफ पावरः द ओरिजिन्स ऑफ डेमोक्रेसी इन इंडिया एंड ऑटोक्रेसी इन पाकिस्तान प्रकाशित भेल छल। एहि पुस्तक मे भारत आ पाकिस्तान मे स्वतंत्रताक बाद लोकतंत्रक विकासक तुलनात्मक अध्ययन कएल गेल अछि।

### की माया ट्यूडर भारत विरोधी छथि?

माया ट्यूडर दक्षिण एशियाक लोकतांत्रिक व्यवस्था, राष्ट्रवाद आ राजनीतिक संरचनाक अध्ययन करैत रहल छथि। हुनकर शोध मे पाकिस्तानक सैन्य शासन, भारत मे सत्ताक परिवर्तन तथा दक्षिण आ दक्षिण-पूर्व एशिया मे तानाशाही, लोकतंत्र आ राष्ट्रवाद पर अध्ययन शामिल अछि। हुनकर ऑक्सफोर्ड प्रोफाइल मे राष्ट्रवाद, तानाशाही आ लोकतंत्र तथा प्रत्येक देश कें मजबूत आ समावेशी राष्ट्रवादक आवश्यकता किएक अछि सन विषय पर शोधक उल्लेख अछि। हालांकि, भारतक लोकतांत्रिक व्यवस्थाक संबंध मे हुनकर किछु लेख मे प्रधानमंत्री मोदीक सरकारक आलोचना देखबाक लेल भेटैत अछि। एहि कारण भाजपा सांसद हुनका निशाना पर लेने छथि।

# दोसर टेस्ट : मिचेल स्टार्कक घातक गेंदबाजी ऑस्ट्रेलिया बांग्लादेश कें 64 रन पर समेटलक

डार्विन मे खेलल गेल पहिल टेस्ट मे ऑस्ट्रेलिया पर ऐतिहासिक जीत दर्ज कएनिहार बांग्लादेश टीम साउथ मैके मे खेलल जा रहल दोसर टेस्टक पहिल पारी मे मात्र 64 रन पर सिमटि गेल।

शनिदिन सं साउथ मैकेक ग्रेट बैरियर रीफ एरिना मे शुरू भेल मोकाबला मे ऑस्ट्रेलिया टॉस जीति पहिने गेंदबाजी करबाक निर्णय लेल। ऑस्ट्रेलियाई गेंदबाज मिचेल स्टार्क शुरूआती किछु ओवर मे कप्तान पैट कमिंसक गेंदबाजीक निर्णय कें सही साबित कए देलनि। मिचेल स्टार्क आ दोसर ऑस्ट्रेलियाई गेंदबाजक गेंदबाजी देखैत बुझाइत छल जे ओ सभ डार्विन टेस्ट मे भेटल हारक बदला लेबाक कोशिश मे छथि। स्टार्कक गति, उछाल आ स्विंगक आगू बांग्लादेशक शीर्ष क्रम असहाय नजरि आएल। स्टार्क अपन तूफानी गेंदबाजी सं बांग्लादेशी शीर्ष क्रम कें तहस-नहस कए देलनि।

बांग्लादेश अपन शुरूआती 5 विकेट 15 रन पर गमा देने छल आ सभ विकेट स्टार्कक खाता मे गेल। मिराज 11, हसन महमूद 10, ताइजुल इस्लाम 11 आ शोरिफुल इस्लाम 14 रनक योगदान सं बांग्लादेश कोनो तरहे 50 रनक आंकड़ा पार कए सकल आ 64 रन बना सकल। चारि बल्लेबाज शून्य पर आउट भेलाह आ 7 बल्लेबाज दू अंक धरि नहि पहुंचि सकलाह। आखरी बल्लेबाज शोरिफुल इस्लाम पारीक सब सं पैघ स्कोरर रहलाह। बांग्लादेशक पारी 34 ओवर मे समाप्त भए गेल।

ऑस्ट्रेलियाक दिस सं मिचेल स्टार्क 10 ओवर मे 12 रन दए 6 विकेट लेलनि। कप्तान पैट कमिंस 10 ओवर मे 25 रन दए 3 विकेट लेलनि, जखनकि जोश हेजलवुड कें 1 विकेट भेटल। रिपोर्ट लिखल जाए धरि ऑस्ट्रेलिया अपन पहिल पारी मे 8 ओवर मे 41 रन पर 3 विकेट गमा चुकल छल। हेड 22, रेनशॉ 8 आ लाबुशेन 4 रन बना कए आउट भेलाह। स्मिथ 1 आ ग्रीन 0 रन पर नाबाद छथि। शोरिफुल इस्लाम 2 आ तस्कीन अहमद 1 विकेट लेलनि।



# इंग्लैंड पाकिस्तान कें पारी आ 103 रन सं रौंदलक, तीन दिन मे जीतलक हेडिंग्ले टेस्ट

लीड्सक हेडिंग्ले स्टेडियम मे इंग्लैंड पाकिस्तान कें पहिल टेस्ट मैच मे पारी आ 103 रन सं करारी शिकस्त दए तीन मैचक टेस्ट श्रृंखला मे 1-0क बढ़त बना लेल। मैचक तेसर दिन चायक पहिनहि पाकिस्तानक दोसर पारी 135 रन पर सिमटि गेल।

इंग्लैंड मैच मे पहिने गेंदबाजी करैत पाकिस्तान टीम कें 48.1 ओवर मे 171 रन पर समेटि देलक आ तकर बाद शानदार बल्लेबाजी करैत 409 रन बनौलनि। एहि तरहें पहिल पारीक आधार पर इंग्लैंड कें 238 रनक बढ़त भेटल।

इंग्लैंडक मजबूत गेंदबाजीक आगू मेहमान टीम दोसर पारी मे सेहो मात्र 37.3 ओवर धरि टिकि सकल आ 135 रन पर सिमटि गेल। पहिल पारी मे अपेक्षाकृत महंगा साबित भेल जोफ्रा आर्चर दोसर पारी मे शानदार वापसी कएलनि। ओ शुरूआती झटका दैत पाकिस्तानक स्कोर 13 रन पर 2 विकेट कए देलनि। एकर बाद जोश टंग लंचक बाद 3 महत्वपूर्ण विकेट लए पाकिस्तानक आशा पर पानि फेरि देलनि। ओ शान मसूद कें 29 रन पर आउट कएलनि। अजान अवैस 9 रन बना कए



आर्चरक गेंद पर लेग स्लिप मे जो रूटक हाथे कैच आउट भेलाह, जखनकि सऊद शकील 14 रन पर टंगक शिकार भेलाह। हुनका बैकवर्ड स्क्वायर पर ठाढ़ डैन लॉरेंस लपकलनि। पाकिस्तानक दिस सं मोहम्मद रिजवान सब सं बेसी 41 रन बनौलनि, मुदा गस एटकिंसन हुनका बोल्ड कए इंग्लैंड कें जीतक आरो नजदीक पहुंचा देलनि। तकर बाद मोहम्मद अब्बास 6 रन बना कए आर्चरक गेंद पर डैन लॉरेंसक हाथे कैच दए बैसलाह आ पाकिस्तानक दोसर पारीक अंत भए गेल।

इंग्लैंडक दिस सं जोफ्रा आर्चर आ जोश टंग दोसर पारी मे 3-3 विकेट लेलनि। ओली रॉबिन्सन सेहो 3 विकेट हासिल कएलनि। मैच मे रॉबिन्सन आ टंग कुल 8-8 विकेट चटकलनि। ई इंग्लैंडक पछिला 11 टेस्ट मैच मे तेसर जीत अछि। टीम आब बृहस्पति सं लॉर्ड्स मे शुरू होमय बला दोसर टेस्ट मे जीत दर्ज कए श्रृंखला अपन नाम करबाक इरादा सं उतरत। इंग्लैंड दिसंबर 2024 मे न्यूजीलैंड कंस 2-1 सं हरौलाक बाद एखन धरि कोनो टेस्ट श्रृंखला नहि जीतने अछि।

# चोटक कारण यूएस ओपन मे भाग नहि लेताह यानिक सिनर आ जैक ड्रेपर

दुनियाक नंबर 1 खेलाड़ी यानिक सिनर आ ब्रिटेनक जैक ड्रेपर चोटिक कारण यूएस ओपन मे हिस्सा नहि लए सकताह। सिनर अपन घुटनाक चोटि सं एखन धरि उबरि नहि सकल छथि। पछिला मास विंबलडन मे अपन पांचम ग्रैंड स्लैम खिताब जीतलाक बाद सं कोनो प्रतिस्पर्धी मोकाबला मे हिस्सा नहि लेनिहार इटलीक सिनर एखनहु अपन दहिना घुटनाक चोटि सं उबरि रहल छथि। मोंटे कार्लो मे अभ्यास कोर्ट पर वापस अएलाक बाद ओ निर्णय लेलनि जे ठीक होबाक लेल हुनका आरो समयक आवश्यकता अछि।



सिनर कहलनि, जखनकि हम अपन टीम आ चिकित्सकीय दलक संग कड़ा मेहनत कए रहल छी, मुदा आब हमरा सभ कें ई कठिन निर्णय लेब पड़ल अछि जे हम एहि साल यूएस ओपन मे हिस्सा नहि लए सकब। पछिला किछु दिन सं हम मोंटे कार्लो मे कोर्ट पर वापस आएल छी आ हमरा सभ कें बुझल जे हमरा अपन दहिना घुटनाक समस्या सं उबरबाक लेल एखन आरो समय चाही। हम निश्चित रूप सं बहुत दुखी आ निराश छी, कारण न्यूयॉर्क हमरा हृदयक बहुत नजदीक अछि। सिनरक ई निर्णय हुनक मुख्य प्रतिद्वंद्वी अल्काराजक ओहि घोषणा कें ठीक एक दिन बाद आएल अछि, जाहि मे ओ कलाईक चोटिक कारण चारि मास धरि बाहर रहलाक बाद फ्लशिंग मीडोज मे होमय बला प्रतियोगिता मे हिस्सा लेबाक पुष्टि केने छलाह।

दू बेरक विंबलडन चैंपियन सिनर आ अल्काराज एक बेर फेर ग्रैंड स्लैम मे एक संग खेलैत नहि देखाइ देताह। एहि सं ओहि टेनिस प्रशंसक सभ मे निराशा बढ़त, जे एहि खेलक सब सं पैघ प्रतिद्वंद्विता कें सब सं पैघ मंच पर देखबाक आशा केने छलाह।

पुरुष टेनिस मे पछिला 2 सत्र सं सिनर आ अल्काराजक दबदबा रहल अछि। दुनू खेलाड़ी 2024 आ 2025 मे मिलाकए कुल 8 ग्रैंड स्लैम खिताब जीतने छथि। पछिला सालक 4 पैघ फाइनल मे सं 3 मे दुनू खेलाड़ी शामिल छलाह आ सत्रक अंत मे एटीपी फाइनल मे सेहो खेलल छलाह। मुदा एहि साल हुनक प्रतिद्वंद्विता मे ओ तीव्रता नहि देखाइ पड़ल अछि। सिनर आ अल्काराज 2026 मे एक-दोसरक विरुद्ध मात्र एक बेर कोर्ट पर उतरने छथि। सिनर अप्रैल मे मोंटे कार्लो फाइनल मे स्पेनक खेलाड़ी कें हरा कए दुनियाक नंबर 1 खेलाड़ी रैंकिंग फेर हासिल केने छलाह। ऑस्ट्रेलियन ओपनक सेमीफाइनल मे नोवाक जोकोविच सं हारलाक कारण सिनरक सामना अल्काराज सं नहि भए सकल। तकर बाद कलाईक चोटिक कारण अल्काराज फ्रेंच ओपन आ विंबलडन मे नहि खेलि सकलाह। सिनर 2024 मे प्रतियोगिता जीतलाक बाद अपन यूएस ओपन खिताबक बचाव करबाक चाहैत छलाह।

पछिला साल ओ फाइनल मे पहुंचल छलाह, मुदा अल्काराज सं हारि गेलाह। मुदा बाद मे ओ विंबलडन मे अलेक्जेंडर ज्वेरेव कें हरा कए अपन पांचम मेजर खिताब जीतलनि। ओतहि ड्रेपर कें सेहो बहुत समय सं चलि रहल हाथक चोटिक कारण प्रतियोगिता सं बाहर रहबाक पड़ल अछि, जाहि सं हुनक सत्र बुरी तरहे प्रभावित भेल अछि।

# नेक्सो चैंपियनशिप मे शानदार ऐसक बाद शुभंकर शर्मा कट मे पहुंचलाह, युवराज संधू चूकला

शुभंकर शर्मा ने नेक्सो चैंपियनशिपक वीकेंड राउंड मे जगह बनबैत लगातार चारि कट सं चुकबाक सिलसिला समाप्त कएलनि। ओ इवन-पार दोसर राउंडक दौरान छठम होल पर शानदार होल-इन-वनक संग दिनक सब सं नीक शॉट लगौलनि। शर्मा बृहस्पति कें 73 स्कोरक संग शुरूआत केने छलाह। एकर बाद ओ 72 स्कोरक संग 36 होलक बाद वन-ओवर 145 पर पहुंचलाह आ टी-22 पर रहैत ट्रंप इंटरनेशनल गोल्फ लिंक्स मे वीकेंड राउंड मे जगह बनौलनि। दोसर भारतीय युवराज संधू (75-79) कट सं चुकि गेलाह। पहिल टी सं अपन दोसर राउंडक शुरूआत करैत शर्मा पांचम होल पर शॉट छोड़ला सं पहिने



एकटा बर्डीक संग शुरूआत कएलनि। तकर बाद पार-थ्री छठम होल पर ओ अपन राउंडक सब सं खास प्रदर्शन कएलनि। एकर बाद भारतीय खेलाड़ी 12म आ 13म होल पर बर्डी बनौलनि, मुदा नवम, 11म, 15म आ 16म होल पर बोगीक कारण ओ रुकि गेलाह। आखिर मे ओ लेवल-पार 72 लेल साइन कएलनि। ई ऐस शर्मा लेल विशेष रूप सं महत्वपूर्ण छल, जे डीपी वर्ल्ड टूर पर कठिन दौर सं गुजरि रहल छथि। वीकेंड मे ई प्रदर्शन दू बेरक डीपी वर्ल्ड टूर विजेता कें लय बनएबाक आ आखरी 36 होल मे लीडरबोर्ड पर ऊपर चढ़बाक अवसर दैत अछि। शीर्ष पर इंग्लैंडक मैथ्यू साउथगेट वीकेंड मे 1 स्ट्रोकक बढ़त लए लेलनि। लगातार दोसर टू-अंडर 70 स्कोरक बदौलत ओ टूनार्मेंट मे फोर-अंडर पर पहुंचि गेलाह। साउथगेट, जे दिनक शुरूआत लीड सं 3 शॉटक पछाति केने छलाह, एबरडीनशायरक कठिन आ हबादार परिस्थिति मे अनुशासित राउंडक संग सामना कएलनि। ओ 17म होल पर बर्डी बनौलनि, मुदा छठम होल पर दिनक अपन एकमात्र शॉट गमौलनि।




## लुसाने डायमंड लीग

# 88.05 मीटर थ्रो सं दोसर स्थान पर रहलाह नीरज श्रीलंकाक रुमेश कें भेटल खिताब

भारतीय स्टार भाला फेंक खेलाड़ी नीरज चोपड़ाक लुसाने डायमंड लीग 2026 मे शानदार प्रदर्शन देखबा मे आएल। नीरज एहि सत्रक अपन सब सं नीक थ्रो कएलनि, मुदा एकर बावजूद ओ दोसर स्थान पर रहलाह। श्रीलंकाक रुमेश थरंगा पथिरागे 88.14 मीटरक थ्रो सं खिताब अपन नाम कएलनि। ओतहि ग्रेनाडाक एंडरसन पीटर्स 86.69 मीटरक थ्रो सं तेसर स्थान पर रहलाह। नीरज चोपड़ाक लेल मोकाबलाक शुरूआत किछु खास नहि रहल आ ओ अपन पहिल प्रयास मे 83.54 मीटरक थ्रो कए सकलाह। ओतहि श्रीलंकाक रुमेश थरंगा पथिरागे पहिल प्रयास मे भाला कें 85.99 मीटर दूर फेंकि पहिल स्थान पर पहुंचि गेलाह। मुदा दोसर प्रयास मे नीरज जबरदस्त वापसी करैत 88.05 मीटरक थ्रो सं पहिल स्थान हासिल कएलनि। ई एहि सत्र मे हुनक सब सं नीक थ्रो रहल। ओतहि रुमेश दोसर प्रयास मे 87.06 मीटरक थ्रो कए सकलाह। भारतीय एथलीटक तेसर प्रयास उम्मीदक अनुरूप नहि रहल आ ओ 83.72 मीटरक थ्रो कएलनि। मुदा श्रीलंकाई खेलाड़ी रुमेश तेसर प्रयास मे 88.14 मीटरक थ्रो करैत फेर पहिल स्थान पर पहुंचि गेलाह। नीरज अपन चारिम प्रयास मे फाउल कए बैसलाह, जखनकि रुमेशक थ्रो सेहो बेसी दूरी धरि नहि पहुंचि सकल। नीरज अपन पांचम प्रयास मे थ्रो नहि कएलनि, जखनकि छठम प्रयास मे ओ मात्र 82.15 मीटरक थ्रो कए सकलाह। ओतहि रुमेश अपन पांचम आ छठम प्रयास मे फाउल कए बैसलाह। मुदा रुमेशक तेसर थ्रो हुनका लेल निर्णायक साबित भेल। एकर पहिने नीरज चोपड़ा स्कॉटलैंडक ग्लासगो मे भेल कॉमनवेल्थ गेम्स 2026 मे 85.83 मीटरक थ्रो सं सिल्वर मेडल अपन नाम केने छलाह। मुदा एहि प्रतियोगिता मे सेहो नीरज अपन सर्वश्रेष्ठ फॉर्म मे नहि देखाइ पड़ल छलाह। नीरज मानने छलाह जे चोटि सं वापसी करबाक कारण हुनक प्रदर्शन मे गिरावट आएल अछि। ओतहि कॉमनवेल्थ गेम्स 2026 मे श्रीलंकाक रुमेश 89.75 मीटरक थ्रो सं गोल्ड मेडल पर कब्जा केने छलाह।




**श्रीलंकाक रुमेश थरंगा पथिरागे पहिल प्रयास मे भाला कें 85.99 मीटर दूर फेंकि पहिल स्थान पर पहुंचि**

वर्ष 16, अंक 341 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053